Senajan ora tau dolan, yo aku iso mbatik iso gamelan iso nembang.	101
Sing penting ngugemi adat lan totocoro sikep. Ngugemine opo wae?	102
Yo toto coro pitutur lan totocoro perilaku, pantangan-pantangan sing	103
tak sebut mau koyo jrengki sreji sampe bedok colong nemu wae ojo	104
dilakoni. Koyo jaman saiki, cah wedok-wedok akeh sing do	105

	celononan, nek teng sedulur sikep nek metu yo kudu nggo rok dowo	106
	niku salah sijine yo isih jogo adat.	107
	Babagan catetan pitutur sing disampeke ning anak putu kui ora ono	108
	catetan, dadi kawit jaman aku isih timur karo bapak ibukku sehari	109
	hari kui yo di pituturi terus. Siji mahamno babagan gawean koyo	120
	kosek beras kosek jagung. Nek wis wayah santai opo longgar, iku	121
	bapakku selalu nuturi raoleh ngene, coro nyandange wong sikep iku	122
	piye.. iku selalu ditandurke kawit cilik mbak. Sak ilinge wong tua,	123
	mesti dipituturi ning anake nek ono wektu jagong. Misale aku arep	124
	ning sawah, ngko wongtuoku pesen ning aku “nduk mengko masak	125
	sego, mengko nyapu , resik-resik omah” lha bocah kui yen ora di	126
	pituturi ngono kui mesti ndueweni roso sing beedo, koyo kepengen	127
	dolan kepengen ngenelah ngono lah. Dadi masak, ngko nek wis bar	128
	kabeh lagi oleh dolan.. dadi ben ndueweni tanggungjawab sing kudu	129
	dilakoni. Terus ojo do menengan karo dulure , ikuwis dadi pitutur.	130
	Karo sedulur kui yo kudu akur.. makane wong tuo yo mituturi terus,	131
	ben karo sedulure dewe misal ora rembugan banter, pendapatate bedo	132
	lanliya-liyane, lha iki kabeh ora ditulis. Dadi kawit cilik wis manut..	133
	aku nek lungo mbelo kendeng nganti 3 dino ora mantuk, kui anakku	134
	ning omah wis paham. Malah anakku sing ning omah nek aku lagi	135
	demo mbelo kendeng, kui do prihatin do poso lan dongakne ibuke	136
	lagi berjuang.	137
	Jane anakku ki yo kawit cilik wis tak ajak berjuang, tak ajak wira	138
	wiri.	139
	Nek masalah prihatin, masalah poso kui ya tergantung gegayuhan e..	140
	tergantun opo sing dituju. Koyo poso mbelo kendeng, kadang yo ono	141
	poso weton.	142
P	lha teng ajaran laku sikep niku, keyakinan utowo ketuhanan sing diajarke kalih mbah Samin niku nopo?	
S	keyakinan yo? Keyakinan ning Tuhan berarti? Nek keyaninan yo	143
	ndue agama. Iku kan masuk ning babagan kepercayaan utowo	144

	ketuhanan. Lha masalah iku masuk pribadi.. maksudku ngene,	145
	keyakinan iku kan masuke ning roso ning atine dewe-dewe. Lha	146
	wong sikep iku yo ndue agomo. Ngopo kok aku ngomong ning atine	147
	dewe-dewe? Yomergo ning sikep, laku kui sing penting. Mergo opo	148
	sing dadi pitutur lan tindak laku kui bakale balik ning awake dewe-	149
	dewe. Tergantung atine kepiye..	150
	Pieyo.. koe ngomong tuhan, lak sing iso ngrasakne onone tuhan ning	151
	atimu kan koe deweto? Roso kui manggon ning atimu, lha dulur sikep	152
	yo ngono.. nek kon jelaske bentuke kepiye , aku raiso jelasno kan?	153
	Isone mung iso dirasakne ning atine dewe-dewe.	154
P	lha nek ajarane niku sampun nyebar teng pundi mawon bu?	
S	akeh mbak anak turun sikeпки.. yo salah sijine ono ning Sukolilo iki.	155
	Ning Blora ya ono, mergo tempat lahire mbah Samin ning kono.. ning	156
	ikulo, ngendi jenenge.. ning plosu kedhiren Randubelatung. Ono sing	157
	ning Bojonegoro, ono sing ning Rembang, ning Kudus yoono.. sing	158
	wingi koe rono kui to, lha iku deso kaliyoso. Yo mergo mbah Samin	159
	iku kan mbiene terkenal ning kalangan tani, lha tani-tani soko liyo	160
	daerah do dadi muride mbah Samin. Pas mbah Samin dicekel londo,	161
	muride iki mau do nyebar ning berbagai daerah.	162
P	jenengan pernah mbotenbu, keluar nopo pindah saking lingkungan sikep?	
S	Aku dewe kawit cilik wis ning kene mbak. Ora pernah pindah-pindah	163
	opo metu soko lingkungane dulur sikep kui urung pernah. Ngene..	164
	mungkin nek kerjoyo pernah, paling ning liyo desa kui pun tani mung	165
	tandur. Tapi wong lanang yo kadang kala ono kerjo bangunan, tapi yo	166
	mung samben.. nek koyo ngeneki kan durung terlalu sibuk ning	167
	sawah, lha sing lanang nek oleh kerjaan ting luar deso nggih purun.	168
	Sing ning jakarta yo ono, tapi tetep ora kowar kawering kaweruh, kan	169
	nek ning luar lingkungan sikep iku wonge bedo-bedo. Sing penting	170
	isih ngugemi ajaran-ajarane totocoro sikep opo sing dilakoni ning	171
	keneyo kudu dilakoni ning kono. iki rukunanku yo lagi nung jogja,	

	ono pak dosen kono, mbiyeno pernah rene. Dadi yo sambung raket	172
	seduluran, iki wis arep sesasi durung balik. Ora opo-opo kerjo ning	173
	adoh, sing penting iso ngati ngati dewe..	174
P	Lha gadah sedulur teng luar lingkungan sikep mbotenbu?	
S	Akeh koncone. Mergo yowis dianggep sedulur, dadi yo tak arani	175
	sedulur. Bab kendeng iku yo ora mung dulur sikep, luar sikepyookeh.	176
	Mergo berjuang bareng , malah akeh dadi dulur. Ayo bareng-bareng	177
	dobelani ibu bumi, ayo bareng lindungi lingkungan dewe-dewe.	178
	Koncone yo akeh... daerah soko ngendi-ngendi. Ono tambakromo,	170
	larangan, maitan ki akeh. Soale nek belo lingkungan kan kanggo luas	171
	kan, ora mung kanggo pribadine dulur sikep.	172
	Berjuang kan yo ora mung ning kene, yo ning semarang yo ning	173
	jakarta. Koyo pabrik semen iku kan sing ndue saham sebagian kan	174
	wong jerman , lhayoono wong jerman sing rene soko melu mbelo	175
	kendeng. Kan nggih dulur sikep raiso bahasa jerman, dadi yoono sing	176
	nerjemahno..	177
P	Nek kalih perubahan jaman bu, mengikuti nopomboten?	
S	Yo nek aku sih ngene, wis sesuai kebutuhan wae.. aku yo ndue HP,	178
	tapi butuhku opo? Butuhe yo ben iso telfon. Dadi yo menurutku	179
	penting.. sing iso ngontrol kan yo sing nduwe, HP arep di gawe apik	180
	utowo ora apik ikuyo tergantung awake dewe. HP iku kan sesuai	181
	keperluan, lha kari HP iku mbok gawe opo.. Yo nek aku, kemajuan	182
	jaman kui ga mempengaruhi elek.. misal tv, soal e tv kui kan yo ono	183
	sing nilai positif e. Kan yo ono berita lanono opo.. tviku kan yo	184
	siarane macem-macem. Opo sing metu ning tvyowis, sekedar nonton.	185
	Ora mempengaruhi..	186
	Nek babagan nyandang ngganggo kui kan, apik o koyo opo nek ancen	187
	ora nggon-nggonane wong sikep, yo ora kepengen.	188
	Yo kui pr kanggo wong tuo.. wong sikep kui yo ono sing bantah ki yo	189
	ono, tapi tetep bedo. Soale kan dolanan e isih karo dulur-dulure	190
	sikep. Mungkin yo ora terus kepengaruh ngono ora.. mengko karo	191

	wong tuane ya dituturi meneh, nek bantah kui ora apik..	192
P	Gadah sosial media bu?	
S	Sosial media ki opo? Koyo <i>Whatsapp</i> ngono kui? Nek kui aku butuh, nek liyane aku ga butuh..	193 194
	misal yo mbak, sawah ku ben cepet garape ya nggo traktor. Yo nek nganggo coro mbien mesti kan yo butuh waktu luwih suwe. Lha perubahan jaman iki nek kanggo apik utowo hal positif iku yo ora opo-opo. Terus tuku motor, wong saiki kan butuh motor yo ora? Lha tuku motor bayar listrik kiyo butuh KTP. Dulur sikep iku, gawe KTP yen butuh.. yo koyo butuh nggo tuku motor karo listrik. Dadi nek durung butuh yo durung gawe KTP.	195 196 197 198 199 200 201
P	Berarti sampun ngikuti aturan pemerintah nggih bu? Kados bayar pajak lanliya-liyane?	
S	Nek babagan pajak karo KTP mulai bayar ning pemerintah tahun piroiku lali, tapi nek jare mbah-mbahku kui ket Indonesia merdeka wis mulai bayar. Nek KTP yo kui mau, sesuai kebutuhan.. nek jaman mbien kan mbah-mbah kudo ora nduwe KTP, mergoyo urung ono motor. Tapi kan saiki ono program pemerintah, dadi yo opo sing dilakoni ora bedo. sing butuh KTP yo do gawe.. tur maneh perangkat desa kene yowis do memahami. Uwis do paham..	202 203 204 205 206 207 208
P	ngoten nggih bu, jenengan nek menilai kehidupane jenengan kados pribun bu?	
S	kehidupan opo mbak? Kehidupan iku kan akeh.. menungso kui yo kehidupan, lingkungan kui kehidupan, kewanyo kehidupan.. kehidupan ki luas. Nek aku menilai kehidupanku yo ngeneki. Urip sesuai toto coro sikep, sehat kewarasan, pengen nglakoni opo yo dilakoni asal kui apik. Lah iyo to? Wong sikep iku ya mbak, wonge ki simpel.. sing sederhana wae. Dadi arep piye kehidupanku yo ngeneki, urip sederhana lan bersyukur karo opo sing wis dilakoni. Yo ora nduweni roso pengen sing aneh-aneh dulur sikep ki.	209 210 211 212 213 214 215 216
P	Lingkungan niku kan nggih kehidupan nggihbu, kados pribun	

	sih jenengan menghargai lingkungan sekitare jenengan?	
S	babagan menghargai lingkungan yo mbak, lingkungan kan yo luas..	217
	misal nglestarike lingkungan. Dulur sikepiku mati-matian olehe	218
	berjuang kanggo mbelo gunung kendeng mbak. Mergone yo opo..	219
	lingkungan iku kan sing ngewenehi menungso kehidupan. Nek	220
	alameiki rusak, terus opo sing arep ditingalno ning anak putu? Podo-	221
	podo mahkluke gusti kui kudu saling menghargai. Tonggo teparo yo	222
	lingkungan sekitar, nek lingkupku iki samping-samping omah kui ki	223
	isih sedulur ku kabeh. Lha sedulur sikep iku sing udu dulare wae	234
	didaku sedulur, opo meneh sedulur dewe.. yo kudu akur lan kudu	235
	saling bantu..	236
P	nek sampun ngoten nggih bu, jenengan mampu mboten	
	ngerasakne lan menikmati, mpun ngroso puas kaleh kehidupane	
S	jenengan selama niki?	
	loh yo mbak, urip iku kudu dijalani.. aku yo menikmati uripku. Yo	237
	koyo sing tak omong mau loh mbak, urip iku kudu bersyukur. Yen	238
	awake dewe ora nyawang wong liyo, misal ora meri karo opo sing di	239
	nduweni wong liyo.. kui awake dewe dadi beryukur. Mergo nyawang	240
	awake dewe sing isih dikei sehat, isih iso nglakoni kebecikan. Dadi	241
	opo wae sing tak lakoni yo aku ngerasakne. Kepuasan iku kan	242
	babagan nduweni roso seneng ya.. terutama keluargamu do sehat	243
	kewarasan, pengen opo wae awake kan waras kui wisseneng. Mergo	244
	tujuane wis ning nggone keapikan. Seneng kui yo bedo-bedo, misal	245
	aku seneng mbelo kendeng, aku seneng peduli lingkungan, aku	246
	seneng tani. Seneng iku akeh dan aku puas karo kesenangan kui.. jajal	247
	koe.. nek koe bar nglakoni kebecikan utowo hal apik? Ngeroso puas	248
	ora? Mesti bedo to rasane.. lha makane kui dulur sikep selalu	249
	nanemke yen kudu tumindak lan nduweni pitutur sing apik. Kabeh	250
	kui balik ning awake dewe-dewe mbak. Nek awake dewe nglakoni	251
	hal sing apik, yo koe bakal iso menikmati. tapi nek koe nglakoni hal	252
	sing wis kelewat batasan-batasan, yo mengko bakale balik ning	253

	awakmu dewe. Wis ancene ngono..	254
P	bu, jenengan kan mestine sampun mendet keputusan berkali-kali nggih.. sebesar nopo sih tanggungjawabe jenengan kalih keputusan sing sampun di pundut?	
S	yen bab jupuk keputusan iku yo mestine terus yo mbak, wong jenenge urip iku ora adoh karo opo sing diputusne. Yo nek aku ditakoni piye tanggungjawabe , yo mesti netanggungjawab. Apik elek keputusan sing wis dijupuk, yo kudu iso nerimo opo resikone. Koyo wingi mbak, aku tandur brambang terus gagal panen.. yowis ora opo-opo. Wong aku wis mutusne yen sawahku tak tanduri brambang. Yo aku ora kapok mbak, wisora opo-opo.	255 256 257 258 259 260 261
P	Hal penting sing wonten teng kehidupane jenengan nopo bu?	
S	Babagan opo sing tak pentingne ning urip, nek bagine aku sing dadi bagian dulur sikep opo sing pentingne kui yo kudu terus nglakoni kebecikan, apik orane ora mung nggoa wake dewe, tapi nggo kabeh dulur sikep.	262 263 264 265
P	Tentang kehidupan nggih bu, gadah mboten sih tujuan hidup sing dipengeni nopo sing di nduweni?	
S	Tujuanku yo mbak... koyo sing tak omong mau. Aku dikei sehat waras, aku nek wis sehat kan arep nglakoni opo wae kan iso. Lha tujuanku khusus iku yo iso tumindak apik. Wis lah, nglakoni sing becik marang sepodo, manfaat kanggo wong liyo lan kanggo ibu bumi. Tujuanku yo mung kui, tetep kenceng nyekel utowo ngugemi ajarane mbah Samin.	266 267 268 269 270 271
P	Bu, nek seandainya wonten sesuatu sing ngalang-ngalangi kepengenan utawi karepe jenengan. Jenengan pripun?	
S	ngene mbak.. opo sing dikarepiku kan ora seteruse keturutan utowo lancar-lancar wae. Koyo mau, piye nek pas tandur kok pupuke langka opo larang.. yo uwis , ora usah sambat. Golek solusi piye carane tetep oleh pupuk, lha ayo bareng-bareng gawe pupuk organik. Kan hasile malah luwih apik.. dulur sikep kui ra pernah ambil pusing mbak, yo	272 273 274 275 276

	misal ono sing ngalang-ngalangi ono kendala yo piye carane golek jalan keluar, golek sulosi.	277 278
P	ndek wau kan tentang kehidupan nggih, nek pandangane jenengan tentang kematian kadosripun?	
S	Kematian iku nek ning dulur sikep arane salin sandang, koyo iki mau aku bar soko omah e sing salin sandang, bocahe isih cilik sing salin sandhang. Upomo wong nek wis raono uripe, yo golek wadah sing anyar meneh. Dadi golek sandangan liyo. Sandangane wis bedo.. mulane wong sing diarani salin sandhangiku wong sing wis meninggal. Lhaiku mau , nek ning ndonya pitutur lan tindak laku ne apik, ya kui nggo sangu nek awake dewe salin sandhang. Perilaku apik yobakale ngunduhe apik, ngonoyo sak walike.	279 280 281 282 283 284 285 286
P	bu, sedulur sikepniku kan angsal penilaian negatif nggih saking masyarakat luas. Kados tukang bangkang, tukang ngeyelan.. tanggepane jenengan pripun nek kados niku?	
S	Babagan iku yo.. iku kan wis sue , tapi aku di arani yo ora opo-opo. Kari sak butuhe sing arep ngarani kepiye. Mergo ngene, jaman mbien naliko londo jajah indonesia, dulur sikep iku diarani samin. Mergo wong nomer siji dulur sikep iku yo mbah samin surosentiko. Dadi anak putune diarani wong samin. Padahal samin iku aran wong, mbah samin ncen emoh bayar pajek iku kan kanggo wong akehh. Lha kok iso kanggo wong okeh? Iku kan jajahan londo, mergo gak bayar pajek dadi diarani wong sing bangkang utowo sengak. Tapi naliko indonesia merdeka, dulur sikep yowis manut karo pemerintah yo bayar pajek. Tapi nganti saiki aran-arane mbien yo isih di utik-utik, yo aku ora opo-opo. Ngenelo.. yo mungkin iyo dulur sikep kui mbangkang, jaman mbien nek dulur sikep kon jogo ronda iku ora gelem. Mergo lingkungane dewe wis di jogodewe-dewe, mergo yoo raono sing jenenge bedok colong iku raono. Kabeh wong iku nek ning dulur sikep di daku sedulur nek gelem di daku sedulur, dadi yo oraono padangan ning wong liyo nek iku udu dulur ku ngono kui ora	287 289 290 291 292 293 294 295 296 297 298 299 300 301 302 303

	ono.	304
--	------	-----

Informan C

Nama (Inisial) : T

Usia : -

Pendidikan : -

Transkrip Natural

P	namine sinten bu?	
T	Aku T mbak	1
P	Putrane pinten bu?	
T	Anakku siji, wedok.	2
	nek mbahe iki anake 8, aku sing ragil. Dulur-dulur ki lanang kabeh	3
	mbak, aku sing wedokdewe.	4
P	Putrane sekolah bu?	
T	nek sekolah ya ning pondokan e dewe karo mboke pake. Nek toto	5
	corone tiyang mriki niku nggih, sekolahe ning pondokane dewe. Nek	6
	teng pondokane dewe iku kan diajari emoh jrengki, srei, panesten	7
	dahwen ngoten teng sedulur sikep ki. Aku ndek cilik pernah takon	8
	karo bapakku , aku takon “ loh pak koncoku do sekolah aku kok ora	9
	disekolahke ngono kui?” bapakku mung ngomong nek kui udu	10
	totocoro mu yo nduk.. ngoten. Totocoromu kui yo ning pondakane	11
	dewe, dituturi mboke pake kudu ngandel.	12
P	lha nek padangane jenengan kangge sing sekolah formal niku pripun bu?	
T	yo ora opo-opo. Jajal aku takon, koe nek ra sekolah iso ora? Tatanane	13
	dulur sikep karo awakmu bedo mbak. Dan kui ora opo-opo.. bedo kui	14
	ora opo-opo. mbah Surondiko ngajarne bedo-bedo kui yo isih sedulur	15
	yen gelem didaku sedulur. sekolah iku kan tujuane apik, yo selagi kui	16
	apik kan ora ngrugike wong liyo. Ngene yo mbak.. ngopo mbah	17

	Surondiko kok ora ngolehi sekolah, mergo wong nek wis sekolah kui ora ono puase. Rasane koyo ono sing kurang-kurang terus, marakne wong kui malah ora bersyukur.. yo ngapuntene, aku ngomong ngene bukan berarti sing sekolah ki wonge ngono yo ora. Pinter nek nggo minteri wong kan yo muspro..dadi yo mbak, dulur sikep iku nek ngajari anak ning pondokan iku yo lewat pitutur mbak, makane wong sikep nek babagan buku kui ora kanggo.. yo sekolahe coro pangerten , yen bar dituturi wong tuone kui kudune diiling-iling terus.	18 19 20 21 22 23 24 25
	Eee kadang nek bar surup anak do ngumpul kabeh bar mangan, terus dituturi bapake. Jenenge pitutur ning anak ki yo jane ora bedo karo awakmu.	26 27 28
P	Kan mboten sekolah nggihbu, tapi nek tentang kemajuan jaman niku sampun nerima dereng?	
T	Misale opo? Koyo HP ngono kui?	29
	lha kui mbak, HP kui barang cilik tapi pengaruhhe yo gede. Nek TV ket aku cilik iku wis ono, HP kan durung ono. Dadi nek bapak ibuku nuturi aku yo ngandel.. lha saiki aku nuturi anakku yo bedo, tantangan bedo mbak.. yoo walaupun dulur sikep ki wis do nganggo HP, motor lan liya-liyane.. sing penting iku ajarane soko mbah Surondiko tetep di tuturke ning anak-anake. Ngene yo mbak, ora kabeh dulur sikep kui apik.. kadang yo ono sing mbanggal , angel tuturane yo ono. Tapi yo wong tuone ora menyerah kanggo nuturi anak-anake mbak. Koyo HP kui mau, nek tak kei HP yo ora apik nek ora kok yo mesakne.. aku dewe ki ora nganggo HP mbak, dadi yo orangerti. Nek aku mbien nonton TV, yo ora terpengaruh negatif. Nonton TV yo uwis nonton bar, soale aku yo ora mudeng sing dibahas kui mau opo.. tapi saiki kan akih, ono TikTok, ono permainan. Durung mengko nek do dolan ngono kae, balik-balik wadul wongtuone “mak e aku mau ngerti apik, aku pengen” lha aku yo nuturi nek kui dudu totocorone awake dewe yo nduk.. sing penting wong tuo iku ora kesel kanggo ngei pitutur ning anak.	30 31 32 33 34 35 36 37 38 39 40 41 42 43 44 45 46

P	Nopo wonten sedulure sing mboten teng Sukolilo mriki?	
T	nek sing mas-mas kuki ya isih ning kene mbak, iki sak lingkup isih sedulur ku kabeh. Samping kui ya nggone masku, ngarep iki ya isih nggone masku. Iku nek sing isih sak tunggale. Nek sedulur pododulur sikepe yo akeh mbak, ning kene mbombong ono, nek galiran ono, kaliyoso Kudus yo ono. Iku sing isih daerah cedak kene.. akeh mbak dulur sikepki, ning ndi yoo jenenge Jawa Timur kono yo ono. Yo wingi Maret do ngumpul sesrawungan ning Ploso Kedhiren kae memperingati 1 abad mbah Surondiko. Mergo ngene mbak, mbah Surondiko iku ngajari nek kabeh menungso iku sedulur.. dadi yo sing jenenge rakete peseduluran kui ojo nganti pedot. Nek iso yo tetep sesrawungan.	47 48 49 50 51 52 53 54 55 56 57
P	Niku do ndamel tas kertas ngoten niku mundute saking pundi bu?	
T	Kui garape nek pas ngeneki tok mbak. Yo nggo sampingan.. serabutan. Sedulur sikep iku yo kerjaane serabutan mbak. Yo jenenge wong ono sing sedengan, ono sing mampu.. nek gaweane mbendino iku yo tani. Nek ngeneki kan durung wayah ning sawah, yo kadang diajaki sambatan ning sawahe dulur liyane, kadang yo tekan kaliyoso kono mengko sore mulih. Nek tas kertas iki jipuk soko pabrik, sak olehe nggo ngisi waktu soale urung wayah tandur. Iki koyone wis mulai sambatan to mbak? Mau melu ora ning sawah? Sambatan ngono kui mengko yo gantian, nggone dulur liyane sing tandur. Koyo misal awakmu wis mulai tandur, terus njaluk tulung aku ngajak sambatan. Suk nek aku tandur, awakmu yo genti sambatan ning aku. Ngono kui soko musim tandur tekan panen mbak.. yo ora ono upah, kecuali mengko nek di jaluki tulung wong njobo kui lagi dibayar. Dadi yo kerjaane tani mbak.. mergo mbah Surondiko pesen yen anak putune ora oleh dagang kulak. Yo dadine ora ono sing dadi pedagang.. mbahe ki pesen , yo oleh dagang kulak tapi yen tukumu 1000 yo kudu mbok dol 900, di dol 1100 yo ora oleh.	58 59 60 61 62 63 64 65 66 67 68 69 70 71 72 73 74

P	oalah ngoten nggih bu, lha ajarane mbah Samin niku wonten nopo mawon sak liyane mboten angsal sekolah kalih dagang?	
T	Nomer siji yo nek wong tuo ngeneki, yo di penging nglakoni jrengki, sreji, dahwen, panesten, kemeren, bedog, colong, pethil, jumpit, sampe nemu wae dipenging. Yo pituturan sing ngono kui sing pertama.. jrengki ki nakal , sreji kui meri, panesten iku raoleh cepet nesu, dahwen kui nuduh raono buktine utowo ora weruh dewe, kemeren iku yo podo koyo meri, yo ibarate wong kui sing semampune lah.. totocorone wong sikep iku kon sederhana dadi yo ora usah meri yen kancane ndue barang apik. Kadang nek sing diarani nemu emoh kui nek seandaine ning dalam kok eh nemu duit kui yo ojo dijupuk, terus kok lewat omahe wong ono tanduran pelem kok mbok pethil kui yo ora oleh. Tapi nek koe ndue tanduran ko di pethil karo wong kui rapopo, tapi koe ojo nganti pethil nggone wong nek ora ngomong karo sing nduwe. Kui ajaran paling pertama ning sedulur sikep..asline akh ajarane, kabeh diajari. Nek ora diajari ket cilik bocah-bocah ra bakal ngerti.. yo koyo aku diajari bapak ibuku. Yo benere wong sikep, kadang yo ono sing bangkang juga.. ora kok terus kabeh apik ki ya ora, kabeh yo ono kurang luwihe. yo kari sing ndi sing iso nglakoni ajaran-ajaran pitutur soko wong tuone. Nek iso nglakoni yo apik, ning nek raiso nglakoni ya wong tuo berusaha terus.. ben piye ngandel iso nglakoni apik. Kadang yoono sing rodo angel dikandani, jeneng e wong kingene mbak.. sak liyane dulur sikep kok dikandani wong tuo ono sing bangkang, mesti kan tetep wae ono sing apik. Podo wae mbak..	75 76 77 78 79 80 81 82 83 84 85 86 87 88 89 90 91 92 93 94 95 96 97
P	ajaran sikep niku kan ajaran kebatinan nggih, lha keyakinan dulur sikep niku nopo sih?	
T	Yo coro koyo awake dewe yo, yo nek agamane wong sikepki adam. kepercayaan iku.. adam iku kan wong pertama sing ono ning ndonyo.. dadi mbah Surondiko iku pesen yen kabeh iku isih anak turune adam, dadi yo kabeh iku wis dianggep dadi sedulur.	98 99 100 101

	yo pokoke dituturi soko mbahe , bapak utowo ibuke. Sing penting	102
	bener tumindake , mantab mantep kabeh apik angger do rukun.	103
	Ibadah yo ning pondokane dewe-dewe	104
P	nek tentang lingkungan sekitar, priipun carane jenengan menghargai lingkungan sekitar?	
T	Dadi menungso iku kan kudu saling menghargai yo mbak yo.. ora	105
	ngreno liyan lan ojo seneng memungsuhan, kudu tresno pepadane	106
	urip. Kudu saling menyayangi, saling bantu, gotong royong.	107
	Lingkungan iku yo akeh mbak, lingkungan alam yoiso.. lingkungan	108
	tonggo teparo. Nek dulur sikep iku yo mbak yo.. nek mbelo	109
	lingkungan iku tenanan. saiki gunung-gunung do dikeruki, akibate yo	110
	akeh tanah longsor, sawah-sawah do digawe pabrik. Yen koyo ngono,	111
	terus opo sing arep ditinggalke ning anak putu mbesok mbak? Sing	112
	iso ditingalke wongtuo ning anak yo sawah, lha nek sawahe do entek	113
	terus anak putu arep mangan opo? Wong dulur sikep iku yo roto-roto	114
	isone tani. Alam iku ibu bumi, ngopo kok ibu? Ibu iku kan ngewenehi	115
	kehidupan ning anak, lha ibu bumi kui sing ngewenehi kehidupan	116
	ning menungso. Koyo ngono mbak..	117
P	kados ngoten nggih bu, nek pandangane jenengan tentang kehidupan priipun?	
T	Kehidupane aku yo? Kehidupan kui yo ngene.. eeee wong urip kui yo	118
	nek iso manfaat kanggo liyane. Aku bersyukur mbak , mergone yo	119
	aku nduweni bapak ibu sing terus mituturi aku kanggo nglakoni	120
	kebecikan, kui apik.. soale ngene, nek ora ngono mesti aku wis	121
	nglewati batasan-batasan sing ora oleh dilewati. Kehidupan yo ngono	122
	kui mbak, selain bersyukur yo kudu berjuang.. saiki alame wis koyo	123
	ngene, aku ngomong ngene ki ngopo? Yo iku mau loh, gunung-	124
	gunung do dikeruki. kan kudune tambah dijogo tambah dilestarike.	125
	Aku lan dulur liyane yo kudu berjuang kanggo kehidupan anak	126
	putuku mbak.. ben do iso ngrasakne howo seger adem, banyu isih	127
	mili, lemah isihdo subur.. kan kudune menungso kui bersyukur mbak.	128

	Mergo kabeh kui gratis, tugase awake dewe opo? Yo njogo opo sing wis diwenehi gratis iku.	129
P	selain niku, pripun carane jenengan saget ngrasakne lan menikmati kehidupan?	
T	menikmati opo orane yo.. yo urip iku kudu dinikmati mbak. Yen ora menikmati iku jenenge lak ora beryukur mengko.. iyo pora? yo kui malah ora oleh. Mergo menikmati kui, aku dadi seneng, awakmu nek seneng kan iso ngrasakne lan menikmati urip to? Misal ngene koyo awakmu diajak bapak ibumu piknik, koe seneng.. koe mesti mikir “oh ngene to rasane piknik” lha nek iso mikir ngono berarti koe menikmati. Aku yo ngono, aku mbendinone tani, nguri-nguri ajarane mbah Surondiko.. aku yo seneng aku puas. Mergo nek awake dewe kui seneng, kabeh kui oraono sing abot.. yo ono, tapi nek dilakoni kanti seneng iku yo ora kroso.	130 131 132 133 134 135 136 137 138 139
P	berarti jenengan puas kalih kehidupan sing jenengan jalani?	
T	yo koyo sing tak omong mau, yen awake dewe seneng mesti puas karo opo sing dilakoni. Iso menikmati, iyo to? Ngene lo... yo ora mesti seneng terus, sedeh yo ono. Tapi yo kudu tetep disyukuri... piye yo mbak.. misal ngene, opo aku sedeh ora sekolah? Yo ora. Mergo aku wis tuturi kawit cilik yen kui udu totocorone. Lha totocorone opo? Koyo tani ning sawah.. yo tak lakoni kanti seneng mergo totocoro ku ngene. koyo awakmu mengko, lulus dadi dokter misal.. “wah mbake kae wis dadi dokter” kui yo apik.. tapi yo aku ora kepengen. Mergo tatanane awake dewe bedo,lan aku yo ora meri marang awakmu. Aku dadi tani kui wis cukup..	140 141 142 143 144 145 146 147 148 149 150
P	jenengan kan mpun berkeputusan ngoten nggih, lha tanggungjawab kados pripun sing jenengan lakoni kalih keputusan sing sampun di pundut?	
T	ngoten piye mbak? Ngugemi totocoro sikep? Kui udu keputusan.. tapi iku dadi kewajiban, iku kan gawan soko lahir. Aku ngugemi ajarane	151 152

	mbah Surondiko, ora oleh sekolah, ora oleh dagang kulak, ora oleh	153
	memungsuhan karo sepodo, kudu seduluran apik marang wong liyo..	154
	kui wis dadi kewajiban. Lha nek aku misal ora sekolah yo ora diajari	155
	tani karo wongtuoku.. terus piye. Aku iso tani, aku isogenepi	156
	kebutuhanku.. iku kan bentuk tanggungjawab sing tak lakoni. Iyo	157
	ora? Wong urip ikuyo kudu tanggungjawab, wisdiwenehi kehidupan	158
	gratis, ambekan yo gratis, banyu yo gratis.. lha awake dewe iso njogo	159
	kabeh kui, ikuyo termasuk tanggungjawabbe awake dewe dadi	160
	menungso sing urip ning ndoyo.	161
P	Nek sampunngoten, wonten mboten sih sing taseh jenengan	
	pengeni lan luwih dikepengeni maleh?	
T	opo yo mbak.. kepengenan yo. Nek bab kepengenaniku kan	162
	mbendino bedo-bedo yo.. yo kepengenan iku mestine sing apik-apik	163
	yo mbak. Nek kepengenan mergo “ <i>oh kae bar tuku barang apik, aku</i>	164
	<i>kok pengen tuku</i> ” ngono kui aku ora mbak. Pengenku yo tetep iso	165
	nyekel ajarane mbah Surondiko, apik marang kabeh wong, iso	166
	manfaat kanggo wong liyo kui wis cukup. Dadi opo yo ngonoku,	167
	tujuan?. Anakku iso nyekel totocoro sing wis tak tuturi iku aku yo	168
	seneng, ben mengko diajarke ning anak-anake. Dulur sikep iku	169
	wonge simpel mbak, sing sederhana...	170
P	wonten hal sing menurut jenengan penting teng kehidupane	
T	jenengan?	
	Nek penting iku kabeh penting mbak.. sing penting iku keluargaku yo	171
	aku iku tetep nyekel ajarane mbah Surondiko. Orang nglewati	172
	batasan-batasan sing ora diolehi,. Nglakoni hal-hal kebecikan.. mau	173
	wis tak omong yo, nek awake dewe nglakoni hal sing apik yo kui	174
	ndadike awake dewe seneng. Luwih penting iso terus nuturke ajaran-	175
	ajarane mbah ning anak putu yo mbien saiki nganti suk yo tetep	176
	dituturke.	177
P	Berarti jenengan gadah tujuan hidup nggih?	
T	iyoo.. urip nek ora nduweni tujuan kan yo ora apik. Dadi yo opo sing	178

	dadi tujuan utowo gegayuhan kuyo kui mau. Manfaat kanggo	179
	liyo.opo maneh mbah Surondiko wis ngajarke ojo jrengki, srei,	180
	panesten dahwen kemeren. Berarti kan awake dewe karo sepodo iku	181
	yo kudu rukun. Makane sedulur sikep marang wong kabeh yo	182
	dianggep sedulur. Koyo awakmu, awakmu omahe Purwodadi, yo	183
	sekolah, yo islam.. awakmu yo tetep tak anggep dadi sedulurku mbak.	184
	Nek awakmu gelem tak daku dadi sedulur. wiwit aku cilik ya mbak,	185
	sing teko ning dulur sikep akeh.. ono dosen ono biksu, ono	186
	mahasiswa terus biarawati yoono kui agamane do opo aku yo ora	187
	ngerti.. ngerti ku kabeh iku dianggep sedulur karo dulur sikep. Yo	189
	bedo-bedo, tapi yo ora opo-opo.. menungso iku dudukane podu	190
	kabeh. Sing bedakno iku pitutur lan tindak laku sing serakah.	191
P	Bu, misal wonten sesuatu nopo hal liyane sing ngalang-nglangi tujuan utawi kepengenane jenengan. Jenengan pripun?	
T	nek hal ngono kui kan mesti kabeh wong ngrasakne yo.Yo koyo aku,	192
	aku tandur hasil panene kok apik.. kadang yo ngrasakne gagal panen	193
	mbarang. Tapi ora opo-opo.. yo ngrasakne gagal panen mbarang. Ora	194
	kabeh sing di pengeni iku opo yo.. dalane mulus ngono kadang yo ora	195
	mbak. Yo ono cobone mbarang..	196
P	niku kabeh kan tentang kehidupan nggih bu, pandangane jenengan tentang kematian kados pripun?	
T	Salin sandang iku yo podu wae.. kabeh menungso iku bakale salin	197
	sandang. Masalah totocoro yo paling ora bedo karo nggonmu, yo ono	198
	dipituturi ngono kui.. salin sandang iku ganti raga, ganti wadah nek	199
	dulur sikep ngarani mbak. Yo podu wae, wong nek nglakonine	200
	kebecikan opo sewalike , mengko ditanggungjawabke ning gusti. urip	201
	ning ndonyo iku yo butuh bekal yo ibarate, salin sandang yo podu.	202
	Aku diajari tatanan urip sikep kanggo bekalku urip ning ndonyo, aku	203
	diajari kebecikan miturut sikep yo kanggo ditanggungjawabke	204
	marang gusti. Menurutku babagan iki ora bedo karo awakmu..	205
P	nek kalih penilaian masyarakat luas tentang dulur sikep niku	

	pripun?	
T	Masyarakat iku kan yo weruhe dulur sikep iku ngeye lan yo,	206
	ngomong opo onone. Yo mergo mbah Surondiko ngajari jujur mbak..	207
	ora oleh ngapusi. Ora gelem njajah lan ora gelem dijajah. Dulur sikep	208
	iku ngeyel kan mergo mbien jaman londo, ngeyele ngopo? Yo kui,	209
	ono tamu kok ngatur-ngatur sing nduwe omah. Iku jenenge ora pas,	210
	tindak laku sing serakah.. yo dulur sikep mbangkang , yo ngeyel iku	211
	kan karo londo. Semenjak merdeka, dulur sikep yo manut karo aturan	212
	pemerintah mbak.. tapi yo aranane iku mau isih nganti saiki. Yo ora	213
	opo-opo mbak.. arep sak unine ora opo-opo. Nek arep do dolan ning	214
	lingkup sikep, arep takon-takon yo tak jawab koyo awakmu ngeneki.	215
	Tetep tak daku dadi sedulur mbak..	216

Informan D

Nama (Inisial) : N

Usia : -

Pendidikan : -

Transkrip Natural

P	Namine sinten bu?	
N	Melu tepang, aku N.	1
P	Umure pinten?	
N	ngapunten yo mbak, dulur sikep iku yen ditakoni umur jawabe yo siji kanggo sak lawase.	2 3
P	Asline nggih mriki bu?	
N	nggih asli mriki. Aku kawit cilik ning kene mbak, karo sedulur-dulurku. Tunggalaku 5.. aku nomer 3. Pondokane yo ning bombong keneiki.	4 5 6
P	Selain teng Bombong Sukililo, sedulur sikep wonten teng pundi malih nggih?	
N	sak liyane ning kene yo ono..	7
	mmmm... ning Rembang, ning Bojonegoro, mng Blora. Blora iku ndekmbiene panggon lahire mbah Samin mbak. Ning daerah Plosokedhiren, lha saiki tapak tilase mbah Samin iku dibangun sing jenenge pendopo pengayoman. Dulur sikepiku katah, tapi yo nek karo sing adoh-adoh jarang ketemu mbak.. dulur sikepyo bar ngadakno pertemuan 1 abad mbah Samin, yo ning pendopo pengayoman iku. Tujuane yo kanggo ngeraketke seduluran. Dadi sing soko Blora yoono, soko Sukolilo yo mrono, Rembang, Bojonegoro dosesrawungan.	8 9 10 11 12 13 14 15 16
P	Jenengan kalih sedereke ndek riyen sekolah?	

N	ora sekolah formal. Ambako ora sekolah formal, dulur sikep iku iso	17
	macapat , iso nembang dulur sikep mbak.. nabuh gamelan, terus yo	18
	batik mbarang..	19
	dadi yo sekolahe ning pondokane dewe mbak. Sing ngajari	20
	wongtuone. Dipituturi jenenge, diajari pitutur sing apik, tindak laku	21
	sing apik ya diajari gawean ning omah. Koyo ngeneki kan durung	22
	ono tandur, dadi yo do ngewangi bapak ibune ning omah.. mengko	23
	nek wis tandur domelu ning sawah. Yo diajari ning sawah mbarang.	24
	ning pondokan ikuyo mbak, bocah-bocah di ikudituturi yen ora oleh	25
	sing jenenge jrengki, srei, panesten, kemeren, bedok, colong, pethil,	26
	jumput, nemu wae ora. Menungso iku sing diiling suarane, ora	27
	rupane. Soko iku menungso kudu nduweni pitutur sing apik.. ora oleh	28
	cidro ing janji, ra oleh ngapusi, kudu jujur.	29
P	Selain niku, wonten ajaran sing liyane mboten?	
N	opo yo... yo ora oleh sekolah, ora oleh seneng memungsuhan, ora	30
	oleh nyio marang sepodo. Mergone ngene.. awake dewe iku lak	31
	kabeh anak turune Adam, podo-podo anak turune iku kudu rukun ora	32
	oleh podo memungsuhan. Kudu tresno pepadane urip.Yo nek	33
	dijelaske kabeh ora ono enteke, kabeh ono totocorone dewe-dewe	34
	mbak. Sedulur sikep iku mbak, yo ora oleh dagang kulak, yo nek	35
	awakmu mau pas rene weruh ono warung-warung..iku udu wong	36
	sikep. Sikep yo roto-roto tani, raono sing dadi pedagang. Mbah	37
	Samin iku pesen ning anak putune raoleh dagang kulak, dodolan iku	38
	kan yo njupuk bati yo.. lha iku oleh kejobo awake dewe dodol hasil	39
	keringete dewe koyo hasil panen iku oleh. Yo oleh, tapi mbah Samin	40
	mitutur yen kulakanmu 1000 yo koe kudu dodol 900, ora oleh luwih	41
	soko kui.. kan yo rugi nek ngono kui, yo iku pitutur aluse yen sakjane	42
	dulur sikep mboten pareng dagang kulak. Wong dagang iku resiko ora	43
	jujure mbak, yo aku ora ngarani wong dagang ikuora jujur yo ora..	44
	tapi wong sikep mending menghindari. Walaupun ngono, wong sikep	45
	yo tetep butuh wong dagang kanggo tuku-tuku nyukupi kebutuhan	46

	liyane. Yo kabeh kui wis ancene koyo ngono, kudu saling melengkapi. Nganti pasuwitan iku yo ono tocorone, pasuwitan iku opo yo.. pernikahan. Kui yo ora di catetke ning catetan sipil, cukup karo wongtuo ne.	47 48 49 50
	Dadi dulur sikep iku adate bedo bab pasuwitan, pisanan iku nyimok utowo yo wis di incer isih kosong opo ora.. terus ngendeg, ngendeg iku yo nakonke ning wongtuone yo karo wongtuone sing lanang mbarang, bar kui nyuwita , terus saksinan. Saksinan iku wis tahap akhir corone koyo janjine iku disakseni.	51 52 53 54 55
P	Dulur sikep niku kan mboten sekolah formal nggih, lha pandangane kalih sing podo sekolah niku kado spripun?	
N	Yo apik, kari sing nglakoni kepiye.. sing penting tanggungjawab. wong sekolah yo tujuane kan apik, iso do dadi pegawai, guru, dadi dokter. Sing penting, pitutur lan tindak lakune iku apik. Urip iku kan bermasyarakat, yo piye carane awake dewe iku iso saling menungsake menungso arep pintero koyo ngopo ojo nganti minteri wong liyo.	56 57 58 59 60 61
P	Selain pendidikan, pandangan jenengan kalih masyarakat luar sikep kados pripun?	
N	yo apik.. Sedulur sikep iku nggih mbak, walaupun adate bedo, agomone bedo, toto coro uripe bedo iku ora nduweni roso bedabedake senajan ono roso gelo opo ora. Kabeh iku sedulur mbak..yen gelem didaku sedulur. Ora ono kok “totocoro uripmu bedo karo aku, ora sedulurku” terus kok dadi memungsuhan iku ora ono. Ora pareng ngono iku. Kudu saling menyayangi siji lan sijine.	62 63 64 65 66 67
P	Terkait agama nggih, sedulur sikep niku agamane nopo?	
N	agama yo mbak.. sikep iku agamane adam. Mergo agama adam iku ora ono pilihane ning Indonesia, dadi yo ning KTP ora ditulis dikosongi. Ning yo ora opo-opo, mergo agama keyakinan iku kan privasi, sing ngerti mung menungso kui karo Gusti. Keyakinan iku ning ati, dadine yo ora ono sing ngerti. Iyo pora? Nek ibadah, sedulur	68 69 70 71 72

	sikep yo ibadah ning pondokane dewe-dewe. Ngopo kok aku ngomong walaupun agomone bedo, tetep ora dibedak-bedakne.. mergo kui urusanmu karo Gusti. Urusanku karo menungso, mergo kui awake dewe kudu nduweni tindak laku sing apik.. arep agomomu opo, sing penting koe iso nglakoni opo sing dadi kewajiban ning agomomu.	73 74 75 76 77 78
P	Ngoten nggih, ndek wau kan dijelaske nek dulur sikep niku mboten angsal dagang kulak.. berarti tani tok nggih?	
N	iyu tani mbak, yooo nek lagi ora musime ning sawah yo iso mergawe liyane. Koyo iki gaweni tas ngeneki, yo sak candake. Kok wis ora ono gawean, wis leyeh-leyeh yo nyekel iki nggo samben. Kadang nek lagi usum keong ngono kae yodo golek keong, keong mas ning sawah akeh ngeneki.. kadang yo mek keong, kadang mek iwak ngono kui. Urip ning ndeso ki ra kurang-kurang mbak. Ngeneki yo mbak, wisarep musim tandur kadang ki do kon nggarapi ning sawahe wong, nek sawahe dewe rung wayahe di garap. Mengko mangkat isuk jam 5, masak sek terus digowo ning sawah ngko jam 8-9 wis rampung. Iku nek isih cedak-cedak kene.. kadang yo tekan kaliyoso kudu kono, mangkat bareng-bareng numpak trek ngko sore ngonokae lagi balik.	79 80 81 82 83 84 85 86 87 88 89 90
P	Pernah mboten medal saking lingkungan sikep nopo pindah?	
N	ora tau, wis kawit cilik kawit lahir yo ning kene.. yo paling dolan-dolan ning omahe sedulur liyo bedo deso tapi yoisih dulur sikep. Mergo kabeh iku dianggep sedulur, koncoku yoakeh. Ora mung soko dulur sikep tok.. ketemu dulur sikep soko liyo daerah iku yo lagi ndek Maret iku.	91 92 93 94 95
P	Oh nggih, dulur sikep niku kan petani nggih.. kados priipun corone dulur sikep niku menghargai lingkungan?	
N	Sing pasti yo menghargai lingkungan, onone ono menungso iku kan ora adoh- adoh soko lingkungan. Dadi nek nglindungi lingkungan ya tenanan.. dulur sikep iku ngeyelan mbak, lha ngeyeliki kanggo opo	96 97 98

	sek.. koyo wingi kui ono pabrik semen, lha dulur sikep yo ngeyel	99
	kudu berjuang kanggo gunung kendeng. Ngeyele iku mergo kanggo	100
	belo lingkungan, lingkungan ikiyo ora mung kanggo dulur sikep tok..	101
	ning yo kanggo kabeh masyarakat luas. Ngeyele kan kanggo	102
	lingkungan, ben lingkungan iki ora do dirusak. Ngeyele kanggo njogo	103
	sing jenenge ibu bumi sing uwis ngewenehi menungso kehidupan..	104
P	Menungson iku kan gadah kehidupan nggih, pandangane jenengan kalih kehidupane jenengan niku kados pripun?	
N	yoo kehidupanku piye yo. Yo ngene iki mbak, yo tani yo batik yo	105
	kadang melu latihan macapat. Sing penting iku tetep iling marang	106
	ajarane mbah Samin, tetep nduweni tindak laku apik.. yoo nglakoni	107
	hal sing apik-apik.	108
P	Saget ngrasakne lan menikmati kehidupane jenengan?	
N	nggih menikmati. coro ngene mbak.. aku seneng batik, aku seneng	109
	macapat iku aku seneng. Menikmati iku awake dewe ngroso atine	110
	seneng yo.. yo nek diarani menikmati orayo aku aku menikmati.	111
	Senenge dulur sikepiku sederhana mbak.. iso berjuang kanti menang	112
	nolak pabrik semen iku wis seneng. Dulur sikep iku ora ngoyo, yo	113
	berjuange kanggo lingkungan. Ora kanggo liyane.. Misal kok ono	114
	wong tuku kursi apik-apik, terus kok aku kepengen ngono kui ora	115
	mbak. Koyo awakmu, nganggo sandangane kok apik.. yowis mung	116
	apik, ning aku yo ora kepengen. Mergo awake dewe nduweni	117
	totocoro sing bedo, dulur sikep niku sederhana..	118
P	Sampun puas kalih kehidupan sehari-hari sing dijalani?	
N	Wong urip nek ora puas karo opo sing dilakoni iku yo piye yo mbak..	119
	jenenge dilakoni kanti seneng iku yo berarti awake dewe ngeroso	120
	puas karo opo sing ditumindak. Tapi yo ojo dadi wong sing cepet	121
	puas, mengko ndak oran duweni tujuan. Ora nduweni tujuan ikuyo	122
	ora apik mbak.. yo aku nduweni gegayuhan, ambako ora sekolah	123
	formal dulur sikep iku yo nduweni cita-cita mbak.. nduweni	124
	gegayuhan sing pengen digayuh, gegayuhane dulur sikep iku yo	125

	benerke tindak laku lan betterke pengucap sing dipituturke marang bocah-bocah. Nek awakmu sekolah formal mesti kan yo nduweni cita-cita, dulur sikep yo nduwe mbak. Nek awakmu lulus iku kan jelas golek gaweane iso kanggo ijazah, nek dulur sikep arep nyukupi butuhane yo ning sawah, kerjo hasil keringetedewe. Dadi cukup ora cukup yo nyatane cukup mbak, wis ora kepengen liya-liyane..	126 127 128 129 130 131
P	wonten sing jabat teng pemerintahan bu?	
N	Lha kok jabat ning pemerintah, sekolah waeora kok piyelekarep jabat.. ngono iku kan butuh ijazah. Dulur sikep kan ora nduwe ijazah. ojo maneh dadi pejabat pemerintahan to mbak, dadi RT wae ora gelem.. mengko nek dadi pegawai kabeh, sing arep dadi tani sopo? Yo kan dadine seimbang mbak, nek dulur sikep tani di nggo sak keluargane dewe iku wis turah-turah.	132 133 134 135 136 137
P	Jenengan kan ngrasakne, menikmati lan sampun ngrasa puas kalih kehidupan sing dilakoni. Sebesar nopo tanggungjawabe jenengan ketika jenengan mundut keputusan teng hidupe jenengan?	
N	Tanggungjawab iku kan bentuke akeh mbak. Ono tanggungjawab ning keluarga, tanggungjawab ning gaweane, tanggungjawab ning gusti.. makane iku awake dewe dadi menungso kudu mbenerne sing jenenge pangucap karo tumindak. Amergo opo sing diucap lan dilakoni iku kabeh ono tanggungjawabe.	138 139 140 141 142
P	Wonten mboten hal penting teng kehidupane jenengan?	
N	ngene.. menungso iku sing penting yo mbak, siji rukun marang rerukunane (bojo), loro rukun marang wong tuone, telu rukun marang turunane, papat rukun marang tonggo teparo, limo rukun marang agomone. Wis iku di cekel terus mbak.. rukune menungso ojo nganti kalah karo rerukune semut. opo maneh karo keluarga mbak, keluarga kudu ngilikne terus tentang kabeh iku. Yen pamane yo mbak, eee anakku kok nglakoni opo sing ora oleh kok lali.. yo tak pituturi terus, kudu sabar ora kok langsung menyerah ngono ora..	143 144 145 146 147 148 149 150

P	Selain tentang kehidupan nggih bu, pandangane jenengan kalih kematian niku pripun?	
N	kematian.. dulur sikep nek ngarani kematian iku salin sandang.	151
	Ngopo kok diarani salin sandang? Sing dipeti iku sandangane, ibarate	152
	iku wadahe ganti mbak. Nek awakmu nglakoni kebecikan, ora	153
	ngumbar pengucap lan ora ngumbar tindak laku utowo tumindak..	154
	asale wong yo bakal balik wong maneh. Dulur sikep iku nduweni	155
	pemahaman yen iku ora mati, Cuma ganti rogo utowo sandangan.	156
P	Kados reinkarnasi bu?	157
N	yo koyo ngono iku, nek seneng ngumbar pangucap utowo ngumbar	158
	tumindak yo ora bakal balik..	159
P	Kados ngoten nggih bu, sedulur sikep niku kan katah sing ngarani samin nggih bu.. jenengan diarani ngoten pripun?	
N	Samin iku yo mbak, iku ki pangaran-aran wong. Maksude iku jeneng	160
	wong.. yo mbah Samin iku. Mbah Samin iku ndek mbiene, ora	161
	seneng karo tumindake londo sing serakah.. londo kui ning kene ora	162
	nduwe opo-opo tapi kok ngatur sing nduwe omah kan ngono. Lha iku	163
	dulur sikep ngeyel ning kono, mbangkang ora gelem bayar pajek	164
	ragelem setor panen.. tapi kan iku mbien mbak, kari sopo di	165
	ngeyeli.. nek ngeyel kanggo hal apik yo ora opo-opo. Lha aran-aran	166
	iku isih diutik-utik nganti saiki. Aku yo ora opo-opo mbak, sak aran-	167
	arane ora opo-opo.	168

Informan E

Nama (Inisial) : A

Usia : -

Pendidikan : -

Transkrip Natural

P	Leres kalih bu A?	
A	Nggih mbak, nderek tepang aku A.	1
P	Asli mriki nggih ?	
A	asline yo asli mriki mbak, mboten pernah pindah. Wiwit kulo cilik nggih teng mriki..	2 3
	kulo sak sedulure kulo nggih sedanten lahire teng mriki. kulo kan ragil mbak, mbak ku siji mas ku siji.	4 5
P	Berarti sedereke teng Mbombong sedanten nggih?	
A	Enggih, nggih asline niku teng Mbombong taseh sederek sedanten mbak. Sederek sedulur sikep.. nek dulur sikep niku nggih mbak, asline niku saking Blora. Teng Blora niku nggih tempat tinggal mbah Samin, tepate teng Ploso kedhiren... Mergo mbah Samin niku gadah pengaruh kangge petani jaman penjajahan riyen, akhire mbah Samin dicekel lan dibuak teng Sawah Lunto Sumatra. Jaman ndek niko mbak, mbah Samin iku saget gerakke 5000 KK kangge nolak londo.. ngene, amergo sedanten menungso niku kan sami nggih mbak, sami kedudukane.. tapi Londo teko teng tanahe dewe, jajah tanahe dewe, diken bayar teng tanahe dewe. Loh londo kui ning kene lak tamu, nggih ta? Londo mboten gadah omah teng mriki, tapi kok wani ngatur kalih sing nduwe omah? Niku kan mboten pas. Dulur sikep niku mboten bedak-bedakne mbak, ajeng kulite benten, agomone benten, totocorone benten, nggih tetep sedulur. Sing	6 7 8 9 10 11 12 13 14 15 16 17 18 19

	bedakne menungso niku tindak laku serakah mbak, nggih kados	20
	londo ngoten niku. Makane mbah Samin niku mboten purun dijajah	21
	lan mboten purun njajah.	22
P	Saget jelaske bu, ajarane mbah Samin niku nopo mawon?	
A	nggih salah setunggale niku mboten sekolah formal, bocah-bocah	23
	niku nggih sekolahe kalih bapak ibune teng pondokan. Nopo kok	24
	mboten sekolah formal? Amergo nggih niku mpun dadi totocorone	25
	wong sikep. Lha mboten sekolah formal niku bukane mboten sinau,	26
	nggih sinau.. sinau teng pondokane dewe-dewe, diwelingi kalih	27
	bapak ibuke yen mboten pareng jrengki, srei, dahwen, panesten,	28
	kemerren, bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora.. niku diajarke	29
	teng bocah-bocah kangge benerke pangucap lan tindak laku. Mbak	30
	sampun teng omah kendeng dereng?	31
	teng mriku bocah-bocah niku nggih sinau.. sinau nulis, sinau	32
	nembang. Nabuh gamelan, sinau mbatik... biasaneniku bocah-bocah	33
	latihane dinten jumat.	34
P	Nek jenengan memandang pendidikan formal kados pripun bu?	
A	nggih mboten nopo-nopo. sae..	35
	Sekolah kan tujuane sae, cita-citane nggih sae. Sing penting	36
	kepinterane niku mboten di	37
	ngge kangge minteri liyane.	38
P	Nek kalih masyarakat non-sikep, pandangane jenengan pripun?	
A	Sebenerenggih mbak, dulur sikep niku mboten bedak-bedakne kados	39
	niku. Menungso niku sami mbak, kedudukane nggih sami.. dadi	40
	nggih sedanten niku nek kalih sedulur sikep sampun dianggep dados	41
	sedulur. Yen purun didaku dadi sedulur..	42
P	Berarti saget nulis bu?	
A	nggih wonten dulur sikep sing saget nulis sitik-sitik, lha niku mengke	43
	diajarke teng bocah-bocah. Kadang nggih sinaune niku malah aksara	44
	jawa. Nggih wonten sing ngajari saking luar sikep, tiyange nggih	45
	lakune sejalan kalih tiyang sikep kangge nguri-nguri budaya jawi.	46

	Selain niku, sedulur sikep niku hari-hari tani mbak.. mboten angsal	47
	dagang. Angsal dagang nek saget ngedol dagange luwih murah, kados	48
	kulakan 1000 lha mengke ngadole nggih sak ngandape 1000.. saget	49
	900, 800 utawi luwih ngandap malih. Nggih intine mboten pareng	50
	luwih saking 1000.. kan rugi nggih? Lha nek mboten pengen rugi lan	51
	merugikan orang lain, nggih mending dihindari mboten usah dagang.	52
	Berarti mata pencaharian sehari-hari tani nggih?	53
P	Nggih roto-roto tani, nek wonten sing gadah hewan ternak nggih	
A	ternak. Kulo ndek riyen pernah ditangleti kalih mahasiswa mbak,	54
	cukup nopo mboten tani niku.. nggih bagine kulo cukup.	56
	Nek kalih perubahan zaman, dulur sikep sampun nerima bu?	57
P	Nggih tinggal perubahan niku sae nopo mboten, kados Hp niku dulur	
A	sikep butuh nopo mboten? Nek mbutuhne nggih ngangem Hp mboten	58
	nopo-nopo. Kulo nggih wonten motor, wonten mobil karena nggih	59
	sesuai kebutuhan mawon mbak. Asal mboten nglewati batesan-	60
	batesan ajarane mbah Samin.	61
	Gadah sosial media bu?	62
P	Oh gadah. Kulo Whatsapp wonten, instagram nggih wonten. Niku	
A	nggih sesuai kebutuhan.. sesuai kebutuhan priipun? Nek ngangem	63
	pulsa kan boros nggih, mbok eee pengen tangklet adeke teng	64
	pondokan nopo mboten saget di telfon. Nek instagram kulo nggih	65
	gadah, kangge nyuarake lingkungan. Nyuarake lingkungan priipun? 2	66
	tahun niki kan Indonesia wonten pandemi, mbotena ngsal kumpul-	67
	kumpul.. nggih sedulur sikep nyuarakene lewat sosial media.	68
	Nyuarake lingkungan kangge njogo ibu bumi.. Amergo sing maringi	69
	kehidupan niki ibu bumi, menungso mboten saget adoh-adoh saking	70
	lingkungan. Dadi nggih priipun carane kangge tetep nglestarike	71
	lingkungan. Kados pabrik semen kendeng.. niku kalih dulur-dulur	72
	ditolak mbak. Nggih demo, nggi aksi cor kaki, nggih tirakat niku	73
	sampun dilakoni mbak. Kangge nopo? Nggiih kanggem belani ibu	74
	bumi. Nek gunung-gunung tanahe dipunduti, alase digunduli, kan	75

	dadi rusak.. mengke bencana alam terjadi teng pundi-pundi. Lha sing	76
	saget njogo nggih awake dewe. Nopo malih hari-harine dulur	77
	sikepniku kan tani nggih, dadi nggih bener-bener dicekel mbak njogo	78
	lingkungan.	79
	Babagan keyakinan bu, keyakinanane sedulur sikep niku kados	80
P	pripun bu?	
	Nggih nek percoyo gusti nggih percoyo mbak. Tapi sedulur sikep	
A	niku luwih percoyo kalih benere pangucap lan tindak laku..	81
	keyakinan niku lak manggone teng ati nggih mbak.. nggih kulo yakin	82
	nek sing namine gusti niku wonten teng atine dewe-dewe. Mergo	83
	niku mbak, dulur sikep mboten pareng ngumbar pangucap, ngumbar	84
	tindak laku, kalih ngumbar nafsu. Nek menungso saget nglakoni sing	85
	sae, pangucap lan tindak lakune sae mesti nggih bakale angsal	86
	kebaikan. Wong sikep niku kan pengkuan nggih mbak, lha kulo	87
	ngaku tiyang sikep nggih kulo nglakoni nopo sing dadi ajarane wong	88
	sikep. Kados jenengan islam, nggih pripun carane jenengan nglakoni	89
	dadi tiyangislam. Sing penting niku kados pripun tabiate menungso	90
	kangge nglakoni nopo sing disebut kalih pengakuan wau.	91
	Nek pandangane jenengan kalih kehidupan bu?	92
P	Kehidupan.. hidup niku sederhana mbak. Tapi nggih harus wonten	
A	sing di perjuangne. Kados belo kendeng nggih mbak, dulur sikep	93
	niku berjuange tenanan.. bocah-bocah sing mboten nderek aksi	94
	mboten nderek demo nikudo poso mbak, do prihatin dongakne saking	95
	ndalem.	96
	Jenengan saget menikmati kehidupane jenengan bu?	97
P	nggih dinikmati mbak.. kados pripun nggih.. menikmati niku kan	
A	saget ngrasakne seneng nggih.. lha kulo seneng teng omah kendeng	98
	sinau macapat kalih bocah-bocah, kulo seneng belo kendeng, kulo	99
	seneng sinau aksara jawi.. nggih saget menikmati mbak..	100
	Wonten kepengenan liyane sing dikepengeni nopo mboten bu?	101
P	Kepengenan niku nggih secukupe mawon mbak.. nek ditangleti	

A	kepengene kulo nopo, nggih pengene nikum benerne pangucap kalih mbenerne tumindak. Makane sing dipercoyo kalih dulur sikep nggih pangucap kalih tumindak. Mpun cukup mbak.. mboten pengen liyaliyane.. nggih sesuai sing dibutuhne mawon.	102 103 104 105
	Sampun puas kalih kehidupane jenengan bu?	106
P	Puas nopo mboten niku tergantung kalih pribadine dewe-dewe mbak..	
A	Nek bersyukur, mpun cukup nggih saget ngroso puas. Nek mboten nggih wontene kurang terus..	107 108
	Mergo nggih dulur sikep sampun diajari mboten angsal meri, nggih mboten kepengenan.. Makane niku dulur sikep hidupe sederhana. Sak wontene mawon..	109 110 111
	Tanggungjawab kados priipun jenengan kalih keputusan sing dipundut teng kehidupane jenengan?	112
P	keputusan niku kan mesti wonten resikone mbak.. nggih ditrimo mawon resikone kados priipun. Mboten nopo-nopo..	113
A	Kados kulo nduweni tanggungjawab kangge mituturi purtra-putrane kulo teng pondokan. Kulo tuturi terus mbak mbendinten.. nggih nek lagi wonten wektu, ngumpul ngoten nggih kalih mituturi. Mergo nopo.. sing diarani wong sikep niku kan nek sampun gadah rerukunan, nek tasih bocah-bocah niku aranane adam timur	114 115 116 117 118
	Wonten sesuatu nopo hal penting teng kehidupane jenengan?	119
P	Sing penting niku nggih mbak, ampun mbedak-bedakne sepodo.. sing rukun.	120
A	nggih nek teng dulur sikep niku mbak.. rukun kalih rukunan, rukun kalih turunan, rukun kalih wongtuo, rukun kalih tonggo teparo, rukun kalih agomone. Nggih saget ngugemi ajarane mbah Samin lah..	121 122 123
P	ngoten.	124
	Ngoten nggih bu, nek semisal wonten sesuatu hal sing ngalangi kepengenane jenengan.. jenengan priipun?	125
A	nggih mboten nopo-nopo mbak.. nggih mengke berjuang malih, sing penting mboten putus asa. Dulur	126

	sikep saget menang saking pabrik semen nggih mergo mboten putus	127
	asa, dulur sikep menang angsal gunung kangge anak turunelan ibu bumi.	128
		129
P	Niku kan tentang kehidupan nggihbu, pandangane jenengan kalih kematian kados pripun?	130
A	Dulur sikep ngaraninen iku salin sandang mbak.. ndek wau kulo sanjang, nek kepengenane niku benerne pangucap lan tindak laku, nggih mergo salin sandang niku sing dipeti sandangane mbak..	131
	ibarate wadahe ganti, wadahe salin. Nek pangucap lan tindak lakune sae nggih mengke angsal kebaikan.. “ <i>asale wong balik wong</i> ”.. tapi nek ngumbar pangucap, ngumbar tindak laku lan ngumbar nafsu nggih nopo saget balik wong?	132
P	Pandangane jenengan kalih penilaiane masyarakat luas sing ngarani sedulur sikep nyengkak lan liya-liyane pripun bu?	
A	mboten nopo-nopo... aranan Samin niku kan aranan wong, tapi nek diarani teng turunane nggih mboten nopo-nopo..	
	asline dulur sikep niku nyengkak, mbangkang, ngeyel niku nggih nontoni kangge nopo riyen.. nek ngeyel kangge pabrik semen niku kan mboten kangge dulur sikep tok, tapi nggih kangge masyarakat luas. Nek ajeng mriki, ajeng dolan teng omah kendeng, tangklet-tangklet langsung dulur sikep pripun nggih malah mboten nopo-nopo.. dulur sikepniku terbuka. Kabeh niku di anggep sedulur..	

Lampiran 4. Penghayatan transkrip dan pembentukan unit makna

Informan A

Deskripsi Natural	Pembentukan Unit Makna
<p>Selamat siang bapak, namine sinten? Jenengku G Putrane pinten? Anakku loro, lanang karo wadon. Nek diitung yo ono enem Dalemipun njenengan asli mriki nggih pak? Kene iki omahe bapakku, aku yo asli kaliyoso kene tapi gawe pondokan ning Bombong. Sedulur sikep liyane enten sing mboten teng Bombong pak? Yo ning kene iki, ning Kaliyoso Kudus. Ono sing ning Bombong Sukolilo, Rembang, Bojonegoro, Blora nganti arep tekan Madiun. Nek ajaran samanisme niku sejarah e pripun pak? Lha iku ngene, dimulai soko mbah Samin. Sikep iku kan pengakuan sebagai wong sikep, tapi wong-wong luwih ngenale samin yaiku mbah Samin Surosentiko. Nah pas kui akeh rojo jowo sing lali karo rakyat. Terus mbah Samin mitutur marang anak putune yen</p>	<p>Selamat siang bapak, namine sinten? Jenengku G Putrane pinten? Anakku loro, lanang karo wadon. Nek diitung yo ono enem Dalemipun njenengan asli mriki nggih pak? Kene iki omahe bapakku, aku yo asli kaliyoso kene tapi gawe pondokan ning Bombong. Sedulur sikep liyane enten sing mboten teng Bombong pak? Yo ning kene iki, ning Kaliyoso Kudus. Ono sing ning Bombong Sukolilo, Rembang, Bojonegoro, Blora nganti arep tekan Madiun. Nek ajaran samanisme niku sejarah e pripun pak? Lha iku ngene, dimulai soko mbah Samin. Sikep iku kan pengakuan sebagai wong sikep, tapi wong-wong luwih ngenale samin yaiku mbah Samin Surosentiko. Nah pas kui akeh rojo jowo sing lali karo rakyat. Terus mbah Samin mitutur marang anak putune yen</p>

kabeh wong iku dadio menungso sing ndue makna ning menungso liyane. Marang menungso liyane iku sedulur yen gelem didaku dadi sedulur. Ojo mbedakno werno kulit, panggonan, karo keyakinan. Sing kudu dibedakno kui tindak laku serakah koyo wong londo ngono kui. Mergo ngopo? Mergo londo ki ning kene tamu, lha dadi tamu kok ngatur sing ndue omah. Yo akhire pas jaman kui terbentuklah paseduluran sing bahas tentang lakune urip sak benere.

Lha ajaran sing diajarke tentang lakune urip kalih mbah Samin niku nopo mawon pak?

Nek babagan lakuni urip utowo toto coro perilaku, mbah Samin kui ngajari yen ojo nganti ngaloni jrengki, sreji, panesten, dahwen, kemiren, bedog, colong, pethil, jumput, nemu wae ora. Kabeh tatanan urip sedulur sikep ndue toto coro dewe. Nganti saiki tatanan perkawinan wae yo ora dicatet ning pemerintah. Sampe bocah-bocah wae yo ora disekolahke formal. Anakku yo ora ono sing tak sekolahke. Mergo kui mlebu ajaran soko mbah Samin.

Lha kulo sekolahhi pak, niku priipun ?

Hahaha yo iku bedo. Kabeh kui kan ndue toto coro dewe-dewe ya.. yen koe

kabeh wong iku dadio menungso sing ndue makna ning menungso liyane¹. Marang menungso liyane iku sedulur yen gelem didaku dadi sedulur. Ojo mbedakno werno kulit, panggonan, karo keyakinan². Sing kudu dibedakno kui tindak laku serakah koyo wong londo ngono kui. Mergo ngopo? Mergo londo ki ning kene tamu, lha dadi tamu kok ngatur sing ndue omah. Yo akhire pas jaman kui terbentuklah paseduluran sing bahas tentang lakune urip sak benere.

Lha ajaran sing diajarke tentang lakune urip kalih mbah Samin niku nopo mawon pak?

Nek babagan lakuni urip utowo toto coro perilaku, mbah Samin kui ngajari yen ojo nganti ngaloni jrengki, sreji, panesten, dahwen, kemiren, bedog, colong, pethil, jumput, nemu wae ora³. Kabeh tatanan urip sedulur sikep ndue toto coro dewe. Nganti saiki tatanan perkawinan wae yo ora dicatet ning pemerintah. Sampe bocah-bocah wae yo ora disekolahke formal. Anakku yo ora ono sing tak sekolahke⁴. Mergo kui mlebu ajaran soko mbah Samin.

Lha kulo sekolahhi pak, niku priipun ?

Hahaha yo iku bedo. Kabeh kui kan ndue toto coro dewe-dewe ya.. yen koe

<p>sekolah kui kan yo pancen wis toto coromu, lha wong sikep ora sekolah kui yo wis dadi toto corone sikep. Bocah-bocah sikep kui yo diajari, tapi ning pondokane dewe..</p> <p>Yen koe sekolah yo kui apik, mergo kabeh toto coro menungso urip iku ngarah ning hal sing apik.</p> <p>Pak, kan sedulur sikep mboten sekolah.. tapi nek masalah modernisasi niku ngikuti mboten? Soal e kan niki perubahan jaman cepet banget nggih pak..</p> <p>Sek.. nek babagan perubahan jaman. Aku ning omah yo ono tv, aku yo nyetir mobil yo ndue motor, aku nganggo hape. Mergo opo? Mergo saiki nek ora ngikuti yo piye.. soale wong sikep yo butuh. Bagine wong sikep nerimo kemajuan-kemajuan kui ora masalah. Wong kadang mikir soko segi penampilan, misal e pakaian. Tapi yen babagan prinsip urip, soko tatanan perkawinan, ora sekolah lan liya-liyane iku isih dicekel. Sing penting iku..</p> <p>Sedulur sikep kan gadah tatanan urip sing mpun diajarke turun-temurun nggih pak, lha tiyang luar sikep sing mboten nderek tatanan sikep niku pripun?</p> <p>Yo iku mau, awake dewe ndue tatanan</p>	<p>sekolah kui kan yo pancen wis toto coromu, lha wong sikep ora sekolah kui yo wis dadi toto corone sikep. Bocah-bocah sikep kui yo diajari, tapi ning pondokane dewe..</p> <p>Yen koe sekolah yo kui apik, mergo kabeh toto coro menungso urip iku ngarah ning hal sing apik⁵.</p> <p>Pak, kan sedulur sikep mboten sekolah.. tapi nek masalah modernisasi niku ngikuti mboten? Soal e kan niki perubahan jaman cepet banget nggih pak..</p> <p>Sek.. nek babagan perubahan jaman. Aku ning omah yo ono tv, aku yo nyetir mobil yo ndue motor, aku nganggo hape. Mergo opo? Mergo saiki nek ora ngikuti yo piye.. soale wong sikep yo butuh. Bagine wong sikep nerimo kemajuan-kemajuan kui ora masalah. Wong kadang mikir soko segi penampilan, misal e pakaian. Tapi yen babagan prinsip urip, soko tatanan perkawinan, ora sekolah lan liya-liyane iku isih dicekel. Sing penting iku⁶..</p> <p>Sedulur sikep kan gadah tatanan urip sing mpun diajarke turun-temurun nggih pak, lha tiyang luar sikep sing mboten nderek tatanan sikep niku pripun?</p> <p>Yo iku mau, awake dewe ndue tatanan</p>
--	--

<p>urip sing bedo. Dan kui ora opo-opo..</p> <p>Misal ning agomomu, koe diajarke sholat lan ngaji yo berarti kui tatanan uripmu. Kabeh tatanan urip ki apik. Sholat lan ngaji menurutmu kan yo apik to? Lha bagiku ajaran mbah Samin ki yo apik, mergo totocoro uripku yo ngono iku. Walaupun tatanan uripe awake dewe ora podo, koe yo tetep sedulurku yen gelem didaku dadi sedulur. Mergo kabeh menungso iku sedulur bagine wong sikep walaupun ndue tatanan sing bedo.</p> <p>Nek tatanan uripe kulo kan sholat nggih pak, ngapunten nggih pak.. nek teng sedulur sikep niku pripun? Masalah keyakinan niku mayoritas nopo..</p> <p>nek masalah keyakinan, yo ndue..</p> <p>agamane wong sikep iku adam. mergo agama adam iku raono pilihane ning pemerintah, yo kolom agama ning KTP ku kosong. Kon milih agama liyane aku emoh, mending kolom agamaku tak kosongi. Nek aku ngeyel njaluk agama adam dicantumke ning KTP yo berarti aku podo karo wong-wong sing njaluk agamane dicantumke ning KTP. Agama iku kan urusan pribadi, urusan ati karo gusti. Nek wis urusan pribadi, tapi kok dicantumke ning KTP iku kan yo piye.</p>	<p>urip sing bedo. Dan kui ora opo-opo⁷..</p> <p>Misal ning agomomu, koe diajarke sholat lan ngaji yo berarti kui tatanan uripmu. Kabeh tatanan urip ki apik. Sholat lan ngaji menurutmu kan yo apik to? Lha bagiku ajaran mbah Samin ki yo apik, mergo totocoro uripku yo ngono iku. Walaupun tatanan uripe awake dewe ora podo, koe yo tetep sedulurku yen gelem didaku dadi sedulur⁸. Mergo kabeh menungso iku sedulur bagine wong sikep walaupun ndue tatanan sing bedo.</p> <p>Nek tatanan uripe kulo kan sholat nggih pak, ngapunten nggih pak.. nek teng sedulur sikep niku pripun? Masalah keyakinan niku mayoritas nopo..</p> <p>nek masalah keyakinan, yo ndue..</p> <p>agamane wong sikep iku adam⁹. mergo agama adam iku raono pilihane ning pemerintah, yo kolom agama ning KTP ku kosong. Kon milih agama liyane aku emoh, mending kolom agamaku tak kosongi¹⁰. Nek aku ngeyel njaluk agama adam dicantumke ning KTP yo berarti aku podo karo wong-wong sing njaluk agamane dicantumke ning KTP. Agama iku kan urusan pribadi, urusan ati karo gusti. Nek wis urusan pribadi, tapi kok dicantumke ning KTP iku kan</p>
---	---

.mergo gusti iku kan ra iso di delok, raono wujud, raiso di raba.. dadi yo sing penting ning ndunyo iki tindak laku lan tindak pitutur. Piye carane menungsake menungso, kui yo soko tindak laku lan pitutur. Nik keyakinan marang gusti yo mung iso dirasakne, ning atine dewe-dewe..

kulo kan pernah mireng nggih pak, yen sedulur sikep niku sampai nderek cor kaki teng Jakarta terkait penolakan pabrik semen. Niku awale priipun pak?

iku kan awale arep ono pabrik semen ning pegunungan kendeng. Nah warga kui menolak, khusus sedulur sikep. Mergo ngopo? Mergo yen alam iki wis dirusak, menungso arep kepiye? Alam iku kan sing menehi menungso kehidupan, alam kui ibu bumi. Yo opo koe arep ngrusak opo sing wis diwenahi soko ibumu? Kan ibarate ngono. Alam rusak, yo dadi akeh bencana. Lahan sawah entek, menungso arep mangan opo? Mergo kui sedulur sikep berjuang, berjuang ben alam iki tetep lestari. Salah sijine iku mau aksi cor kaki ning Jakarta. Negorone kene iku kan negoro hukum ya, yo aku melu proses nagnti tekan MA. Yo melu tak lawan lewat jalur hukum. Sing aksi, cor kaki, mlaku

yo piye¹¹.

.mergo gusti iku kan ra iso di delok, raono wujud, raiso di raba.. dadi yo sing penting ning ndunyo iki tindak laku lan tindak pitutur. Piye carane menungsake menungso, kui yo soko tindak laku lan pitutur¹². Nik keyakinan marang gusti yo mung iso dirasakne, ning atine dewe-dewe¹³..

kulo kan pernah mireng nggih pak, yen sedulur sikep niku sampai nderek cor kaki teng Jakarta terkait penolakan pabrik semen. Niku awale priipun pak?

iku kan awale arep ono pabrik semen ning pegunungan kendeng. Nah warga kui menolak, khusus sedulur sikep. Mergo ngopo? Mergo yen alam iki wis dirusak, menungso arep kepiye? Alam iku kan sing menehi menungso kehidupan, alam kui ibu bumi¹⁴. Yo opo koe arep ngrusak opo sing wis diwenahi soko ibumu? Kan ibarate ngono. Alam rusak, yo dadi akeh bencana. Lahan sawah entek, menungso arep mangan opo? Mergo kui sedulur sikep berjuang, berjuang ben alam iki tetep lestari¹⁵. Salah sijine iku mau aksi cor kaki ning Jakarta. Negorone kene iku kan negoro hukum ya, yo aku melu proses nagnti tekan MA. Yo melu tak lawan lewat

<p>opo wae tak lakoni. Lha opo sing tak oleh? Aku oleh gunung. Aku lan sedulur-sedulur liyane isih tetep iso berjuang nggo kelestarian alam iki. Nggo ninggalke ning anak putu kui yo kudu alam sing lestari, nek ninggalke alam sing rusak kan mesakne anak putune. Lha iku sing diarani perjuangan kehidupan. Piye corone langit iki tetep biru, ben hawa iki tetep adem, ben banyu kui tetep mili. Kabeh iku yo nggo kabeh ciptaan, ora mung menungso. Tanduran karo kewan iku kan yo podo-podo makhluke gusti.</p> <p>yen dilihat sakingjuangane, sedulur sikep niku kan sangat mbelo kelestarian lingkungan nggih pak. Nah, untuk perkerjaan sedulur sikep niku nopo?</p> <p>nah, yen mbok delok soko perjuangan ku lan sedulur-sedulur liyane sing mbelo kelestarian alam iki yo mergo sedulur sikep iku tani. Kabeh sedulur sikep iku bertani. Makane aku mau ngomong yen alam iku ibu bumi, mergo opo sing kok pangan soko bumi, opo sing kok ombe yo soko bumi. Kabeh wenehane ibu bumi. Ibu bumi kui kehidupan. Sedulur sikep kui ora ono sing dagang kulak. Mergo ajarane mbah Samin ora ngolehi anak putune dagang</p>	<p>jalur hukum. Sing aksi, cor kaki, mlaku opo wae tak lakoni. Lha opo sing tak oleh? Aku oleh gunung¹⁶. Aku lan sedulur-sedulur liyane isih tetep iso berjuang nggo kelestarian alam iki¹⁷. Nggo ninggalke ning anak putu kui yo kudu alam sing lestari, nek ninggalke alam sing rusak kan mesakne anak putune¹⁸. Lha iku sing diarani perjuangan kehidupan¹⁹. Piye corone langit iki tetep biru, ben hawa iki tetep adem, ben banyu kui tetep mili. Kabeh iku yo nggo kabeh ciptaan, ora mung menungso. Tanduran karo kewan iku kan yo podo-podo makhluke gusti²⁰.</p> <p>yen dilihat sakingjuangane, sedulur sikep niku kan sangat mbelo kelestarian lingkungan nggih pak. Nah, untuk perkerjaan sedulur sikep niku nopo?</p> <p>nah, yen mbok delok soko perjuangan ku lan sedulur-sedulur liyane sing mbelo kelestarian alam iki yo mergo sedulur sikep iku tani. Kabeh sedulur sikep iku bertani. Makane aku mau ngomong yen alam iku ibu bumi, mergo opo sing kok pangan soko bumi, opo sing kok ombe yo soko bumi. Kabeh wenehane ibu bumi. Ibu bumi kui kehidupan²¹. Sedulur sikep kui ora ono sing dagang kulak. Mergo ajarane mbah</p>
---	--

kulak. Yen arep dagang, koe kulakan 1000 rupiah , yo kudu di dol 900 rupiah. Ngene.. wong dagang iku resiko ora jujure gede, sedangkan mbah Samin dewe ngajari yen dadi menungso kudu njogo pitutur lan tindak laku. Makane kui kabeh sedulur sikep dadi tani, ora ono sing berdagang.

Alam kan sing maringi menungso kehidupan nggih pak, kehidupan kageme njenengan niku nopo pak?

ngene.. kehidupan iku kan luas. Kehidupan sing kepiye?

nek kehidupane wong sikep, khusus aku yo ngene iki. Tetep teguh ning prinsip sing diajari mbah Samin. Kehidupan tentang keyakinan, kehidupan tentang gawean, kehidupan lingkungan, kehidupan kewan lan tanduran. Kabeh kui kehidupan.. aku nyawang kehidupanku yo ngono kae, nglakoni opo sing musti tak lakoni asal kui apik. Yo koyo aksi mbelo kendeng, iku yo bagian kehidupan. Bagian perjuangan ning uripku..

Tetep teguh kalih prinsip mbah Samin, berjuang kagem lingkungan lan liya-liyane. Njenengan sampun puas dereng pak , marasakan kalih menikmati kehidupan?

puas opo ora karo kehidupan sing tak

Samin ora ngolehi anak putune dagang kulak. Yen arep dagang, koe kulakan 1000 rupiah , yo kudu di dol 900 rupiah²². Ngene.. wong dagang iku resiko ora jujure gede, sedangkan mbah Samin dewe ngajari yen dadi menungso kudu njogo pitutur lan tindak laku²³. Makane kui kabeh sedulur sikep dadi tani, ora ono sing berdagang.

Alam kan sing maringi menungso kehidupan nggih pak, kehidupan kageme njenengan niku nopo pak?

ngene.. kehidupan iku kan luas. Kehidupan sing kepiye?

nek kehidupane wong sikep, khusus aku yo ngene iki. Tetep teguh ning prinsip sing diajari mbah Samin. Kehidupan tentang keyakinan, kehidupan tentang gawean, kehidupan lingkungan, kehidupan kewan lan tanduran²⁴. Kabeh kui kehidupan.. aku nyawang kehidupanku yo ngono kae, nglakoni opo sing musti tak lakoni asal kui apik²⁵. Yo koyo aksi mbelo kendeng, iku yo bagian kehidupan. Bagian perjuangan ning uripku..²⁶

Tetep teguh kalih prinsip mbah Samin, berjuang kagem lingkungan lan liya-liyane. Njenengan sampun puas dereng pak , marasakan kalih menikmati kehidupan?

<p>lakoni? Diomong puas, wong menungso iku raoleh cepet puas. Diomong ora puas, mengko dadi menungso sing ora bersyukur... sing secukupe wae. Sing penting dikei sehat kewarasan kui nomer siji. Yo urip iku dinikmati, rausah ngoyo..</p> <p>ngoten nggih pak.</p> <p>pak, urip niku kan mboten adoh saking keputusan nggih pak. Setiap tindak laku niku tergantung keputusan. Bentuk tanggungjawab kados pripun sing njenengan lakoni ketikaa sampun mendet keputusan teng uripe njenengan?</p> <p>tanggungjawab..kabeh menungso iku kan ndue tanggungjawab masing-masing yo. Aku yo tanggungjawab karo keputusan sing tak jupuk. Misal aku ndue keputusan ora nyekolahke anak-anakku ning sekolah formal. Yo aku nduweni tanggungjawab nggo ngajari pendidikan kanggo anak-anakku ning pondokan. Aku nglakoni tocoro urip sikep iku yo keputusan sing tak jupuk ning uripku. Aku tanggungjawab, bentuke opo? Aku isih nerapke kabeh tocoro sing diajarke mbah Samin ning uripku lan keluargaku. Selain nggo aku lan keluargaku, aku yo ngajak dulur-dulur liyane sing ning rembang,</p>	<p>puas opo ora karo kehidupan sing tak lakoni? Diomong puas, wong menungso iku raoleh cepet puas. Diomong ora puas, mengko dadi menungso sing ora bersyukur... sing secukupe wae²⁷. Sing penting dikei sehat kewarasan kui nomer siji. Yo urip iku dinikmati, rausah ngoyo²⁸..</p> <p>ngoten nggih pak.</p> <p>pak, urip niku kan mboten adoh saking keputusan nggih pak. Setiap tindak laku niku tergantung keputusan. Bentuk tanggungjawab kados pripun sing njenengan lakoni ketikaa sampun mendet keputusan teng uripe njenengan?</p> <p>tanggungjawab..kabeh menungso iku kan ndue tanggungjawab masing-masing yo. Aku yo tanggungjawab karo keputusan sing tak jupuk²⁹. Misal aku ndue keputusan ora nyekolahke anak-anakku ning sekolah formal. Yo aku nduweni tanggungjawab nggo ngajari pendidikan kanggo anak-anakku ning pondokan. Aku nglakoni tocoro urip sikep iku yo keputusan sing tak jupuk ning uripku³⁰. Aku tanggungjawab, bentuke opo? Aku isih nerapke kabeh tocoro sing diajarke mbah Samin ning uripku lan keluargaku. Selain nggo aku lan keluargaku, aku yo ngajak dulur-</p>
--	--

<p>bojonegoro lan liya-liyane nggo tetep ngugemi ajaran-ajarane mbah samin.</p> <p>nek sampun ngoten pak, sampun nerapke tatanan sikep lan liya-liyane.. wonten mboten sih gegayuhan liyane sing dipengeni?</p> <p>gegayuhan sing luwih tak pengeni? Opo yo.. nek gegayuhan utowo kepengenan iku tetep ono yo. Tapi kok ora terus aku pengen banget terus kudu kelakon ki yo ora. Bab gegayuhan ki mesti okeh, tapi yo sekucupe..</p> <p>koyo wingi, aku pengen ngumpulke dulur-dulur liyane, yo gawe acara 1 abad mbah samin ning blora. Yo seneng jenenge ngumpul ketemu dulur liyane nggo memperingati 1 abad mbah Samin. Lha terus ono meneh ora kepengenan ku? Yo mestine ono.. siji-siji lah. Ora kok kabeh sing tak pengen kudu kelakon bareng-bareng ki ora. Ora usah ngoyo..</p> <p>wonten mboten pak hal penting teng hidupe njenengan?</p> <p>sing diomong penting iku opo? Lak sing berharga yo?</p> <p>sing berharga ning uripku yo keluargaku, anak-anakku lan dulur-dulur liyane. Kui penting..</p> <p>hal penting nek uripku akeh. Siji keluargaku sehat-sehat, loro ngugemi</p>	<p>dulur liyane sing ning rembang, bojonegoro lan liya-liyane nggo tetep ngugemi ajaran-ajarane mbah samin³¹.</p> <p>nek sampun ngoten pak, sampun nerapke tatanan sikep lan liya-liyane.. wonten mboten sih gegayuhan liyane sing dipengeni?</p> <p>gegayuhan sing luwih tak pengeni? Opo yo.. nek gegayuhan utowo kepengenan iku tetep ono yo³². Tapi kok ora terus aku pengen banget terus kudu kelakon ki yo ora³³. Bab gegayuhan ki mesti okeh, tapi yo sekucupe³⁴..</p> <p>koyo wingi, aku pengen ngumpulke dulur-dulur liyane, yo gawe acara 1 abad mbah samin ning blora. Yo seneng jenenge ngumpul ketemu dulur liyane nggo memperingati 1 abad mbah Samin³⁵. Lha terus ono meneh ora kepengenan ku? Yo mestine ono.. siji-siji lah. Ora kok kabeh sing tak pengen kudu kelakon bareng-bareng ki ora. Ora usah ngoyo³⁶..</p> <p>wonten mboten pak hal penting teng hidupe njenengan?</p> <p>sing diomong penting iku opo? Lak sing berharga yo?</p> <p>sing berharga ning uripku yo keluargaku, anak-anakku lan dulur-dulur liyane. Kui penting³⁷..</p>
--	---

tatanan sikep Piye laku urip iku yo penting, nek menungso urp ning ndoyo kok ora ndue laku urip iku yo ora pas.. kudu ndue pegangan piye ben iso pitutur lan nduweni tindak laku becik.

jenengan kiyambak menilai kehidupane njenengan niku pripun?

aku menilai kehidupanku, ngene.. wong menilai kehidupane iku ketika menungso kui tetep rukun. Rukun 4 perkoro.. rukun tonggo jiwo (anak, bojo, wong tuo lan tonggo teparo) angger menungso iso nglakoni kabeh iku , wonge iso ngarasakne nilai utowo makna ning uripe. Dadi yo bersyukur, bersyukur dikei keluarga bojo anak sing sehat ora kurang, dikei wongtuo sing iso mituturi apik kanggo bekal urip anake, ndue tonggo teparo sing rukun. Intine sing sederhana wae, bersyukur marang sing diwenehi gusti.

gadah tujuan hidup pak?

tujuan urip? Yo mestine ndue, wong urip kui yo kudu ndue sing jenenge tujuan..

tujuan uripku yo kui mau, piye carane aku lan dulur-dulur tetep iso lan nyuarake utowo ngugemi opo sing wis di ajarke karo mbah. Yo walaupun kadang tujuan kui yo butuh perjuangan, ning yo ora opo-opo tetep tak lakoni

hal penting nek uripku akeh. Siji keluargaku sehat-sehat, loro ngugemi tatanan sikep³⁸. Piye laku urip iku yo penting, nek menungso urp ning ndoyo kok ora ndue laku urip iku yo ora pas.. kudu ndue pegangan piye ben iso pitutur lan nduweni tindak laku becik³⁹.

jenengan kiyambak menilai kehidupane njenengan niku pripun?

aku menilai kehidupanku, ngene.. wong menilai kehidupane iku ketika menungso kui tetep rukun⁴⁰. Rukun 4 perkoro.. rukun tonggo jiwo (anak, bojo, wong tuo lan tonggo teparo) angger menungso iso nglakoni kabeh iku , wonge iso ngarasakne nilai utowo makna ning uripe⁴¹. Dadi yo bersyukur, bersyukur dikei keluarga bojo anak sing sehat ora kurang, dikei wongtuo sing iso mituturi apik kanggo bekal urip anake, ndue tonggo teparo sing rukun⁴². Intine sing sederhana wae, bersyukur marang sing diwenehi gusti⁴³.

gadah tujuan hidup pak?

tujuan urip? Yo mestine ndue, wong urip kui yo kudu ndue sing jenenge tujuan⁴⁴..

tujuan uripku yo kui mau, piye carane aku lan dulur-dulur tetep iso lan nyuarake utowo ngugemi opo sing wis di ajarke karo mbah⁴⁵. Yo walaupun

<p>senajan kui apik. Apik e yo ora mung kanggo dulur sikep, tapi yo kanggo dulur-dulur liyane.</p> <p>nek misal niki pak, wonten salah satu tujuane njenengan sing mboten nopo dereng kelakon. Pripun njenengan ngendalike perasaane njenengan?</p> <p>tujuan ora kabeh kelakon. Kan aku mau wis ngomong yen gegayuhan opo tujuan kui pengen kelakon yo butuh peerjuangan. Yen durung utowo ora kelakon yo ora opo-opo. Kelakon opo orane kui kan tergantung sepiro usahane awake dewe to.</p> <p>koyo misal mau, pabrik semen.. tujuanku melestarikan pegunungan kendeng, tapi kok malah arep di bangun pabrik semen ning pegunungan kendeng, yo aku karo sedulur-dulur berjuang piye carane pabrik kui ora sido ngadek ning pegunungan kendeng.</p> <p>Koyo ngono..</p> <p>oh ngoten nggih pak. Pak, yen sedulur sikep memandang kematian niku pripun?</p> <p>yen ning dulur sikep kui aranane salin sandang. Koyo bapakku iki, lagi wae bar salin sadhang.. lagi 3 dino iki.</p> <p>sandangane salin, rogone iku ibarat sadhangane.. meninggal kui berarti ganti wadah liyo utowo sandangan liyo.</p>	<p>kadang tujuan kui yo butuh perjuangan, ning yo ora opo-opo tetep tak lakoni senajan kui apik⁴⁶. Apik e yo ora mung kanggo dulur sikep, tapi yo kanggo dulur-dulur liyane⁴⁷.</p> <p>nek misal niki pak, wonten salah satu tujuane njenengan sing mboten nopo dereng kelakon. Pripun njenengan ngendalike perasaane njenengan?</p> <p>tujuan ora kabeh kelakon. Kan aku mau wis ngomong yen gegayuhan opo tujuan kui pengen kelakon yo butuh peerjuangan. Yen durung utowo ora kelakon yo ora opo-opo⁴⁸. Kelakon opo orane kui kan tergantung sepiro usahane awake dewe to⁴⁹.</p> <p>koyo misal mau, pabrik semen.. tujuanku melestarikan pegunungan kendeng, tapi kok malah arep di bangun pabrik semen ning pegunungan kendeng, yo aku karo sedulur-dulur berjuang piye carane pabrik kui ora sido ngadek ning pegunungan kendeng.</p> <p>Koyo ngono..</p> <p>oh ngoten nggih pak. Pak, yen sedulur sikep memandang kematian niku pripun?</p> <p>yen ning dulur sikep kui aranane salin sandang. Koyo bapakku iki, lagi wae bar salin sadhang.. lagi 3 dino iki.</p> <p>sandangane salin, rogone iku ibarat</p>
--	--

<p>lha ora bedo karo nggonmu, opo sing diarani menungso ning ndoyo kui yo nggo bekale salin sandang. Makane kui menungso ning ndonyo kudu nduweni pitutur lan tindak laku sing apik. Mergo bakale yo dipertanggungjawabke marang gusti</p> <p>walaupun ajaran sikep niku sae nggih pak, tapi kan tetep wonten sebagian masyarakat sing menilai sikep niku teseh seneng bangkang lan ngeyelan. Niku jenengan pripun?</p> <p>iku kan aranane wong. Opo sing tak lakoni iku kan apik opo orane kanggo awake dewe, sing ngerti awake dewe. Dadi yo ora opo-opo arep diarani koyo ngono. Pesene mbah iku kan ngene menungso siji lan liyane kui nduweni hakikat lan kedudukan sing podo, menungso siji lan liyane iku isih sedulur, podo-podo menungsone kudu ngregani hak lan pilihan totocoro kanggo urip. Dadi aku arep diarani opo wae yo ora opo-opo. Tetep tak daku sedulur kabeh, yen gelem didaku dadi sedulur</p>	<p>sadhangan.. meninggal kui berarti ganti wadah liyo utowo sandangan liyo⁵⁰.</p> <p>lha ora bedo karo nggonmu, opo sing diarani menungso ning ndoyo kui yo nggo bekale salin sandang. Makane kui menungso ning ndonyo kudu nduweni pitutur lan tindak laku sing apik. Mergo bakale yo dipertanggungjawabke marang gusti⁵¹</p> <p>walaupun ajaran sikep niku sae nggih pak, tapi kan tetep wonten sebagian masyarakat sing menilai sikep niku teseh seneng bangkang lan ngeyelan. Niku jenengan pripun?</p> <p>iku kan aranane wong. Opo sing tak lakoni iku kan apik opo orane kanggo awake dewe, sing ngerti awake dewe. Dadi yo ora opo-opo arep diarani koyo ngono⁵² Pesene mbah iku kan ngene menungso siji lan liyane kui nduweni hakikat lan kedudukan sing podo, menungso siji lan liyane iku isih sedulur, podo-podo menungsone kudu ngregani hak lan pilihan totocoro kanggo urip⁵³. Dadi aku arep diarani opo wae yo ora opo-opo. Tetep tak daku sedulur kabeh, yen gelem didaku dadi sedulur⁵⁴</p>
--	--

Informan B

Deskripsi Natural	Pembentuka Unit Makna
<p>namine sinten bu? aku S mbak</p> <p>Putrane pinten bu? Anakku siji wedok. Nek diitung ono 2 tapi wedok kabeh. Makane tak arani siji.</p> <p>Putrane sekolah bu? Bab sekolah yo sekolah. Tapi sekolahe miturut tocoro anak turune mba Samin. Dadi nek babagan sekolah anake wong sikep iku ora sekolah formal. Sekolahe ning pondokane dewe-dewe, cukup karo bapak ibune. sing diajari yo okeh. Siji kudu diajari pitutur, loro tindak laku terusane babagan reti gawean. Babagan iku, misale anakku kawit cilik wis tak tuturi ojo nglakoni jrengki, srei, dahwen, kemiren, panesten. Bedok, colong, pethil jumput sampe nemu wae ora. Kui kabeh ojo dilakoni yo nduk.. dadine ngono kui wis ketandur ora kepengen. Mbok arep weruh duit, weruh opo yo ora kepengen, mergo ngerti nek iku ora duweane. Kan jupuk nggone wong iku ora pas..</p>	<p>namine sinten bu? aku S mbak</p> <p>Putrane pinten bu? Anakku siji wedok. Nek diitung ono 2 tapi wedok kabeh. Makane tak arani siji.</p> <p>Putrane sekolah bu? Bab sekolah yo sekolah. Tapi sekolahe miturut tocoro anak turune mba Samin. Dadi nek babagan sekolah anake wong sikep iku ora sekolah formal. Sekolahe ning pondokane dewe-dewe, cukup karo bapak ibune. sing diajari yo okeh. Siji kudu diajari pitutur, loro tindak laku terusane babagan reti gawean. Babagan iku, misale anakku kawit cilik wis tak tuturi ojo nglakoni jrengki, srei, dahwen, kemiren, panesten. Bedok, colong, pethil jumput sampe nemu wae ora¹. Kui kabeh ojo dilakoni yo nduk.. dadine ngono kui wis ketandur ora kepengen. Mbok arep weruh duit, weruh opo yo ora kepengen, mergo ngerti nek iku ora duweane. Kan jupuk nggone wong iku ora pas²..</p>

Yo kabeh kui ancen bapak ibune sing kudu ngajari. Gandeng ora sekolah formal, dulur sikep yo ora mudeng tulisan. Aku dewe ki yo ora seutuhe mudeng tulisan, tapi aku yo sinau karo dulur sing luwih ngerti tulisan.

Iha nek padangane jenengan kangge sing sekolah formal niku pripun bu?

yo apik wae. Wong iku kan nduweito toto coro sing bedo-bedo. Yen iku ancen dadi kebutuhane yo ben dilakoni ora opo-opo apik-apik wae. Ora kok terus aku nilai oh koe sekolah terus kui ora apik, yo ora ngone. Dadi genepe menungso sing nduweni toto coro sing bedo-bedo. Misal awakmu, opo koe iso ora sekolah formal? Kan wis dadi genepe. Yo nek koe pengen sekolah pengen dadi guru opo liyane, nek dulur sikep yo pengene tani. Wong tani iku opo nggo awake dewe? Ora.. tani ki ora mung kanggo awake dewe tok. Nek aku tani mung nggo keluargaku dewe kan yo turah-turah. Yo aku sing dadi tani, koe butuh beras yo sing nyukupi aku. Soale opo.. sing dadi guru, dokter karo pegawai kan yo mangan sego. Yo intine saling melengkapi kebutuhan. Yo ono sing tani yo ono sing dadi pegawai. Wis ancene kudu koyo ngono, nek dadi pegawai kabeh yo ora mangan, sing

Yo kabeh kui ancen bapak ibune sing kudu ngajari. Gandeng ora sekolah formal, dulur sikep yo ora mudeng tulisan. Aku dewe ki yo ora seutuhe mudeng tulisan, tapi aku yo sinau karo dulur sing luwih ngerti tulisan³.

Iha nek padangane jenengan kangge sing sekolah formal niku pripun bu?

yo apik wae. Wong iku kan nduweito toto coro sing bedo-bedo. Yen iku ancen dadi kebutuhane yo ben dilakoni ora opo-opo apik-apik wae⁴. Ora kok terus aku nilai oh koe sekolah terus kui ora apik, yo ora ngono⁵. Dadi genepe menungso sing nduweni toto coro sing bedo-bedo⁶. Misal awakmu, opo koe iso ora sekolah formal? Kan wis dadi genepe. Yo nek koe pengen sekolah pengen dadi guru opo liyane, nek dulur sikep yo pengene tani⁷. Wong tani iku opo nggo awake dewe? Ora.. tani ki ora mung kanggo awake dewe tok. Nek aku tani mung nggo keluargaku dewe kan yo turah-turah. Yo aku sing dadi tani, koe butuh beras yo sing nyukupi aku. Soale opo.. sing dadi guru, dokter karo pegawai kan yo mangan sego. Yo intine saling melengkapi kebutuhan⁸. Yo ono sing tani yo ono sing dadi pegawai. Wis ancene kudu koyo ngono, nek dadi pegawai kabeh yo ora mangan, sing

<p>nandur mengko sopo? Nek dadi tani kabeh mengko sing ngatur negoro sopo? wis dadi genepe ancen koyo ngono.</p> <p>bu, mboten sekolah formal mboten ngilangne cita-citane njenengan kan ?</p> <p>nek kui, bab cita-cita iku kan kabeh wong mesti ndue ya.. walaupun aku ora sekolah jenenge menungso kan mesti ndue sing jenenge kepengenan. Aku yo ndue cita-cita. Wong sing ra ndue cita-cita kui ora apik, iyo kan?</p> <p>sing diarani cita-cita iku kan kepengenan, sing tak pengeni ki ya dadi wong sing kui seger waras, nek aku waras tujuane opo pengene nglakoni tindak apik kan dadi keturunan. Yo kui sing dadi gegayuhan ku.. sing penting aku lan keluargaku seger waras, ben iso tindak laku apik marang awake dewe lan wong liyo.</p> <p>nek sampun ngoten, mpun sehat kewarasan.. wonten sing luwih dipingini nopo mboten selain sehat?</p> <p>Nek kepingin sing luwih kui tetep akeh. Sing dipingini mbendino kui wong ndue roso pengen sing bedo-bedo. Sing luwih tak pengini yo aku ora ngatik-ngatik wong liyo, pengene yo mung pengen nglakoni sing apik, sing bener</p>	<p>nandur mengko sopo? Nek dadi tani kabeh mengko sing ngatur negoro sopo? wis dadi genepe ancen koyo ngono⁹.</p> <p>bu, mboten sekolah formal mboten ngilangne cita-citane njenengan kan ?</p> <p>nek kui, bab cita-cita iku kan kabeh wong mesti ndue ya.. walaupun aku ora sekolah jenenge menungso kan mesti ndue sing jenenge kepengenan¹⁰. Aku yo ndue cita-cita. Wong sing ra ndue cita-cita kui ora apik, iyo kan?</p> <p>sing diarani cita-cita iku kan kepengenan, sing tak pengeni ki ya dadi wong sing kui seger waras, nek aku waras tujuane opo pengene nglakoni tindak apik kan dadi keturunan. Yo kui sing dadi gegayuhan ku.. sing penting aku lan keluargaku seger waras, ben iso tindak laku apik marang awake dewe lan wong liyo¹¹.</p> <p>nek sampun ngoten, mpun sehat kewarasan.. wonten sing luwih dipingini nopo mboten selain sehat?</p> <p>Nek kepingin sing luwih kui tetep akeh. Sing dipingini mbendino kui wong ndue roso pengen sing bedo-bedo¹². Sing luwih tak pengini yo aku ora ngatik-ngatik wong liyo, pengene yo mung pengen nglakoni sing apik, sing</p>
---	--

pengen mbenerno ucapan lan mbecikno kelakuan iku wis cukup dadi tujuan lan gegayuhanku. Ora usah duwur-duwur.. piye yo.. nek liyane kui yo kebutuhan mlebone, soale wong kui kan nduweni kebutuhan. Kebutuhanpun, yo sederhana wae.. misal sandangan, koyo aku karo anak-anakku kok ono apik tapi yen udu nggon-nggonane wong sikep , aku yo ora kepengen. Wong sikep yo ngono kui, kui sing diarani laku sikep. Dadi suk nek aku pengen dadi dokter utowo opo wae ning sedulur sikep ki raono ngono kui.

laku sikep niku ngajari nopo mawon bu?

lakune wong sikep utowo tatacara sikep iku yo opo sing ajarke karo mbah samin. Koyo sing tak omong mau salah sijine ora sekolah formal, lha sing diajarne opo? Pitutur , tindak laku lan gawean omah. Babagan pitutur lan tindak laku ki opo wae.. ojo jrengki, srei, panesten, dahweh, kemeren lan nyio marang sepodo. Terus bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora. Ojo dengki marang wong liyo, ojo nuduh yen raono buktine marang wong liyo, ojo gampang panas ati, ojo meri karo opo sing di nduweni wong liyo lan ojo nyio marang wong liyo. Kabeh

bener pengen mbenerno ucapan lan mbecikno kelakuan iku wis cukup dadi tujuan lan gegayuhanku. Ora usah duwur-duwur¹³..

piye yo.. nek liyane kui yo kebutuhan mlebone, soale wong kui kan nduweni kebutuhan. Kebutuhanpun, yo sederhana wae.. misal sandangan, koyo aku karo anak-anakku kok ono apik tapi yen udu nggon-nggonane wong sikep , aku yo ora kepengen¹⁴. Wong sikep yo ngono kui, kui sing diarani laku sikep. Dadi suk nek aku pengen dadi dokter utowo opo wae ning sedulur sikep ki raono ngono kui.

laku sikep niku ngajari nopo mawon bu?

lakune wong sikep utowo tatacara sikep iku yo opo sing ajarke karo mbah samin. Koyo sing tak omong mau salah sijine ora sekolah formal, lha sing diajarne opo? Pitutur , tindak laku lan gawean omah. Babagan pitutur lan tindak laku ki opo wae.. ojo jrengki, srei, panesten, dahweh, kemeren lan nyio marang sepodo. Terus bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora¹⁵. Ojo dengki marang wong liyo, ojo nuduh yen raono buktine marang wong liyo, ojo gampang panas ati, ojo meri karo opo sing di nduweni wong liyo

<p>kui ora apik..</p> <p>yo ojo nyolong barange wong liyo, jumput yo ojo misal koe ngerti ning mejo ono duit tapi kok udu duitmu lha kui ojo dijumput. Nemu wae ora, misal ning dalan koe nemu duit yo ojo dijupuk wong ora nduwemu. Sak liyane kui, dulur sikep yo ora oleh dagang kulak.. makane kui dulur sikep mergawene yo tani. Nek anak-anak dulur sikep iku ya, babagan ning sawahkui wis ngerti langsung tanggap kudu ngopo. Ora kok malah “ah aku pengen merantau” jarang ono sing ngono kui..Sampe ora kepikir kerjo merantau kui jarang.</p> <p>Nek raono tandur yo iso golek iwak, iso golek keong ngono kui.. kreatif dulur sikep ki.</p> <p>Ngene...mergo dulur sikep iku nduweni ugeman nek iyo yo iyo. Ibarate nduweni prinsip kejujuran, bukane dagang iku ora jujur.. tapi dagang iku upomo dagang kan tuku 1000 iso di dol 1100. Lha mbahku yo keno dagang, tapi nek koe kulak 1000 yo di dol 900, keno dagang nek koe iso nglakoni yo lakonono yen raiso yo rausah. Dadi iku wis dadi totocoro.. intine kudu ndue kejujuran, tapi ngaputene aku ra ngarani nek wong dagang iku ora jujur.</p>	<p>lan ojo nyio marang wong liyo. Kabeh kui ora apik¹⁶..</p> <p>yo ojo nyolong barange wong liyo, jumput yo ojo misal koe ngerti ning mejo ono duit tapi kok udu duitmu lha kui ojo dijumput. Nemu wae ora, misal ning dalan koe nemu duit yo ojo dijupuk wong ora nduwemu. Sak liyane kui, dulur sikep yo ora oleh dagang kulak.. makane kui dulur sikep mergawene yo tani. Nek anak-anak dulur sikep iku ya, babagan ning sawahkui wis ngerti langsung tanggap kudu ngopo. Ora kok malah “ah aku pengen merantau” jarang ono sing ngono kui..Sampe ora kepikir kerjo merantau kui jarang.</p> <p>Nek raono tandur yo iso golek iwak, iso golek keong ngono kui.. kreatif dulur sikep ki¹⁷.</p> <p>Ngene...mergo dulur sikep iku nduweni ugeman nek iyo yo iyo. Ibarate nduweni prinsip kejujuran, bukane dagang iku ora jujur¹⁸.. tapi dagang iku upomo dagang kan tuku 1000 iso di dol 1100. Lha mbahku yo keno dagang, tapi nek koe kulak 1000 yo di dol 900, keno dagang nek koe iso nglakoni yo lakonono yen raiso yo rausah. Dadi iku wis dadi totocoro.. intine kudu ndue kejujuran, tapi ngaputene aku ra</p>
--	---

Tapi nek di delok soko rembug, kui yo akeh pegadang sing ngono. Dadi mbahku ya nuturi anak putune, yen dadi tani iku wis cukup, wong tani ki iso nandur pari, iso nandur lombok, iso nandur jagung. Nek arep nggo kebutuhan liya-liyane iku kan iso diijolne. Mergo dagang iku ora tocorone yowis rausah dodol. Yo hasil tani ku kui yo tak dol, tapi kan aku ora kulakan.. sing penting soko hasil keringete dewe. Yo piye yo wong toto corone ngene, cukup ora cukup yo cukup..

Wong njobo yo ngertine tani tok iku ora cukup, tapi menurutku yo wajar wae nek wong ngarani ngono. Tak arani wajar ki ngene, mergo dulur sanese kanggo nyambut gawe ora ndue batasan.. iso dagang, iso dadi guru .. tapi nek dulur sikep? Yo isone mung tani . seandaine tandur ku gagal, iki kok ora dadi ora iso panen yawis suk nandur meneh. Ora bakal kapok, yo tetep tani. Mergo aku ora ndue kepengenan ora dagang, aku ra pengen liyane .. nyatane yo cukup. Nek misal pas pupuk larang opo angel, aku lan sedulur liyane yo wis ra ambil pusing. Ono kletong sapi, yowis ayo bareng-bareng di gawe pupuk.. luwih golek

ngarani nek wong dagang iku ora jujur. Tapi nek di delok soko rembug, kui yo akeh pegadang sing ngono¹⁹. Dadi mbahku ya nuturi anak putune, yen dadi tani iku wis cukup, wong tani ki iso nandur pari, iso nandur lombok, iso nandur jagung²⁰. Nek arep nggo kebutuhan liya-liyane iku kan iso diijolne. Mergo dagang iku ora tocorone yowis rausah dodol. Yo hasil tani ku kui yo tak dol, tapi kan aku ora kulakan.. sing penting soko hasil keringete dewe²¹. Yo piye yo wong toto corone ngene, cukup ora cukup yo cukup²²..

Wong njobo yo ngertine tani tok iku ora cukup, tapi menurutku yo wajar wae nek wong ngarani ngono. Tak arani wajar ki ngene, mergo dulur sanese kanggo nyambut gawe ora ndue batasan.. iso dagang, iso dadi guru .. tapi nek dulur sikep? Yo isone mung tani . seandaine tandur ku gagal, iki kok ora dadi ora iso panen yawis suk nandur meneh. Ora bakal kapok, yo tetep tani. Mergo aku ora ndue kepengenan ora dagang, aku ra pengen liyane .. nyatane yo cukup²³. Nek misal pas pupuk larang opo angel, aku lan sedulur liyane yo wis ra ambil pusing. Ono kletong sapi, yowis ayo bareng-

solusi daripada tak ambil pusing. Terus kok uler e akeh, ya ayo luru godong sing pait sing iso digawe pupuk. Aku ra tergantung ngono kui.. aku nek nandur yo nggo kimia, tapi yo sitik, ora kok terus tergantung. Dadi tani ki kudu kreatif mba..

Senajan ora tau dolan, yo aku iso mbatik iso gamelan iso nembang. Sing penting ngugemi adat lan tocoro sikep. Ngugemine opo wae? Yo tocoro pitutur lan tocoro perilaku, pantangan-pantangan sing tak sebut mau koyo jrengki srei sampe bedok colong nemu wae ojo dilakoni. Koyo jaman saiki, cah wedok-wedok akeh sing do celononan, nek teng sedulur sikep nek metu yo kudu nggo rok dowo niku salah sijine yo isih jogo adat.

Babagan catetan pitutur sing disampeke ning anak putu kui ora ono catetan, dadi kawit jaman aku isih timur karo bapak ibukku sehari hari kui yo di pituturi terus. Siji mahamno babagan gawean koyo kosek beras kosek jagung. Nek wis wayah santai opo longgar, iku bapakku selalu nuturi raoleh ngene, coro nyandange wong sikep iku piye.. iku selalu ditandurke kawit cilik mbak. Sak ilinge wong tua, mesti dipituturi ning anake nek ono

bareng di gawe pupuk.. luwih golek solusi daripada tak ambil pusing²⁴. Terus kok uler e akeh, ya ayo luru godong sing pait sing iso digawe pupuk. Aku ra tergantung ngono kui.. aku nek nandur yo nggo kimia, tapi yo sitik, ora kok terus tergantung. Dadi tani ki kudu kreatif mba²⁵..

Senajan ora tau dolan, yo aku iso mbatik iso gamelan iso nembang. Sing penting ngugemi adat lan tocoro sikep²⁶. Ngugemine opo wae? Yo tocoro pitutur lan tocoro perilaku, pantangan-pantangan sing tak sebut mau koyo jrengki srei sampe bedok colong nemu wae ojo dilakoni²⁷. Koyo jaman saiki, cah wedok-wedok akeh sing do celononan, nek teng sedulur sikep nek metu yo kudu nggo rok dowo niku salah sijine yo isih jogo adat²⁸.

Babagan catetan pitutur sing disampeke ning anak putu kui ora ono catetan, dadi kawit jaman aku isih timur karo bapak ibukku sehari hari kui yo di pituturi terus²⁹. Siji mahamno babagan gawean koyo kosek beras kosek jagung. Nek wis wayah santai opo longgar, iku bapakku selalu nuturi raoleh ngene, coro nyandange wong sikep iku piye.. iku selalu ditandurke kawit cilik mbak³⁰. Sak ilinge wong

wektu jagong. Misale aku arep ning sawah, ngko wongtuoku pesen ning aku “nduk mengko masak sego, mengko nyapu , resik-resik omah” lha bocah kui yen ora di pituturi ngono kui mesti ndueweni roso sing beedo, koyo kepengen dolan kepengen ngene lah ngono lah. Dadi masak, ngko nek wis bar kabeh lagi oleh dolan.. dadi ben ndueweni tanggungjawab sing kudu dilakoni. Terus ojo do menengan karo dulure , iku wis dadi pitutur. Karo sedulur kuiyo kudu akur.. makane wong tuo yo mituturi terus, ben karo sedulure dewe misal ora rambungan banter, pendapatate bedo lan liya-liyane, lha iki kabeh ora ditulis. Dadi kawit cilik wis manut.. aku nek lungo mbelo kendeng nganti 3 dino ora mantuk, kui anakku ning omah wis paham. Malah anakku sing ning omah nek aku lagi demo mbelo kendeng, kui do prihatin do poso lan dongakne ibuke lagi berjuang.

Jane anakku ki yo kawit cilik wis tak ajak berjuang, tak ajak wira wiri.

Nek masalah prihatin, masalah poso kui ya tergantung gegayuhan e .. tergantung opo sing dituju. Koyo poso mbelo kendeng, kadang yo ono poso weton

tua, mesti dipituturi ning anake nek ono wektu jagong. Misale aku arep ning sawah, ngko wongtuoku pesen ning aku “nduk mengko masak sego, mengko nyapu , resik-resik omah” lha bocah kui yen ora di pituturi ngono kui mesti ndueweni roso sing beedo, koyo kepengen dolan kepengen ngene lah ngono lah. Dadi masak, ngko nek wis bar kabeh lagi oleh dolan.. dadi ben ndueweni tanggungjawab sing kudu dilakoni³¹. Terus ojo do menengan karo dulure , iku wis dadi pitutur. Karo sedulur kuiyo kudu akur.. makane wong tuo yo mituturi terus, ben karo sedulure dewe misal ora rambungan banter, pendapatate bedo lan liya-liyane, lha iki kabeh ora ditulis³². Dadi kawit cilik wis manut.. aku nek lungo mbelo kendeng nganti 3 dino ora mantuk, kui anakku ning omah wis paham. Malah anakku sing ning omah nek aku lagi demo mbelo kendeng, kui do prihatin do poso lan dongakne ibuke lagi berjuang³³.

Jane anakku ki yo kawit cilik wis tak ajak berjuang, tak ajak wira wiri.

Nek masalah prihatin, masalah poso kui ya tergantung gegayuhan e .. tergantung opo sing dituju. Koyo poso mbelo kendeng, kadang yo ono poso

lha teng ajaran laku sikep niku, keyakinan utowo ketuhanan sing diajarke kalih mbah Samin niku nopo?

keyakinan yo? Keyakinan ning Tuhan berarti? Nek keyaninan yo ndue agama. Iku kan masuk ning babagan kepercayaan utowo ketuhanan. Lha masalah iku masuk pribadi.. maksudku ngene, keyakinan iku kan masuke ning roso ning atine dewe-dewe. Lha wong sikep iku yo ndue agomo. Ngopo kok aku ngomong ning atine dewe-dewe? Yo mergo ning sikep, laku kui sing penting. Mergo opo sing dadi pitutur lan tindak laku kui bakale balik ning awake dewe-dewe. Tergantung atine kepiye..

Pie yo.. koe ngomong tuhan, lak sing iso ngrasakne onone tuhan ning atimu kan koe dewe to? Roso kui manggon ning atimu, lha dulur sikep yo ngono.. nek kon jelaske bentuke kepiye , aku raiso jelasno kan? Isonone mung iso dirasakne ning atine dewe-dewe

lha nek ajarane niku sampun nyebar teng pundi mawon bu?

akeh mbak anak turun sikep ki.. yo salah sijine ono ning Sukolilo iki. Ning Blora ya ono, mergo tempat lahire mbah Samin ning kono.. ning iku lo,

weton³⁴.

lha teng ajaran laku sikep niku, keyakinan utowo ketuhanan sing diajarke kalih mbah Samin niku nopo?

keyakinan yo? Keyakinan ning Tuhan berarti? Nek keyaninan yo ndue agama³⁵. Iku kan masuk ning babagan kepercayaan utowo ketuhanan. Lha masalah iku masuk pribadi.. maksudku ngene, keyakinan iku kan masuke ning roso ning atine dewe-dewe³⁶. Lha wong sikep iku yo ndue agomo. Ngopo kok aku ngomong ning atine dewe-dewe? Yo mergo ning sikep, laku kui sing penting. Mergo opo sing dadi pitutur lan tindak laku kui bakale balik ning awake dewe-dewe. Tergantung atine kepiye³⁷..

Pie yo.. koe ngomong tuhan, lak sing iso ngrasakne onone tuhan ning atimu kan koe dewe to? Roso kui manggon ning atimu, lha dulur sikep yo ngono.. nek kon jelaske bentuke kepiye , aku raiso jelasno kan? Isonone mung iso dirasakne ning atine dewe-dewe³⁸

lha nek ajarane niku sampun nyebar teng pundi mawon bu?

akeh mbak anak turun sikep ki.. yo salah sijine ono ning Sukolilo iki. Ning Blora ya ono, mergo tempat lahire

ngendi jenenge.. ning plosu kedhiren Randbelatung. Ono sing ning Bojonegoro, ono sing ning Rembang, ning Kudus yo ono .. sing wingi koe rono kui to, lha iku deso kaliyoso. Yo mergo mbah Samin iku kan mbiene terkenal ning kalangan tani, lha tani-tani soko liyo daerah do dadi muride mbah Samin. Pas mbah Samin dicekel londo, muride iki mau do nyebar ning berbagai daerah.

jenengan pernah mboten bu, keluar nopo pindah saking lingkungan sikep?

Aku dewe kawit cilik wis ning kene mbak. Ora pernah pindah-pindah opo metu soko lingkungane dulur sikep kui urung pernah. Ngene.. mungkin nek kerjo yo pernah, paling ning liyo desa kui pun tani mung tandur. Tapi wong lanang yo kadangkala ono kerjo bangunan, tapi yo mung samben.. nek koyo ngene ki kan durung terlalu sibuk ning sawah, lha sing lanang nek oleh kerjaan ting luar deso nggih purun. Sing ning jakarta yo ono, tapi tetep ora kowar kawering kaweruh, kan nek ning luar lingkungan sikep iku wonge bedo-bedo. Sing penting isih ngugemi ajaran-ajarane totocoro sikep opo sing dilakoni ning kene yo kudu dilakoni

mbah Samin ning kono.. ning iku lo, ngendi jenenge.. ning plosu kedhiren Randbelatung. Ono sing ning Bojonegoro, ono sing ning Rembang, ning Kudus yo ono .. sing wingi koe rono kui to, lha iku deso kaliyoso. Yo mergo mbah Samin iku kan mbiene terkenal ning kalangan tani, lha tani-tani soko liyo daerah do dadi muride mbah Samin. Pas mbah Samin dicekel londo, muride iki mau do nyebar ning berbagai daerah.

jenengan pernah mboten bu, keluar nopo pindah saking lingkungan sikep?

Aku dewe kawit cilik wis ning kene mbak. Ora pernah pindah-pindah opo metu soko lingkungane dulur sikep kui urung pernah. Ngene.. mungkin nek kerjo yo pernah, paling ning liyo desa kui pun tani mung tandur. Tapi wong lanang yo kadangkala ono kerjo bangunan, tapi yo mung samben.. nek koyo ngene ki kan durung terlalu sibuk ning sawah, lha sing lanang nek oleh kerjaan ting luar deso nggih purun. Sing ning jakarta yo ono, tapi tetep ora kowar kawering kaweruh, kan nek ning luar lingkungan sikep iku wonge bedo-bedo. Sing penting isih ngugemi ajaran-ajarane totocoro sikep opo sing dilakoni

ning kono. iki rukunanku yo lagi nung jogja, ono pak dosen kono, mbien yo pernah rene. Dadi yo sambung raket seduluran, iki wis arep sesasi durung balik. Ora opo-opo kerjo ning adoh, sing penting iso ngatingati dewe..

Lha gadah sedulur teng luar lingkungan sikep mboten bu?

Akeh koncone. Mergo yo wis dianggep sedulur, dadi yo tak arani sedulur. Bab kendeng iku yo ora mung dulur sikep, luar sikep yo okeh. Mergo berjuang bareng , malah akeh dadi dulur. Ayo bareng-bareng do belani ibu bumi, ayo bareng lindungi lingkungane dewe-dewe. Koncone yo akeh... daerah soko ngendi-ngendi. ono tambakromo, larangan, maitan ki akeh. Soale nek belo lingkungan kan kanggo luas kan, ora mung kanggo pribadine dulur sikep.

Berjuang kan yo ora mung ning kene, yo ning semarang yo ning jakarta. Koyo pabrik semen iku kan sing ndue saham sebagian kan wong jerman , lha yo ono wong jerman sing rene soko melu mbelo kendeng. Kan nggih dulur sikep raiso bahasa jerman, dadi yo ono sing nerjemahno..

Nek kalih perubahan jaman bu, mengikuti nopo mboten?

ning kene yo kudu dilakoni ning kono³⁹. iki rukunanku yo lagi nung jogja, ono pak dosen kono, mbien yo pernah rene. Dadi yo sambung raket seduluran, iki wis arep sesasi durung balik. Ora opo-opo kerjo ning adoh, sing penting iso ngatingati dewe⁴⁰..

Lha gadah sedulur teng luar lingkungan sikep mboten bu?

Akeh koncone. Mergo yo wis dianggep sedulur, dadi yo tak arani sedulur⁴¹. Bab kendeng iku yo ora mung dulur sikep, luar sikep yo okeh. Mergo berjuang bareng , malah akeh dadi dulur. Ayo bareng-bareng do belani ibu bumi, ayo bareng lindungi lingkungane dewe-dewe⁴². Koncone yo akeh... daerah soko ngendi-ngendi. ono tambakromo, larangan, maitan ki akeh. Soale nek belo lingkungan kan kanggo luas kan, ora mung kanggo pribadine dulur sikep⁴³.

Berjuang kan yo ora mung ning kene, yo ning semarang yo ning jakarta. Koyo pabrik semen iku kan sing ndue saham sebagian kan wong jerman , lha yo ono wong jerman sing rene soko melu mbelo kendeng. Kan nggih dulur sikep raiso bahasa jerman, dadi yo ono sing nerjemahno..

Nek kalih perubahan jaman bu,

Yo nek aku sih ngene, wis sesuai kebutuhan wae.. aku yo ndue HP, tapi butuhku opo? Butuhe yo ben iso telfon. Dadi yo menurutku penting.. sing iso ngontrol kan yo sing nduwe, HP arep di gawe apik utowo ora apik iku yo tergantung awake dewe. HP iku kan sesuai keperluan, lha kari HP iku mbok gawe opo.. Yo nek aku, kemajuan jaman kui ga mempengaruhi elek.. misal tv, soal e tv kui kan yo ono sing nilai positif e. Kan yo ono berita lan ono opo.. tv iku kan yo siarane macem-macem. Opo sing metu ning tv yo wis, sekedar nonton. Ora mempengaruhi.. Nek babagan nyandang ngganggo kui kan, apik o koyo opo nek ancen ora nggon-nggonane wong sikep, yo ora kepengen. Yo kui pr kanggo wong tuo.. wong sikep kui yo ono sing bantah ki yo ono, tapi tetep bedo. Soale kan dolanan e isih karo dulur-dulure sikep. Mungkin yo ora terus kepengaruh ngono ora.. mengko karo wong tuane ya dituturi meneh, nek bantah kui ora apik..

Gadah sosial media bu?

Sosial media ki opo? Koyo Whatsapp ngono kui? Nek kui aku butuh, nek liyane aku ga butuh.. misal yo mbak, sawah ku ben cepet

mengikuti nopo mboten?

Yo nek aku sih ngene, wis sesuai kebutuhan wae..⁴⁴ aku yo ndue HP, tapi butuhku opo? Butuhe yo ben iso telfon. Dadi yo menurutku penting.. sing iso ngontrol kan yo sing nduwe, HP arep di gawe apik utowo ora apik iku yo tergantung awake dewe⁴⁵. HP iku kan sesuai keperluan, lha kari HP iku mbok gawe opo.. Yo nek aku, kemajuan jaman kui ga mempengaruhi elek.. misal tv, soal e tv kui kan yo ono sing nilai positif e. Kan yo ono berita lan ono opo.. tv iku kan yo siarane macem-macem. Opo sing metu ning tv yo wis, sekedar nonton. Ora mempengaruhi..⁴⁶ Nek babagan nyandang ngganggo kui kan, apik o koyo opo nek ancen ora nggon-nggonane wong sikep, yo ora kepengen⁴⁷. Yo kui pr kanggo wong tuo.. wong sikep kui yo ono sing bantah ki yo ono, tapi tetep bedo. Soale kan dolanan e isih karo dulur-dulure sikep. Mungkin yo ora terus kepengaruh ngono ora.. mengko karo wong tuane ya dituturi meneh, nek bantah kui ora apik..⁴⁸

Gadah sosial media bu?

Sosial media ki opo? Koyo Whatsapp ngono kui? Nek kui aku butuh, nek liyane aku ga butuh..

garape ya nggo traktor. Yo nek nganggo coro mbien mesti kan yo butuh waktu luwih suwe. Lha perubahan jaman iki nek kanggo apik utowo hal positif iku yo ora opo-opo. Terus tuku motor, wong saiki kan butuh motor yo ora? Lha tuku motor bayar listrik ki yo butuh KTP. Dulur sikep iku, gawe KTP yen butuh .. yo koyo butuh nggo tuku motor karo listrik. Dadi nek durung butuh yo durung gawe KTP.

Berarti sampun ngikuti aturan pemerintah nggih bu? Kados bayar pajak lan liya-liyane?

Nek babagan pajak karo KTP mulai bayar ning pemerintah tahun piro iku lali, tapi nek jare mbah-mbahku kui ket Indonesia merdeka wis mulai bayar. Nek KTP yo kui mau, sesuai kebutuhan .. nek jaman mbien kan mbah-mbah ku do ora nduwe KTP, mergo yo urung ono motor. Tapi kan saiki ono program pemerintah, dadi yo opo sing dilakoni ora bedo. sing butuh KTP yo do gawe.. turmaneh perangkat desa kene yo wis do memahami. Uwis do paham..

ngoten nggih bu, jenengan nek menilai kehidupane jenengan kados pribun bu?

kehidupan opo mbak? Kehidupan iku kan akeh.. menungso kui yo kehidupan,

misal yo mbak, sawah ku ben cepet garape ya nggo traktor. Yo nek nganggo coro mbien mesti kan yo butuh waktu luwih suwe. Lha perubahan jaman iki nek kanggo apik utowo hal positif iku yo ora opo-opo⁴⁹. Terus tuku motor, wong saiki kan butuh motor yo ora? Lha tuku motor bayar listrik ki yo butuh KTP. Dulur sikep iku, gawe KTP yen butuh .. yo koyo butuh nggo tuku motor karo listrik. Dadi nek durung butuh yo durung gawe KTP⁵⁰.

Berarti sampun ngikuti aturan pemerintah nggih bu? Kados bayar pajak lan liya-liyane?

Nek babagan pajak karo KTP mulai bayar ning pemerintah tahun piro iku lali, tapi nek jare mbah-mbahku kui ket Indonesia merdeka wis mulai bayar. Nek KTP yo kui mau, sesuai kebutuhan .. nek jaman mbien kan mbah-mbah ku do ora nduwe KTP, mergo yo urung ono motor. Tapi kan saiki ono program pemerintah, dadi yo opo sing dilakoni ora bedo. sing butuh KTP yo do gawe.. turmaneh perangkat desa kene yo wis do memahami. Uwis do paham..⁵¹

ngoten nggih bu, jenengan nek menilai kehidupane jenengan kados pribun bu?

kehidupan opo mbak? Kehidupan iku

lingkungan kui kehidupan, kewan yo kehidupan.. kehidupan ki luas. Nek aku menilai kehidupanku yo ngeneki. Urip sesuai toto coro sikep, sehat kewarasan, pengen nglakoni opo yo dilakoni asal kui apik. Lah iyo to? Wong sikep iku ya mbak, wonge ki simpel.. sing sederhana wae. Dadi arep piye kehidupanku yo ngeneki, urip sederhana lan bersyukur karo opo sing wis dilakoni. Yo ora nduweni roso pengen sing aneh-aneh dulur sikep ki.

Lingkungan niku kan nggih kehidupan nggih bu, kados pribun sih jenengan menghargai lingkungan sekitare jenengan?

babagan menghargai lingkungan yo mbak, lingkungan kan yo luas.. misal nglestarike lingkungan. Dulur sikep iku mati-matian olehe berjuang kanggo mbelo gunung kendeng mbak. Mergone yo opo.. lingkungan iku kan sing ngewenehi menungso kehidupan. Nek alame iki rusak, terus opo sing arep ditingalno ning anak putu? Podo-podo mahkluke gusti kui kudu saling menghargai. Tonggo teparo yo lingkungan sekitar, nek lingkupku iki samping-samping omahku iki isih sedulurku kabeh. Lha sedulur sikep iku sing udu dulure wae didaku sedulur,

kan akeh.. menungso kui yo kehidupan, lingkungan kui kehidupan, kewan yo kehidupan.. kehidupan ki luas⁵². Nek aku menilai kehidupanku yo ngeneki. Urip sesuai toto coro sikep, sehat kewarasan, pengen nglakoni opo yo dilakoni asal kui apik⁵³. Lah iyo to? Wong sikep iku ya mbak, wonge ki simpel.. sing sederhana wae. Dadi arep piye kehidupanku yo ngeneki, urip sederhana lan bersyukur karo opo sing wis dilakoni. Yo ora nduweni roso pengen sing aneh-aneh dulur sikep ki⁵⁴.

Lingkungan niku kan nggih kehidupan nggih bu, kados pribun sih jenengan menghargai lingkungan sekitare jenengan?

babagan menghargai lingkungan yo mbak, lingkungan kan yo luas.. misal nglestarike lingkungan. Dulur sikep iku mati-matian olehe berjuang kanggo mbelo gunung kendeng mbak. Mergone yo opo.. lingkungan iku kan sing ngewenehi menungso kehidupan. Nek alame iki rusak, terus opo sing arep ditingalno ning anak putu? Podo-podo mahkluke gusti kui kudu saling menghargai⁵⁵. Tonggo teparo yo lingkungan sekitar, nek lingkupku iki samping-samping omahku iki isih sedulurku kabeh. Lha sedulur sikep iku

<p>opo meneh sedulur dewe.. yo kudu akur lan kudu saling bantu..</p> <p>nek sampun ngoten nggi bu, jenengan mampu mboten ngerasakne lan menikmati, mpun ngroso puas kaleh kehidupane jenengan selama niki?</p> <p>loh yo mbak, urip iku kudu dijalani.. aku yo menikmati uripku. Yo koyo sing tak omong mau loh mbak, urip iku kudu bersyukur. Yen awake dewe ora nyawang wong liyo, misal ora meri karo opo sing di nduweni wong liyo.. kui awake dewe dadi beryukur. Mergo nyawang awake dewe sing isih diki sehat, isih iso nglakoni kebecikan. Dadi opo wae sing tak lakoni yo aku ngerasakne. Kepuasan iku kan babagan nduweni roso seneng ya.. terutama keluargamu do sehat kewarasan, pengen opo wae awake kan waras kui wis seneng. Mergo tujuane wis ning nggone keapikan. Seneng kui yo bedo-bedo, misal aku seneng mbelo kendeng, aku seneng peduli lingkungan, aku seneng tani. Seneng iku akeh dan aku puas karo kesenangan kui.. jajal koe.. nek koe bar nglakoni kebecikan utowo hal apik? Ngeroso puas ora? Mesti bedo to rasane.. lha makane kui dulur sikep selalu nanemke yen kudu tumindak lan</p>	<p>sing udu dulure wae didaku sedulur, opo meneh sedulur dewe.. yo kudu akur lan kudu saling bantu..⁵⁶</p> <p>nek sampun ngoten nggi bu, jenengan mampu mboten ngerasakne lan menikmati, mpun ngroso puas kaleh kehidupane jenengan selama niki?</p> <p>loh yo mbak, urip iku kudu dijalani.. aku yo menikmati uripku. Yo koyo sing tak omong mau loh mbak, urip iku kudu bersyukur. Yen awake dewe ora nyawang wong liyo, misal ora meri karo opo sing di nduweni wong liyo.. kui awake dewe dadi beryukur⁵⁷. Mergo nyawang awake dewe sing isih diki sehat, isih iso nglakoni kebecikan. Dadi opo wae sing tak lakoni yo aku ngerasakne⁵⁸. Kepuasan iku kan babagan nduweni roso seneng ya.. terutama keluargamu do sehat kewarasan, pengen opo wae awake kan waras kui wis seneng. Mergo tujuane wis ning nggone keapikan⁵⁹. Seneng kui yo bedo-bedo, misal aku seneng mbelo kendeng, aku seneng peduli lingkungan, aku seneng tani. Seneng iku akeh dan aku puas karo kesenangan kui..⁶⁰ jajal koe.. nek koe bar nglakoni kebecikan utowo hal apik? Ngeroso puas ora? Mesti bedo to rasane.. lha</p>
---	--

nduweni pitutur sing apik. Kabeh kui balik ning awake dewe-dewe mbak. Nek awake dewe nglakoni hal sing apik, yo koe bakal iso menikmati. tapi nek koe nglakoni hal sing wis kelewat batasan-batasan, yo mengko bakale balik ning awakmu dewe. Wis ancene ngono..

bu, jenengan kan mestine sampun mendet keputusan berkali-kali nggih.. sebesar nopo sih tanggungjawabe jenengan kalih keputusan sing sampun di pundut?

yen bab jupuk keputusan iku yo mestine terus yo mbak, wong jenenge urip iku ora adoh karo opo sing diputusne. Yo nek aku ditakoni piye tanggungjawabe , yo mestine tanggungjawab. Apik elek keputusan sing wis dijupuk, yo kudu iso nerimo opo resikone. Koyo wingi mbak, aku tandur brambang terus gagal panen.. yo wis ora opo-opo. Wong aku wis mutusne yen sawahku tak tanduri brambang. Yo aku ora kapok mbak, wis ora opo-opo.

Hal penting sing wonten teng kehidupane jenengan nopo bu?

Babagan opo sing ta pentingne ning urip, nek bagine aku sing dadi bagian dulur sikep opo sing pentingne kui yo

makane kui dulur sikep selalu nanemke yen kudu tumindak lan nduweni pitutur sing apik. Kabeh kui balik ning awake dewe-dewe mbak. Nek awake dewe nglakoni hal sing apik, yo koe bakal iso menikmati. tapi nek koe nglakoni hal sing wis kelewat batasan-batasan, yo mengko bakale balik ning awakmu dewe. Wis ancene ngono..⁶¹

bu, jenengan kan mestine sampun mendet keputusan berkali-kali nggih.. sebesar nopo sih tanggungjawabe jenengan kalih keputusan sing sampun di pundut?

yen bab jupuk keputusan iku yo mestine terus yo mbak, wong jenenge urip iku ora adoh karo opo sing diputusne. Yo nek aku ditakoni piye tanggungjawabe , yo mestine tanggungjawab. Apik elek keputusan sing wis dijupuk, yo kudu iso nerimo opo resikone.⁶² Koyo wingi mbak, aku tandur brambang terus gagal panen.. yo wis ora opo-opo. Wong aku wis mutusne yen sawahku tak tanduri brambang. Yo aku ora kapok mbak, wis ora opo-opo⁶³.

Hal penting sing wonten teng kehidupane jenengan nopo bu?

Babagan opo sing ta pentingne ning urip, nek bagine aku sing dadi bagian

kudu terus nglakoni kebecikan, apik orane ora mung nggo awake dewe, tapi nggo kabeh dulur sikep.

Tentang kehidupan nggih bu, gadah mboten sih tujuan hidup sing dipengeni nopo sing di nduweni?

Tujuanku yo mbak... koyo sing tak omong mau. Aku dikei sehat waras, aku nek wis sehat kan arep nglakoni opo wae kan iso. Lha tujuanku khususse iku yo iso tumindak apik. Wis lah, nglakoni sing becik marang sepodo, manfaat kanggo wong liyo lan kanggo ibu bumi. Tujuanku yo mung kui, tetep kenceng nyekel utowo ngugemi ajarane mbah Samin.

Bu, nek seandainya wonten sesuatu sing ngalang-ngalangi kepengenan utawi karepe jenengenan. Jenengan pripun?

ngene mbak.. opo sing dikarep iku kan ora seteruse keturunan utowo lancar-lancar wae. Koyo mau, piye nek pas tandur kok pupuke langka opo larang.. yo uwis , ora usah sambat. Golek solusi piye carane tetep oleh pupuk, lha ayo bareng-bareng gawe pupuk organik. Kan hasile malah luwih apik.. dulur sikep kui ra pernah ambil pusing mbak, yo misal ono sing ngalang-ngalangi ono kendala yo piye carane golek jalan

dulur sikep opo sing pentingne kui yo kudu terus nglakoni kebecikan, apik orane ora mung nggo awake dewe, tapi nggo kabeh dulur sikep. ⁶⁴

Tentang kehidupan nggih bu, gadah mboten sih tujuan hidup sing dipengeni nopo sing di nduweni?

Tujuanku yo mbak... koyo sing tak omong mau. Aku dikei sehat waras, aku nek wis sehat kan arep nglakoni opo wae kan iso. Lha tujuanku khususse iku yo iso tumindak apik. Wis lah, nglakoni sing becik marang sepodo, manfaat kanggo wong liyo lan kanggo ibu bumi⁶⁵. Tujuanku yo mung kui, tetep kenceng nyekel utowo ngugemi ajarane mbah Samin.⁶⁶

Bu, nek seandainya wonten sesuatu sing ngalang-ngalangi kepengenan utawi karepe jenengenan. Jenengan pripun?

ngene mbak.. opo sing dikarep iku kan ora seteruse keturunan utowo lancar-lancar wae⁶⁷. Koyo mau, piye nek pas tandur kok pupuke langka opo larang.. yo uwis , ora usah sambat. Golek solusi piye carane tetep oleh pupuk, lha ayo bareng-bareng gawe pupuk organik. Kan hasile malah luwih apik.. dulur sikep kui ra pernah ambil pusing mbak, yo misal ono sing ngalang-ngalangi ono

<p>keluar, golek sulosi.</p> <p>ndek wau kan tentang kehidupan nggih, nek pandangane jenengan tentang kematian kados pripun?</p> <p>Kematian iku nek ning dulur sikep arane salin sandang, koyo iki mau aku bar soko omah e sing salin sandang, bocahe isih cilik sing salin sandhang. Upomo wong nek wis raono uripe, yo golek wadah sing anyar meneh. Dadi golek sandangan liyo. sandangane wis bedo.. mulane wong sing diarani salin sandhang iku wong sing wis meninggal. Lha iku mau , nek ning ndonya pitutur lan tindak laku ne apik, ya kui nggo sangu nek awake dewe salin sandhang. Perilaku apik yo bakale ngunduhe apik, ngono yo sak walike.</p> <p>bu, sedulur sikep niku kan angsal penilaian negatif nggih saking masyarakat luas. Kados tukang bangkang, tukang ngeyelan .. tanggepane jenengan pripun nek kados niku?</p> <p>Babagan iku yo.. iku kan wis sue , tapi aku diarani yo ora opo-opo. Kari sak butuhe sing arep ngarani kepiye. Mergo ngene, jaman mbien naliko londo jajah indonesia, dulur sikep iku diarani samin. Mergo wong nomer siji dulur sikep iku yo mbah samin surosentiko.</p>	<p>kendala yo piye carane golek jalan keluar, golek sulosi.⁶⁸</p> <p>ndek wau kan tentang kehidupan nggih, nek pandangane jenengan tentang kematian kados pripun?</p> <p>Kematian iku nek ning dulur sikep arane salin sandang⁶⁹, koyo iki mau aku bar soko omah e sing salin sandang, bocahe isih cilik sing salin sandhang. Upomo wong nek wis raono uripe, yo golek wadah sing anyar meneh. Dadi golek sandangan liyo⁷⁰. sandangane wis bedo.. mulane wong sing diarani salin sandhang iku wong sing wis meninggal. Lha iku mau , nek ning ndonya pitutur lan tindak laku ne apik, ya kui nggo sangu nek awake dewe salin sandhang. Perilaku apik yo bakale ngunduhe apik, ngono yo sak walike.⁷¹</p> <p>bu, sedulur sikep niku kan angsal penilaian negatif nggih saking masyarakat luas. Kados tukang bangkang, tukang ngeyelan .. tanggepane jenengan pripun nek kados niku?</p> <p>Babagan iku yo.. iku kan wis sue , tapi aku diarani yo ora opo-opo. Kari sak butuhe sing arep ngarani kepiye⁷². Mergo ngene, jaman mbien naliko londo jajah indonesia, dulur sikep iku diarani samin. Mergo wong nomer siji</p>
---	--

<p>Dadi anak putune diarani wong samin. Padahal samin iku aran wong, mbah samin ncen emoh bayar pajek iku kan kanggo wong akehh. Lha kok iso kanggo wong okeh? Iku kan jajahan londo, mergo gak bayar pajek dadi diarani wong sing bangkang utowo sengkak. Tapi naliko indonesia merdeka, dulur sikep yo wis manut karo pemerintah yo bayar pajek. Tapi nganti saiki aran-arane mbien yo isih di utik-utik, yo aku ora opo-opo. Ngene lo.. yo mungkin iyo dulur sikep kui mbangkang, jaman mbien nek dulur sikep kon jogo ronda iku ora gelem. Mergo lingkungane dewe wis di jogo dewe-dewe, mergo yo ora ono sing jenenge bedok colong iku raono. Kabeh wong iku nek ning dulur sikep didaku sedulur nek gelem di daku sedulur, dadi yo ora ono padangan ning wong liyo nek iku udu dulur ku ngono kui ora ono.</p>	<p>dulur sikep iku yo mbah samin surosentiko. Dadi anak putune diarani wong samin. Padahal samin iku aran wong, mbah samin ncen emoh bayar pajek iku kan kanggo wong akehh. Lha kok iso kanggo wong okeh? Iku kan jajahan londo, mergo gak bayar pajek dadi diarani wong sing bangkang utowo sengkak. Tapi naliko indonesia merdeka, dulur sikep yo wis manut karo pemerintah yo bayar pajek. Tapi nganti saiki aran-arane mbien yo isih di utik-utik, yo aku ora opo-opo. Ngene lo.. yo mungkin iyo dulur sikep kui mbangkang, jaman mbien nek dulur sikep kon jogo ronda iku ora gelem. Mergo lingkungane dewe wis di jogo dewe-dewe, mergo yo ora ono sing jenenge bedok colong iku raono⁷³. Kabeh wong iku nek ning dulur sikep didaku sedulur nek gelem di daku sedulur, dadi yo ora ono padangan ning wong liyo nek iku udu dulur ku ngono kui ora ono.⁷⁴</p>
--	---

Informan C

Deskripsi Natural	Pembetulan Unit Makna
<p>namine sinten bu? Aku T mbak</p> <p>Putrane pinten bu? Anakku siji, wedok. nek mbahe iki anake 8, aku sing ragil. Dulur-dulur ki lanang kabeh mbak, aku sing wedok dewe.</p> <p>Putrane sekolah bu? nek sekolah ya ning pondokan e dewe karo mboke pake. Nek totocorone tiyang mriki niku nggih, sekolahe ning pondokane dewe. Nek teng pondokane dewe iku kan diajari emoh jrengki, srei, panesten dahwen ngoten teng sedulursikep ki. Aku ndek cilik pernah takon karo bapakku , aku takon “ loh pak koncoku do sekolah aku kok ora disekolahke ngono kui?” bapakku mung ngomong nek kui udu totocoromu yo nduk.. ngoten. Totocoromu kui yo ning pondakane dewe, dituturi mboke pake kudu ngandel.</p> <p>lha nek padangane jenengan kangge sing sekolah formal niku pripun bu? yo ora opo-opo. Jajal aku takon, koe</p>	<p>namine sinten bu? Aku T mbak</p> <p>Putrane pinten bu? Anakku siji, wedok. nek mbahe iki anake 8, aku sing ragil. Dulur-dulur ki lanang kabeh mbak, aku sing wedok dewe.</p> <p>Putrane sekolah bu? nek sekolah ya ning pondokan e dewe karo mboke pake. Nek totocorone tiyang mriki niku nggih, sekolahe ning pondokane dewe. Nek teng pondokane dewe iku kan diajari emoh jrengki, srei, panesten dahwen ngoten teng sedulursikep ki¹. Aku ndek cilik pernah takon karo bapakku , aku takon “ loh pak koncoku do sekolah aku kok ora disekolahke ngono kui?” bapakku mung ngomong nek kui udu totocoromu yo nduk.. ngoten². Totocoromu kui yo ning pondakane dewe, dituturi mboke pake kudu ngandel.</p> <p>lha nek padangane jenengan kangge sing sekolah formal niku pripun bu? yo ora opo-opo. Jajal aku takon, koe</p>

nek ra sekolah iso ora? Tatanane dulur sikep karo awakmu bedo mbak. Dan kui ora opo-opo .. bedo kui ora opo-opo. mbah Surondiko ngajarne bedo-bedo kui yo isih sedulur yen gelem didaku sedulur. sekolah iku kan tujuane apik, yo selagi kui apik kan ora ngrugike wong liyo. Ngene yo mbak.. ngopo mbah Surondiko kok ora ngolehi sekolah, mergo wong nek wis sekolah kui ora ono puase. Rasane koyo ono sing kurang-kurang terus, marakne wong kui malah ora bersyukur.. yo ngapuntene, aku ngomong ngene bukan berarti sing sekolah ki wonge ngono yo ora. Pinter nek nggo minteri wong kan yo muspro.. dadi yo mbak, dulur sikep iku nek ngajari anak ning pondokan iku yo lewat pitutur mbak, makane wong sikep nek babagan buku kui ora kanggo.. yo sekolahe coro pangerten , yen bar dituturi wong tuone kui kudune diiling-iling terus.

Eee kadang nek bar surup anak do ngumpul kabeh bar mangan, terus dituturi bapake. Jenenge pitutur ning anak ki yo jane ora bedo karo awakmu.

Kan mboten sekolah nggih bu, tapi nek tentang kemajuan jaman niku sampun nerima dereng?

Misale opo? Koyo HP ngono kui?

nek ra sekolah iso ora? Tatanane dulur sikep karo awakmu bedo mbak. Dan kui ora opo-opo .. bedo kui ora opo-opo³. mbah Surondiko ngajarne bedo-bedo kui yo isih sedulur yen gelem didaku sedulur. sekolah iku kan tujuane apik, yo selagi kui apik kan ora ngrugike wong liyo⁴. Ngene yo mbak.. ngopo mbah Surondiko kok ora ngolehi sekolah, mergo wong nek wis sekolah kui ora ono puase. Rasane koyo ono sing kurang-kurang terus, marakne wong kui malah ora bersyukur.. yo ngapuntene, aku ngomong ngene bukan berarti sing sekolah ki wonge ngono yo ora. Pinter nek nggo minteri wong kan yo muspro..⁵ dadi yo mbak, dulur sikep iku nek ngajari anak ning pondokan iku yo lewat pitutur mbak, makane wong sikep nek babagan buku kui ora kanggo.. yo sekolahe coro pangerten , yen bar dituturi wong tuone kui kudune diiling-iling terus⁶.

Eee kadang nek bar surup anak do ngumpul kabeh bar mangan, terus dituturi bapake. Jenenge pitutur ning anak ki yo jane ora bedo karo awakmu⁷.

Kan mboten sekolah nggih bu, tapi nek tentang kemajuan jaman niku sampun nerima dereng?

Misale opo? Koyo HP ngono kui?

lha kui mbak, HP kui barang cilik tapi pengaruhe yo gede. Nek TV ket aku cilik iku wis ono, HP kan durung ono. Dadi nek bapak ibuku nuturi aku yo ngandel.. lha saiki aku nuturi anakku yo bedo, tantangan bedo mbak.. yoo walaupun dulur sikep ki wis do nganggo HP, motor lan liya-liyane.. sing penting iku ajarane soko mbah Surondiko tetep di tuturke ning anak-anake. Ngene yo mbak, ora kabeh dulur sikep kui apik.. kadang yo ono sing mbanggal , angel tuturane yo ono. Tapi yo wongtuone ora menyerah kanggo nuturi anak-anake mbak. Koyo HP kui mau, nek tak kei HP yo ora apik nek ora kok yo mesakne.. aku dewe ki ora nganggo HP mbak, dadi yo ora ngerti. Nek aku mbien nonton TV, yo ora terpengaruh negatif. Nonton TV yo uwis nonton bar, soale aku yo ora mudeng sing dibahas kui mau opo.. tapi saiki kan akih, ono TikTok, ono permainan . durung mengko nek do dolan ngono kae, balik-balik wadul wongtuone “mak e aku mau ngerti apik, aku pengen” lha aku yo nuturi nek kui dudu totocorone awake dewe yo nduk.. sing penting wong tuo iku ora kesel kanggo ngei pitutur ning anak.

Nopo wonten sedulure sing mboten

lha kui mbak, HP kui barang cilik tapi pengaruhe yo gede⁸. Nek TV ket aku cilik iku wis ono, HP kan durung ono. Dadi nek bapak ibuku nuturi aku yo ngandel.. lha saiki aku nuturi anakku yo bedo, tantangan bedo mbak..⁹ yoo walaupun dulur sikep ki wis do nganggo HP, motor lan liya-liyane.. sing penting iku ajarane soko mbah Surondiko tetep di tuturke ning anak-anake¹⁰. Ngene yo mbak, ora kabeh dulur sikep kui apik.. kadang yo ono sing mbanggal , angel tuturane yo ono. Tapi yo wongtuone ora menyerah kanggo nuturi anak-anake mbak.¹¹ Koyo HP kui mau, nek tak kei HP yo ora apik nek ora kok yo mesakne.. aku dewe ki ora nganggo HP mbak, dadi yo ora ngerti. Nek aku mbien nonton TV, yo ora terpengaruh negatif. Nonton TV yo uwis nonton bar, soale aku yo ora mudeng sing dibahas kui mau opo.. tapi saiki kan akih, ono TikTok, ono permainan . durung mengko nek do dolan ngono kae, balik-balik wadul wongtuone “mak e aku mau ngerti apik, aku pengen” lha aku yo nuturi nek kui dudu totocorone awake dewe yo nduk.. sing penting wong tuo iku ora kesel kanggo ngei pitutur ning anak¹².

Nopo wonten sedulure sing mboten

teng Sukolilo mriki?

nek sing mas-mas ku ki ya isih ning kene mbak, iki sak lingkup isih sedulurku kabeh. Samping kui ya nggone masku, ngarep iki ya isih nggone masku. Iku nek sing isih sak tunggale. Nek sedulur podo dulur sikepe yo akeh mbak, ning kene mbombong ono, nek galiran ono, kaliyoso Kudus yo ono. Iku sing isih daerah cedak kene.. akeh mbak dulur sikep ki, ning ndi yoo jenenge Jawa Timur kono yo ono. Yo wingi Maret do ngumpul sesrawungan ning Ploso Kedhiren kae memperingati 1 abad mbah Surondiko. Mergo ngene mbak, mbah Surondiko iku ngajari nek kabeh menungso iku sedulur.. dadi yo sing jenenge rakete peseduluran kui ojo nganti pedot. Nek iso yo tetep sesrawungan.

Niku do ndamel tas kertas ngoten niku mundute saking pundi bu?

Kui garape nek pas ngeneki tok mbak. Yo nggo sampingan.. serabutan. Sedulur sikep iku yo kerjaane serabutan mbak. Yo jenenge wong ono sing sedengan, ono sing mampu.. nek gaweane mbendino iku yo tani. Nek ngeneki kan durung wayah ning sawah, yo kadang diajaki sambatan ning

teng Sukolilo mriki?

nek sing mas-mas ku ki ya isih ning kene mbak, iki sak lingkup isih sedulurku kabeh. Samping kui ya nggone masku, ngarep iki ya isih nggone masku. Iku nek sing isih sak tunggale. Nek sedulur podo dulur sikepe yo akeh mbak, ning kene mbombong ono, nek galiran ono, kaliyoso Kudus yo ono. Iku sing isih daerah cedak kene.. akeh mbak dulur sikep ki, ning ndi yoo jenenge Jawa Timur kono yo ono. Yo wingi Maret do ngumpul sesrawungan ning Ploso Kedhiren kae memperingati 1 abad mbah Surondiko. Mergo ngene mbak, mbah Surondiko iku ngajari nek kabeh menungso iku sedulur.. dadi yo sing jenenge rakete peseduluran kui ojo nganti pedot. Nek iso yo tetep sesrawungan.¹³

Niku do ndamel tas kertas ngoten niku mundute saking pundi bu?

Kui garape nek pas ngeneki tok mbak. Yo nggo sampingan.. serabutan. Sedulur sikep iku yo kerjaane serabutan mbak. Yo jenenge wong ono sing sedengan, ono sing mampu.. nek gaweane mbendino iku yo tani. Nek ngeneki kan durung wayah ning sawah, yo kadang diajaki sambatan ning

sawahe dulur liyane, kadang yo tekan kaliyoso kono mengko sore mulih. Nek tas kertas iki jipuk soko pabrik, sak olehe nggo ngisi waktu soale urung wayah tandur. Iki koyone wis mulai sambatan to mbak? Mau melu ora ning sawah? Sambatan ngono kui mengko yo gantian, nggone dulur liyane sing tandur. Koyo misal awakmu wis mulai tandur, terus njaluk tulung aku ngajak sambatan. Suk nek aku tandur, awakmu yo genti sambatan ning aku. Ngono kui soko musim tandur tekan panen mbak.. yo ora ono upah, kecuali mengko nek di jaluki tulung wong njobo kui lagi dibayar. Dadi yo kerjaane tani mbak.. mergo mbah Surondiko pesen yen anak putune ora oleh dagang kulak. Yo dadine ora ono sing dadi pedagang.. mbahe ki pesen , yo oleh dagang kulak tapi yen tukumu 1000 yo kudu mbok dol 900, di dol 1100 yo ora oleh.

oalah ngoten nggih bu, lha ajarane mbah Samin niku wonten nopo mawon sak liyane mboten angsal sekolah kalih dagang?

Nomer siji yo nek wong tuo ngeneki, yo di penging nglakoni jrengki, srei, dahwen, panesten, kemeren, bedog, colong, pethil, jumput, sampe nemu wae dipenging. Yo pituturan sing ngono

sawahe dulur liyane, kadang yo tekan kaliyoso kono mengko sore mulih¹⁴. Nek tas kertas iki jipuk soko pabrik, sak olehe nggo ngisi waktu soale urung wayah tandur¹⁵. Iki koyone wis mulai sambatan to mbak? Mau melu ora ning sawah? Sambatan ngono kui mengko yo gantian, nggone dulur liyane sing tandur. Koyo misal awakmu wis mulai tandur, terus njaluk tulung aku ngajak sambatan. Suk nek aku tandur, awakmu yo genti sambatan ning aku¹⁶. Ngono kui soko musim tandur tekan panen mbak.. yo ora ono upah, kecuali mengko nek di jaluki tulung wong njobo kui lagi dibayar.¹⁷ Dadi yo kerjaane tani mbak.. mergo mbah Surondiko pesen yen anak putune ora oleh dagang kulak. Yo dadine ora ono sing dadi pedagang.. mbahe ki pesen , yo oleh dagang kulak tapi yen tukumu 1000 yo kudu mbok dol 900, di dol 1100 yo ora oleh.¹⁸

oalah ngoten nggih bu, lha ajarane mbah Samin niku wonten nopo mawon sak liyane mboten angsal sekolah kalih dagang?

Nomer siji yo nek wong tuo ngeneki, yo di penging nglakoni jrengki, srei, dahwen, panesten, kemeren, bedog, colong, pethil, jumput, sampe nemu

kui sing pertama.. jrengki ki nakal , srei kui meri, panesten iku raoleh cepet nesu, dahwen kui nuduh raono buktine utowo ora weruh dewe, kemeren iku yo podo koyo meri, yo ibarate wong kui sing semampune lah.. totocorone wong sikep iku kon sederhana dadi yo ora usah meri yen kancane ndue barang apik. Kadang nek sing diarani nemu emoh kui nek seandaine ning dalam kok eh nemu duit kui yo ojo dijupuk, terus kok lewat omahe wong ono tanduran pelem kok mbok pethil kui yo ora oleh. Tapi nek koe ndue tanduran ko di pethil karo wong kui rapopo, tapi koe ojo nganti pethil nggone wong nek ora ngomong karo sing nduwe. Kui ajaran paling pertama ning sedulur sikep.. asline akih ajarane, kabeh diajari. Nek ora diajari ket cilik bocah-bocah ra bakal ngerti.. yo koyo aku diajari bapak ibuku.

Yo benere wong sikep, kadang yo ono sing bangkang juga.. ora kok terus kabeh apik ki ya ora, kabeh yo ono kurang luwihe. yo kari sing ndi sing iso nglakoni ajaran-ajaran pitutur soko wong tuone. Nek iso nglakoni yo apik, ning nek raiso nglakoni ya wong tuo berusaha terus.. ben piye ngandel iso nglakoni apik²¹. Kadang yo ono sing

wae dipenging¹⁹. Yo pituturan sing ngono kui sing pertama.. jrengki ki nakal , srei kui meri, panesten iku raoleh cepet nesu, dahwen kui nuduh raono buktine utowo ora weruh dewe, kemeren iku yo podo koyo meri, yo ibarate wong kui sing semampune lah.. totocorone wong sikep iku kon sederhana dadi yo ora usah meri yen kancane ndue barang apik. Kadang nek sing diarani nemu emoh kui nek seandaine ning dalam kok eh nemu duit kui yo ojo dijupuk, terus kok lewat omahe wong ono tanduran pelem kok mbok pethil kui yo ora oleh. Tapi nek koe ndue tanduran ko di pethil karo wong kui rapopo, tapi koe ojo nganti pethil nggone wong nek ora ngomong karo sing nduwe. Kui ajaran paling pertama ning sedulur sikep..²⁰ asline akih ajarane, kabeh diajari. Nek ora diajari ket cilik bocah-bocah ra bakal ngerti.. yo koyo aku diajari bapak ibuku.

Yo benere wong sikep, kadang yo ono sing bangkang juga.. ora kok terus kabeh apik ki ya ora, kabeh yo ono kurang luwihe. yo kari sing ndi sing iso nglakoni ajaran-ajaran pitutur soko wong tuone. Nek iso nglakoni yo apik, ning nek raiso nglakoni ya wong tuo

rodo angel dikandani, jeneng e wong ki ngene mbak.. sak liyane dulur sikep kok dikandani wong tuo ono sing bangkang, mesti kan tetep wae ono sing apik. Podo wae mbak..

ajaran sikep niku kan ajaran kebatinan nggih, lha keyakinan dulur sikep niku nopo sih?

Yo coro koyo awake dewe yo, yo nek agamane wong sikep ki adam . kepercayaan iku.. adam iku kan wong pertama sing ono ning ndonyo.. dadi mbah Surondiko iku pesen yen kabeh iku isih anak turune adam, dadi yo kabeh iku wis dianggep dadi sedulur.

yo pokoke dituturi soko mbahe , bapak utowo ibuke. Sing penting bener tumindake , mantab mantep kabeh apik angger do rukun. Ibadah yo ning pondokane dewe-dewe

nek tentang lingkungan sekitar, priipun carane jenengan menghargai lingkungan sekitar?

Dadi menungso iku kan kudu saling menghargai yo mbak yo.. ora ngreno liyan lan ojo seneng memungsuhan, kudu tresno pepadane urip. Kudu saling menyayangi, saling bantu, gotong royong. Lingkungan iku yo akeh mbak, lingkungan alam yo iso.. lingkungan tonggo teparo. Nek dulur sikep iku yo

berusaha terus.. ben piye ngandel iso nglakoni apik²¹. Kadang yo ono sing rodo angel dikandani, jeneng e wong ki ngene mbak.. sak liyane dulur sikep kok dikandani wong tuo ono sing bangkang, mesti kan tetep wae ono sing apik. Podo wae mbak..²²

ajaran sikep niku kan ajaran kebatinan nggih, lha keyakinan dulur sikep niku nopo sih?

Yo coro koyo awake dewe yo, yo nek agamane wong sikep ki adam . kepercayaan iku..²³ adam iku kan wong pertama sing ono ning ndonyo.. dadi mbah Surondiko iku pesen yen kabeh iku isih anak turune adam, dadi yo kabeh iku wis dianggep dadi sedulur²⁴.

yo pokoke dituturi soko mbahe , bapak utowo ibuke. Sing penting bener tumindake , mantab mantep kabeh apik angger do rukun. Ibadah yo ning pondokane dewe-dewe²⁵

nek tentang lingkungan sekitar, priipun carane jenengan menghargai lingkungan sekitar?

Dadi menungso iku kan kudu saling menghargai yo mbak yo.. ora ngreno liyan lan ojo seneng memungsuhan, kudu tresno pepadane urip. Kudu saling menyayangi, saling bantu, gotong

mbak yo.. nek mbelo lingkungan iku tenanan. saiki gunung-gunung do dikeruki, akibate yo akeh tanah longsor, sawah-sawah do digawe pabrik. Yen koyo ngono, terus opo sing arep ditinggalke ning anak putu mbesok mbak? Sing iso ditingalke wongtuo ning anak yo sawah, lha nek sawahe do entek terus anak putu arep mangan opo? Wong dulur sikep iku yo roto-roto isone tani. Alam iku ibu bumi, ngopo kok ibu? Ibu iku kan ngewenehi kehidupan ning anak, lha ibu bumi kui sing ngewenehi kehidupan ning menungso. Koyo ngono mbak..

kados ngoten nggih bu, nek pandangane jenengan tentang kehidupan pripun?

Kehidupane aku yo? Kehidupan kui yo ngene.. eeee wong urip kui yo nek iso manfaat kanggo liyane. Aku bersyukur mbak , mergone yo aku nduweni bapak ibu sing terus mituturi aku kanggo nglakoni kebecikan, kui apik.. soale ngene, nek ora ngono mesti aku wis nglewati batasan-batasan sing ora oleh dilewati. Kehidupan yo ngono kui mbak, selain bersyukur yo kudu berjuang.. saiki alame wis koyo ngene, aku ngomong ngene ki ngopo? Yo iku mau loh, gunung-gunung do dikeruki.

royong²⁶. Lingkungan iku yo akeh mbak, lingkungan alam yo iso.. lingkungan tonggo teparo. Nek dulur sikep iku yo mbak yo.. nek mbelo lingkungan iku tenanan. saiki gunung-gunung do dikeruki, akibate yo akeh tanah longsor, sawah-sawah do digawe pabrik²⁷. Yen koyo ngono, terus opo sing arep ditinggalke ning anak putu mbesok mbak? Sing iso ditingalke wongtuo ning anak yo sawah, lha nek sawahe do entek terus anak putu arep mangan opo? Wong dulur sikep iku yo roto-roto isone tani. Alam iku ibu bumi, ngopo kok ibu? Ibu iku kan ngewenehi kehidupan ning anak, lha ibu bumi kui sing ngewenehi kehidupan ning menungso. Koyo ngono mbak..²⁸

kados ngoten nggih bu, nek pandangane jenengan tentang kehidupan pripun?

Kehidupane aku yo? Kehidupan kui yo ngene.. eeee wong urip kui yo nek iso manfaat kanggo liyane. Aku bersyukur mbak , mergone yo aku nduweni bapak ibu sing terus mituturi aku kanggo nglakoni kebecikan, kui apik.. soale ngene, nek ora ngono mesti aku wis nglewati batasan-batasan sing ora oleh dilewati²⁹. Kehidupan yo ngono kui mbak, selain bersyukur yo kudu

kan kudune tambah dijogo tambah dilestatike. Aku lan dulur liyane yo kudu berjuang kanggo kehidupan anak putuku mbak.. ben do iso ngrasakne howo seger adem, banyu isih mili, lemah isih do subur.. kan kudune menungso kui bersyukur mbak. Mergo kabeh kui gratis, tugase awake dewe opo? Yo njogo opo sing wis diwenehi gratis iku.

selain niku, priipun carane jenengan saget ngrasakne lan menikmati kehidupan?

menikmati opo orane yo.. yo urip iku kudu dinikmati mbak. Yen ora menikmati iku jenenge lak ora beryukur mengko.. iyo pora? yo kui malah ora oleh. Mergo menikmati kui, aku dadi seneng, awakmu nek seneng kan iso ngrasakne lan menikmati urip to? Misal ngene koyo awakmu diajak bapak ibumu piknik, koe seneng.. koe mesti mikir “oh ngene to rasane piknik” lha nek iso mikir ngono berarti koe menikmati. Aku yo ngono, aku mbendinone tani, nguri-nguri ajarane mbah Surondiko.. aku yo seneng aku puas. Mergo nek awake dewe kui seneng, kabeh kui ora ono sing abot.. yo ono, tapi nek dilakoni kanti seneng iku yo kroso.

berjuang..³⁰ saiki alame wis koyo ngene, aku ngomong ngene ki ngopo? Yo iku mau loh, gunung-gunung do dikeruki. kan kudune tambah dijogo tambah dilestatike. Aku lan dulur liyane yo kudu berjuang kanggo kehidupan anak putuku mbak.. ben do iso ngrasakne howo seger adem, banyu isih mili, lemah isih do subur.. kan kudune menungso kui bersyukur mbak. Mergo kabeh kui gratis, tugase awake dewe opo? Yo njogo opo sing wis diwenehi gratis iku.³¹

selain niku, priipun carane jenengan saget ngrasakne lan menikmati kehidupan?

menikmati opo orane yo.. yo urip iku kudu dinikmati mbak. Yen ora menikmati iku jenenge lak ora beryukur mengko.. iyo pora? yo kui malah ora oleh³². Mergo menikmati kui, aku dadi seneng, awakmu nek seneng kan iso ngrasakne lan menikmati urip to?³³ Misal ngene koyo awakmu diajak bapak ibumu piknik, koe seneng.. koe mesti mikir “oh ngene to rasane piknik” lha nek iso mikir ngono berarti koe menikmati. Aku yo ngono, aku mbendinone tani, nguri-nguri ajarane mbah Surondiko.. aku yo seneng aku puas. Mergo nek awake dewe kui

<p>berarti jenengan puas kalih kehidupan sing jenengan jalani?</p> <p>yo koyo sing tak omong mau, yen awake dewe seneng mesti puas karo opo sing dilakoni. Iso menikmati, iyo to? Ngene lo... yo ora mesti seneng terus, sedeh yo ono. Tapi yo kudu tetep disyukuri... piye yo mbak.. misal ngene, opo aku sedeh ora sekolah? Yo ora. Mergo aku wis tuturi kawit cilik yen kui udu tocorone. Lha tocorone opo? Koyo tani ning sawah.. yo tak lakoni kanti seneng mergo tocoroku ngene.</p> <p>koyo awakmu mengko, lulus dadi dokter misal.. “wah mbake kae wis dadi dokter” kui yo apik.. tapi yo aku ora kepengen. Mergo tatanane awake dewe beda,lan aku yo ora meri marang awakmu. Aku dadi tani kui wis cukup..</p> <p>jenengan kan mpun berkeputusan ngoten nggih, lha tanggungjawab kados pripun sing jenengan lakoni kalih keputusan sing sampul di pundut?</p> <p>ngoten piye mbak? Ngugemi tocoro sikep? Kui udu keputusan.. tapi iku dadi kewajiban, iku kan gawan soko lahir. Aku ngugemi ajarane mbah Surondiko, ora oleh sekolah, ora oleh dagang kulak, ora oleh memungsuhan</p>	<p>seneng, kabeh kui ora ono sing abot.. yo ono, tapi nek dilakoni kanti seneng iku yo kroso³⁴.</p> <p>berarti jenengan puas kalih kehidupan sing jenengan jalani?</p> <p>yo koyo sing tak omong mau, yen awake dewe seneng mesti puas karo opo sing dilakoni³⁵. Iso menikmati, iyo to? Ngene lo... yo ora mesti seneng terus, sedeh yo ono. Tapi yo kudu tetep disyukuri... piye yo mbak.. misal ngene, opo aku sedeh ora sekolah? Yo ora. Mergo aku wis tuturi kawit cilik yen kui udu tocorone³⁶. Lha tocorone opo? Koyo tani ning sawah.. yo tak lakoni kanti seneng mergo tocoroku ngene³⁷.</p> <p>koyo awakmu mengko, lulus dadi dokter misal.. “wah mbake kae wis dadi dokter” kui yo apik.. tapi yo aku ora kepengen. Mergo tatanane awake dewe beda,lan aku yo ora meri marang awakmu. Aku dadi tani kui wis cukup..³⁸</p> <p>jenengan kan mpun berkeputusan ngoten nggih, lha tanggungjawab kados pripun sing jenengan lakoni kalih keputusan sing sampul di pundut?</p> <p>ngoten piye mbak? Ngugemi tocoro sikep? Kui udu keputusan.. tapi iku</p>
--	---

karo sepodo, kudu seduluran apik marang wong liyo.. kui wis dadi kewajiban. Lha nek aku misal ora sekolah yo ora diajari tani karo wongtuoku.. terus piye. Aku iso tani, aku iso genepi kebutuhanku.. iku kan bentuk tanggungjawab sing tak lakoni. Iyo ora? Wong urip iku yo kudu tanggungjawab, wis diwenahi kehidupan gratis, ambekan yo gratis, banyu yo gratis.. lha awake dewe iso njogo kabeh kui, iku yo termasuk tanggungjawab awake dewe dadi menungso sing urip ning ndoyo.

Nek sampun ngoten, wonten mboten sih sing taseh jenengan pengeni lan luwih dikepengeni maleh?

opo yo mbak.. kepengenan yo. Nek bab kepengenan iku kan mbendino bedo-bedo yo.. yo kepengenan iku mestine sing apik-apik yo mbak. Nek kepengenan mergo “*oh kae bar tuku barang apik, aku kok pengen tuku*” ngono kui aku ora mbak. Pengen ku yo tetep iso nyekel ajarane mbah Surondiko, apik marang kabeh wong, iso manfaat kanggo wong liyo kui wis cukup⁴⁴. Dadi opo yo ngono ku, tujuan? . Anakku iso nyekel tocoro sing wis tak tuturi iku aku yo seneng, ben mengko diajarke ning anak-anake.

dadi kewajiban, iku kan gawan soko lahir. Aku ngugemi ajarane mbah Surondiko, ora oleh sekolah, ora oleh dagang kulak, ora oleh memungsuhan karo sepodo, kudu seduluran apik marang wong liyo.. kui wis dadi kewajiban³⁹. Lha nek aku misal ora sekolah yo ora diajari tani karo wongtuoku.. terus piye. Aku iso tani, aku iso genepi kebutuhanku.. iku kan bentuk tanggungjawab sing tak lakoni⁴⁰. Iyo ora? Wong urip iku yo kudu tanggungjawab, wis diwenahi kehidupan gratis, ambekan yo gratis, banyu yo gratis.. lha awake dewe iso njogo kabeh kui, iku yo termasuk tanggungjawab awake dewe dadi menungso sing urip ning ndoyo⁴¹.

Nek sampun ngoten, wonten mboten sih sing taseh jenengan pengeni lan luwih dikepengeni maleh?

opo yo mbak.. kepengenan yo. Nek bab kepengenan iku kan mbendino bedo-bedo yo.. yo kepengenan iku mestine sing apik-apik yo mbak⁴². Nek kepengenan mergo “*oh kae bar tuku barang apik, aku kok pengen tuku*” ngono kui aku ora mbak⁴³. Pengen ku yo tetep iso nyekel ajarane mbah Surondiko, apik marang kabeh wong, iso manfaat kanggo wong liyo kui wis

Dulur sikep iku wonge simpel mbak, sing sederhana...

wonten hal sing menurute jenengan penting teng kehidupane jenengan?

Nek penting iku kabeh penting mbak.. sing penting iku keluargaku yo aku iku tetep nyekel ajarane mbah Surondiko. Orang nglewati batasan-batasan sing ora diolehi,. Nglakoni hal-hal kebecikan.. mau wis tak omong yo, nek awake dewe nglakoni hal sing apik yo kui ndadike awake dewe seneng. Luwih penting iso terus nuturke ajaran-ajarane mbah ning anak putu yo mbien saiki nganti suk yo tetep dituturke.

Berarti jenengan gadah tujuan hidup nggih?

iyoo.. urip nek ora nduweni tujuan kan yo ora apik. Dadi yo opo sing dadi tujuan utowo gegayuhan ku yo kui mau. Manfaat kanggo liyo.opo maneh mbah Surondiko wis ngajarke ojo jrengki, sreji, panesten dahwen kemeren. Berarti kan awake dewe karo sepodo iku yo kudu rukun. Makane sedulur sikep marang wong kabeh yo dianggep sedulur. Koyo awakmu, awakmu omahe Purwodadi, yo sekolah, yo islam.. awakmu yo tetep tak anggep dadi sedulurku mbak. Nek awakmu gelem tak daku dadi sedulur.. wiwit aku cilik

cukup⁴⁴. Dadi opo yo ngono ku, tujuan?

. Anakku iso nyekel totocoro sing wis tak tuturi iku aku yo seneng, ben mengko diajarke ning anak-anake. Dulur sikep iku wonge simpel mbak, sing sederhana...⁴⁵

wonten hal sing menurute jenengan penting teng kehidupane jenengan?

Nek penting iku kabeh penting mbak.. sing penting iku keluargaku yo aku iku tetep nyekel ajarane mbah Surondiko. Orang nglewati batasan-batasan sing ora diolehi,. Nglakoni hal-hal kebecikan.⁴⁶. mau wis tak omong yo, nek awake dewe nglakoni hal sing apik yo kui ndadike awake dewe seneng. Luwih penting iso terus nuturke ajaran-ajarane mbah ning anak putu yo mbien saiki nganti suk yo tetep dituturke⁴⁷.

Berarti jenengan gadah tujuan hidup nggih?

iyoo.. urip nek ora nduweni tujuan kan yo ora apik. Dadi yo opo sing dadi tujuan utowo gegayuhan ku yo kui mau. Manfaat kanggo liyo.⁴⁸.opo maneh mbah Surondiko wis ngajarke ojo jrengki, sreji, panesten dahwen kemeren. Berarti kan awake dewe karo sepodo iku yo kudu rukun. Makane sedulur sikep marang wong kabeh yo dianggep sedulur. Koyo awakmu,

ya mbak, sing teko ning dulur sikep akeh.. ono dosen ono biksu, ono mahasiswa terus biarawati yo ono kui agamane do opo aku yo ora ngerti.. ngertiku kabeh iku dianggep sedulur karo dulur sikep. Yo bedo-bedo, tapi yo ora opo-opo.. menungso iku dudukane podo kabeh. Sing bedakno iku pitutur lan tindak laku sing serakah.

Bu, misal wonten sesuatu nopo hal liyane sing ngalang-nglangi tujuan utawi kepengenane jenengan.

Jenengan pripun?

nek hal ngono kui kan mesti kabeh wong ngrasakne yo. Yo koyo aku, aku tandur hasil panene kok apik.. kadang yo ngrasakne gagal panen mbarang. Tapi ora opo-opo.. yo ngrasakne gagal panen mbarang. Ora kabeh sing di pengeni iku opo yo .. dalane mulus ngono kadang yo ora mbak. Yo ono cobone mbarang..

niku kabeh kan tentang kehidupan nggih bu, pandangane jenengan tentang kematian kados pripun?

Salin sandang iku yo podo wae.. kabeh menungso iku bakale salin sandang. Masalah tocoro yo paling ora bedo karo nggonmu, yo ono dipituturi ngono kui.. salin sandang iku ganti raga, ganti wadah nek dulur sikep ngarani mbak.

awakmu omahe Purwodadi, yo sekolah, yo islam.. awakmu yo tetep tak anggep dadi sedulurku mbak. Nek awakmu gelem tak daku dadi sedulur.⁴⁹ wiwit aku cilik ya mbak, sing teko ning dulur sikep akeh.. ono dosen ono biksu, ono mahasiswa terus biarawati yo ono kui agamane do opo aku yo ora ngerti.. ngertiku kabeh iku dianggep sedulur karo dulur sikep. Yo bedo-bedo, tapi yo ora opo-opo.. menungso iku dudukane podo kabeh. Sing bedakno iku pitutur lan tindak laku sing serakah.⁵⁰

Bu, misal wonten sesuatu nopo hal liyane sing ngalang-nglangi tujuan utawi kepengenane jenengan.

Jenengan pripun?

nek hal ngono kui kan mesti kabeh wong ngrasakne yo.⁵¹ Yo koyo aku, aku tandur hasil panene kok apik.. kadang yo ngrasakne gagal panen mbarang. Tapi ora opo-opo.. yo ngrasakne gagal panen mbarang. Ora kabeh sing di pengeni iku opo yo .. dalane mulus ngono kadang yo ora mbak. Yo ono cobone mbarang..⁵²

niku kabeh kan tentang kehidupan nggih bu, pandangane jenengan tentang kematian kados pripun?

Salin sandang iku yo podo wae.. kabeh menungso iku bakale salin sandang.⁵³

Yo podo wae, wong nek nglakonine kebecikan opo sewalike , mengko ditanggungjawabke ning gusti. urip ning ndonyo iku yo butuh bekal yo ibarate, salin sandang yo podo. Aku diajari tatanan urip sikep kanggo bekalku urip ning ndonyo, aku diajari kebecikan miturut sikep yo kanggo ditanggungjawabke marang gusti. Menurutku babagan iki ora bedo karo awakmu..

nek kalih penilaian masyarakat luas tentang dulur sikep niku pripun?

Masyarakat iku kan yo weruhe dulur sikep iku ngeyelan yo, ngomong opo onone. Yo mergo mbah Surondiko ngajari jujur mbak.. ora oleh ngapusi. Ora gelem njajah lan ora gelem dijajah . Dulur sikep iku ngeyel kan mergo mbien jaman londo, ngeyele ngopo? Yo kui, ono tamu kok ngatur-ngatur sing nduwe omah. Iku jenenge ora pas, tindak laku sing serakah.. yo dulur sikep bangkang , yo ngeyel iku kan karo londo. Semenjak merdeka, dulur sikep yo manut karo aturan pemerintah mbak.. tapi yo aranane iku mau isih nganti saiki. Yo ora opo-opo mbak.. arep sak unine ora opo-opo. Nek arep do dolan ning lingkup sikep, arep takon-takon yo tak jawab koyo awakmu

Masalah totocoro yo paling ora bedo karo nggonmu, yo ono dipituturi ngono kui.. salin sandang iku ganti raga, ganti wadah nek dulur sikep ngarani mbak. Yo podo wae, wong nek nglakonine kebecikan opo sewalike , mengko ditanggungjawabke ning gusti⁵⁴ . urip ning ndonyo iku yo butuh bekal yo ibarate, salin sandang yo podo. Aku diajari tatanan urip sikep kanggo bekalku urip ning ndonyo, aku diajari kebecikan miturut sikep yo kanggo ditanggungjawabke marang gusti. Menurutku babagan iki ora bedo karo awakmu..⁵⁵

nek kalih penilaian masyarakat luas tentang dulur sikep niku pripun?

Masyarakat iku kan yo weruhe dulur sikep iku ngeyelan yo, ngomong opo onone. Yo mergo mbah Surondiko ngajari jujur mbak.. ora oleh ngapusi. Ora gelem njajah lan ora gelem dijajah⁵⁶ . Dulur sikep iku ngeyel kan mergo mbien jaman londo, ngeyele ngopo? Yo kui, ono tamu kok ngatur-ngatur sing nduwe omah. Iku jenenge ora pas, tindak laku sing serakah.. yo dulur sikep bangkang , yo ngeyel iku kan karo londo⁵⁷. Semenjak merdeka, dulur sikep yo manut karo aturan pemerintah mbak.. tapi yo aranane iku

<p>ngeneki. Tetep tak daku dadi sedulur mbak..</p>	<p>mau isih nganti saiki. Yo ora opo-opo mbak.. arep sak unine ora opo-opo. Nek arep do dolan ning lingkup sikep, arep takon-takon yo tak jawab koyo awakmu ngeneki. Tetep tak daku dadi sedulur mbak..⁵⁸</p>
--	--

Informan D

Deskripsi Natural	Pembentukan Unit Makna
<p>Namine sinten bu? Melu tepang, aku N.</p> <p>Umure pinten? ngapunten yo mbak, dulur sikep iku yen ditakoni umur jawabe yo siji kanggo sak lawase.</p> <p>Asline nggih mriki bu? nggih asli mriki. Aku kawit cilik ning kene mbak, karo sedulur-dulurku. Tunggalu 5.. aku nomer 3. Pondokane yo ning bombong kene iki.</p> <p>Selain teng Bombong Sukililo, sedulur sikep wonten teng pundi malih nggih? sak liyane ning kene yo ono.. mmmm... ning Rembang, ning Bojonegoro, nng Blora. Blora iku ndek mbiene panggon lahire mbah Samin mbak. Ning daerah Plosokedhiren, lha saiki tapak tilase mbah Samin iku dibangun sing jenenge pendopo pengayoman. Dulur sikep iku katah, tapi yo nek karo sing adoh-adoh jarang ketemu mbak.. dulur sikep yo bar ngadakno pertemuan 1 abad mbah Samin, yo ning pendopo pengayoman</p>	<p>Namine sinten bu? Melu tepang, aku N.</p> <p>Umure pinten? ngapunten yo mbak, dulur sikep iku yen ditakoni umur jawabe yo siji kanggo sak lawase¹.</p> <p>Asline nggih mriki bu? nggih asli mriki. Aku kawit cilik ning kene mbak, karo sedulur-dulurku. Tunggalu 5.. aku nomer 3. Pondokane yo ning bombong kene iki.</p> <p>Selain teng Bombong Sukililo, sedulur sikep wonten teng pundi malih nggih? sak liyane ning kene yo ono.. mmmm... ning Rembang, ning Bojonegoro, nng Blora. Blora iku ndek mbiene panggon lahire mbah Samin mbak. Ning daerah Plosokedhiren, lha saiki tapak tilase mbah Samin iku dibangun sing jenenge pendopo pengayoman. Dulur sikep iku katah, tapi yo nek karo sing adoh-adoh jarang ketemu mbak.. dulur sikep yo bar ngadakno pertemuan 1 abad mbah Samin, yo ning pendopo pengayoman</p>

iku. Tujuane yo kanggo ngeraketke seduluran. Dadi sing soko Blora yo ono, soko Sulilo yo mrono, Rembang, Bojonegoro do sesrawungan.

Jenengan kalih sedereke ndek riyen sekolah?

ora sekolah formal. Ambako ora sekolah formal, dulur sikep iku iso macapat , iso nembang dulur sikep mbak.. nabuh gamelan, terus yo batik mbarang..

dadi yo sekolahe ning pondokane dewe mbak. Sing ngajari wongtuone. Dipituturi jenenge, diajari pitutur sing apik, tindak laku sing apik ya diajari gawean ning omah. Koyo ngene ki kan durung ono tandur, dadi yo do ngewangi bapak ibune ning omah.. mengko nek wis tandur do melu ning sawah. Yo diajari ning sawah mbarang. ning pondokan iku yo mbak, bocah-bocah di iku dituturi yen ora oleh sing jenenge jrengki, srei, panesten, kemeren, bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora. Menungso iku sing diiling suarane, ora rupane. Soko iku menungso kudu nduweni pitutur sing apik.. ora oleh cidro ing janji, ra oleh ngapusi, kudu jujur.

Selain niku, wonten ajaran sing liyane mboten?

iku. Tujuane yo kanggo ngeraketke seduluran². Dadi sing soko Blora yo ono, soko Sulilo yo mrono, Rembang, Bojonegoro do sesrawungan.

Jenengan kalih sedereke ndek riyen sekolah?

ora sekolah formal. Ambako ora sekolah formal, dulur sikep iku iso macapat , iso nembang dulur sikep mbak.. nabuh gamelan, terus yo batik mbarang³..

dadi yo sekolahe ning pondokane dewe mbak. Sing ngajari wongtuone. Dipituturi jenenge, diajari pitutur sing apik, tindak laku sing apik ya diajari gawean ning omah⁴. Koyo ngene ki kan durung ono tandur, dadi yo do ngewangi bapak ibune ning omah.. mengko nek wis tandur do melu ning sawah. Yo diajari ning sawah mbarang. ning pondokan iku yo mbak, bocah-bocah di iku dituturi yen ora oleh sing jenenge jrengki, srei, panesten, kemeren, bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora. Menungso iku sing diiling suarane, ora rupane. Soko iku menungso kudu nduweni pitutur sing apik.. ora oleh cidro ing janji, ra oleh ngapusi, kudu jujur⁵.

Selain niku, wonten ajaran sing liyane mboten?

<p>dewe to⁴⁹.</p> <p>50. sandangane salin, rogone iku ibarat sadhangane.. meninggal kui berarti ganti wadah liyo utowo sandangan liyo⁵⁰.</p> <p>51. Makane kui menungso ning ndonyo kudu nduweni pitutur lan tindak laku sing apik. Mergo bakale yo dipertanggungjawabke marang gusti</p> <p>52. iku kan aranane wong. Opo sing tak lakoni iku kan apik opo orane kanggo awake dewe, sing ngerti awake dewe. Dadi yo ora opo-opo arep diarani koyo ngono⁵²</p> <p>53. Pesene mbah iku kan ngene menungso siji lan liyane kui nduweni hakikat lan kedudukan sing podo, menungso siji lan liyane iku isih sedulur, podo-podo menungsone kudu ngregani hak lan pilihan totocoro kanggo urip⁵³</p> <p>54. Dadi aku arep diarani opo wae yo ora opo-opo. Tetep tak daku sedulur kabeh, yen gelem didaku dadi sedulur⁵⁴</p>	<p>suatu tujuan yang ia miliki tergantung dengan usaha yang ia lakukan</p> <p>50 Bagi G, kematian merupakan suatu peristiwa dimana ruh mencari wadah lain.</p> <p>51 G menjelaskan bahwa apa yang dilakukan manusia di dunia akan dipertanggungjawabkan dihadapan Tuhan. Maka dari itu harus mempunyai tutur bicara dan perilaku yang baik</p> <p>52 G merasa biasa saja dengan penilaian orang lain terhadapnya. karena menurut G, hanya dialah yang tau baik buruknya sesuatu yang ia kerjakan.</p> <p>53 G menjalankan pesan dari Mbah Samin, bahwa kedudukan manusia di dunia ini sama. Sesama manusia harus saling menghargai hak dan tatacara hidup masing-masing.</p> <p>54 G tidak apa-apa dengan penilaian orang lain terhadapnya, G akan tetap menjadikannya saudara</p>
--	--

	jika mau diakui sebagai saudara.
--	----------------------------------

Informan B

Unit Makna	Deskripsi Unit Makna
<p>1. Babagan iku, misale anakku kawit cilik wis tak tuturi ojo nglakoni jrengki, srei, dahwen, kemiren, panesten. Bedok, colong, pethil jumput sampe nemu wae ora¹</p>	<p>1 S mengajarkan kepada anaknya tatacara kehidupan sikep untuk tidak nakal, iri hati, dengki, panas hati, mencuri serta mengambil barang bukan miliknya walaupun tidak disekolahkan secara formal</p>
<p>2. Mbok arep weruh duit, weruh opo yo ora kepengen, mergo ngerti nek iku ora duweane. Kan jupuk nggone wong iku ora pas</p>	<p>2 S merasa bahwa mengambil milik orang lain adalah sesuatu yang tidak baik</p>
<p>3. Aku dewe ki yo ora seutuhe mudeng tulisan, tapi aku yo sinau karo dulur sing luwih ngerti tulisan</p>	<p>3 Meskipun tidak sepenuhnya mengerti tulisan karena tidak bersekolah formal, S tetap belajar untuk mengerti tulisan kepada sedulur sikep yang lebih paham.</p>
<p>4. yo apik wae. Wong iku kan nduweito toto coro sing bedo-bedo. Yen iku ancen dadi kebutuhane yo ben dilakoni ora opo-opo apik-apik wae</p>	<p>4+5 meskipun S tidak bersekolah, bukan berarti sekolah itu tidak bagus. Menurut S, mereka yang bersekolah formal itu bagus, jika memang kebutuhannya maka harus dijalani karena manusia mempunyai tatacara hidup yang berbeda.</p>
<p>5. Ora kok terus aku nilai oh koe sekolah terus kui ora apik, yo ora ngono⁵</p>	<p>5 Karena bagi S meskipun berbeda harus saling melengkapi</p>
<p>6. Dadi genepe menungso sing nduweni toto coro sing bedo-</p>	<p>6 Karena bagi S meskipun berbeda harus saling melengkapi</p>

<p>bedo⁶.</p> <p>7. Yo nek koe pengen sekolah pengen dadi guru opo liyane, nek dulur sikep yo pengene tani⁷</p> <p>8. Yo intine saling melengkapi kebutuhan⁸</p> <p>9. Wis ancene kudu koyo ngono, nek dadi pegawai kabeh yo ora mangan, sing nandur mengko sopo? Nek dadi tani kabeh mengko sing ngatur negoro sopo? wis dadi genepe ancen koyo ngono</p> <p>10. walaupun aku ora sekolah jenenge menungso kan mesti ndue sing jenenge kepengenan</p> <p>11. sing diarani cita-cita iku kan kepengenan, sing tak pengeni ki ya dadi wong sing kui seger waras, nek aku waras tujuane opo pengene nglakoni tindak apik kan dadi keturunan. Yo kui sing dadi gegayuhan ku.. sing penting aku lan keluargaku seger waras, ben iso tindak laku apik marang awake dewe lan wong liyo</p> <p>12. Nek kepingin sing luwih kui tetep akeh. Sing dipingini mbendino kui wong ndue roso pengen sing bedo-bedo</p>	<p>7 Jika orang lain mempunyai banyak pilihan untuk bekerja, S hanya ingin menjadi tani</p> <p>8 yang terpenting bagi S yaitu saling melengkapi kebutuhan</p> <p>9 Karena menurut S, sesama manusia harus saling melengkapi anantara satu profesi dengan profesi lainnya</p> <p>10 S tetap mempunyai keinginan atau cita-cita meskipun tidak bersekolah</p> <p>11 S berkeinginan agar ia dan keluarganya tetap diberikan kesehatan agar tetap dapat berbuat baik untuk diri sendiri dan orang lain</p> <p>12+13 S menuturkan bahwa keinginan manusia setiap hari itu berubah-ubah. Selain sehat, S juga mempunyai keinginan untuk tidak</p>
---	---

<p>13. Sing luwih tak pengini yo aku ora ngatik-ngatik wong liyo, pengene yo mung pengen nglakoni sing apik, sing bener pengen mbenerno ucapan lan mbecikno kelakuan iku wis cukup dadi tujuan lan gegayuhanku. Ora usah duwur-duwur</p>	<p>mengganggu orang lain, serta ingin memperbaiki ucapan dan perilaku. Bagi itu sudah cukup.</p>
<p>14. Kebutuhanpun, yo sederhana wae.. misal sandangan, koyo aku karo anak-anakku kok ono apik tapi yen udu nggon-nggonane wong sikep , aku yo ora kepengen</p>	<p>14 S berpendapat bahwa keinginan selain itu masuk kedalam kebutuhan. Bagi S, kebutuhan cukup sederhana saja karena jika kebutuhan tersebut tidak sesuai ajaran sikep, maka ia juga tidak menginginkannya</p>
<p>15. Babagan pitutur lan tindak laku ki opo wae.. ojo jrengki, srei, panesten, dahweh, kemeren lan nyio marang sepodo. Terus bedok, colong, pethil, jumput, nemu wae ora</p>	<p>15+16 Selain untuk diri sendiri, S juga mengajarkan tatacara hidup untuk tidak dengki, menuduh, panas hati, iri terhadap orang lain kepada anaknya. Karena baginya, semua itu merupakan perilaku tidak baik.</p>
<p>16. Ojo dengki marang wong liyo, ojo nuduh yen raono buktine marang wong liyo, ojo gampang panas ati, ojo meri karo opo sing di ndueweni wong liyo lan ojo nyio marang wong liyo. Kabeh kui ora apik</p>	
<p>17. Nek raono tandur yo iso golek iwak, iso golek keong ngono</p>	<p>17 S mengakui bahwa ia dan sedulur sikep lainnya itu kreatif dalam hal</p>

<p>kui.. kreatif dulur sikep ki</p> <p>18. Ngene...mergo dulur sikep iku nduweni uge man nek iyo yo iyo. Ibarate nduweni prinsip kejujuran, bukane dagang iku ora jujur</p> <p>19. Dadi iku wis dadi totocoro.. intine kudu ndue kejujuran, tapi ngaputene aku ra ngarani nek wong dagang iku ora jujur. Tapi nek di delok soko rembug, kui yo akeh pegadang sing ngono¹⁹</p> <p>20. Dadi mbahku ya nuturi anak putune, yen dadi tani iku wis cukup, wong tani ki iso nandur pari, iso nandur lombok, iso nandur jagung</p> <p>21. Yo hasil tani ku kui yo tak dol, tapi kan aku ora kulakan.. sing penting soko hasil keringete dewe</p> <p>22. Y o piye yo wong toto corone ngene, cukup ora cukup yo cukup</p> <p>23. Yo isone mung tani . seandaine tandur ku gagal, iki kok ora dadi ora iso panen yawis suk nandur meneh. Ora bakal kapok, yo tetep tani. Mergo aku ora ndue kepengenan ora dagang, aku ra</p>	<p>pekerjaan</p> <p>18+19 S menjelaskan bahwa ia menjalankan ajaran sikep untuk tidak berdagang. Bagi S , prinsip kejujuran harus dipegang teguh. Karena bagi S berdagang mempunyai resiko untuk tidak jujur.</p> <p>20 S menyebutkan bahwa bertani baginya sudah cukup karena bisa menanam apa yang kita butuhkan</p> <p>21+22 Meskipun begitu, S juga menjual hasil tani kepada orang lain. hal ini diperbolehkan karena menjual hasil keringat sendiri. Cukup atau tidaknya hasil tani yang dihasilkan, bagi S tetaplah cukup karena begitulah tatacara hidupnya</p> <p>23+24 S menceritakan ketika ia gagal panen, dan hal itu tidak menjadikan ia putus asa. Ia akan tetap bertani, dan baginya itu sudah cukup. S juga tidak menjadikan suatu masalah menjadi lebih besar, S lebih memilih mencari solusi</p>
---	---

<p>pengen liyane .. nyatane yo cukup²³.</p> <p>24. Nek misal pas pupuk larang opo angel, aku lan sedulur liyane yo wis ra ambil pusing. Ono kletong sapi, yowis ayo bareng-bareng di gawe pupuk.. luwih golek solusi daripada tak ambil pusing</p> <p>25. Dadi tani ki kudu kreatif mba</p> <p>26. Senajan ora tau dolan, yo aku iso mbatik iso gamelan iso nembang. Sing penting ngugemi adat lan tocoro sikep²⁶.</p> <p>27. Ngugemine opo wae? Yo tocoro pitutur lan tocoro perilaku, pantangan-pantangan sing tak sebut mau koyo jrengki srei sampe bedok colong nemu wae ojo dilakoni²⁷</p> <p>28. K oyo jaman saiki, cah wedok-wedok akeh sing do celononan, nek teng sedulur sikep nek metu yo kudu nggo rok dowo niku salah sijine yo isih jogo adat²⁸.</p> <p>29. Babagan catetan pitutur sing disampeke ning anak putu kui ora ono catetan, dadi kawit</p>	<p>daripada meratapi.</p> <p>25 Maka dari itu S merasa bahwa menjadi tani juga perlu kreatifitas</p> <p>26 S menceritakan bahwa ia juga dapat membatik, membaca macapat dan menabuh gamelan. Yang penting masih memegang adat dan tatacara sikep</p> <p>27+28 Karena penting bagi S untuk tetap memegang teguh ajaran sikep dan tidak melanggar pantangannya. Salah satunya yaitu tetap mengenakan rok walaupun banyak perempuan lainnya sudah mengenakan celana.</p> <p>29+30 S menuturkan bahwa perihal penyampaian tatacara sikep terhadap anaknya tidak menggunakan tulisan, melainkan melalui tutur kata sehari-hari terkait</p>
--	---

<p>jaman aku isih timur karo bapak ibukku sehari hari kui yo di pituturi terus²⁹</p> <p>30. Siji mahamno babagan gawean koyo kosek beras kosek jagung. Nek wis wayah santai opo longgar, iku bapakku selalu nuturi raoleh ngene, coro nyandange wong sikep iku piye.. iku selalu ditandurke kawit cilik mbak</p> <p>31. Dadi masak, ngko nek wis bar kabeh lagi oleh dolan.. dadi ben nduweni tanggungjawab sing kudu dilakoni³¹.</p> <p>32. Terus ojo do menengan karo dulure , iku wis dadi pitutur. Karo sedulur kuiyo kudu akur.. makane wong tuo yo mituturi terus, ben karo sedulure dewe misal ora rambungan banter, pendapatate bedo lan liya-liyane, lha iki kabeh ora ditulis</p> <p>33. M alah anakku sing ning omah nek aku lagi demo mbelo kendeng, kui do prihatin do poso lan dongakne ibuke lagi berjuang\</p> <p>34. Nek masalah prihatin, masalah poso kui ya tergantung</p>	<p>cara berucap, bertindak hingga berpakaian sudah ditanamkan dari kecil.</p> <p>31 Hal itu dilakukan agar anaknya mempunyai tanggungjawab dengan apa yang harus dilakukan</p> <p>32 S juga menanamkan terhadap anaknya untuk saling akur sesama saudara.</p> <p>33 S menceritakan bahwa ia pernah aksi membela gunung kendeng, sedangkan anaknya dirumah prihatin dan berpuasa serta mendoakan ibunya yang sedang berjuang</p> <p>34 S juga menjelaskan bahwa ia dan sedulur sikep lainnya sering berpuasa untuk tercapainya hal yang ia tuju.</p>
--	---

<p>gegayuhan e .. tergantung opo sing dituju. Koyo poso mbelo kendeng, kadang yo ono poso weton</p> <p>35. Nek keyaninan yo ndue agama</p> <p>36. Lha masalah iku masuk pribadi.. maksudku ngene, keyakinan iku kan masuke ning roso ning atine dewe-dewe³⁶.</p> <p>37. Ngopo kok aku ngomong ning atine dewe-dewe? Yo mergo ning sikep, laku kui sing penting. Mergo opo sing dadi pitutur lan tindak laku kui bakale balik ning awake dewe-dewe. Tergantung atine kepiye</p> <p>38. Roso kui manggon ning atimu, lha dulur sikep yo ngono.. nek kon jelaske bentuke kepiye , aku raiso jelasno kan? Isona mung iso dirasakne ning atine dewe-dewe</p> <p>39. Sing penting isih ngugemi ajaran-ajarane totocoro sikep opo sing dilakoni ning kene yo kudu dilakoni ning kono</p> <p>40. iki rukunanku yo lagi nung jogja, ono pak dosen kono, mbien yo pernah rene. Dadi yo sambung raket seduluran, iki wis arep</p>	<p>35 S menegaskan bahwa ia mempunyai agama</p> <p>36+37 Bagi S , keyakinan merupakan urusan pribadi manusia. Sesuai ajaran sikep, ia meyakini bahwa tatacara berucap dan berperilaku lebih penting. Karena baik buruk perilaku manusia akan kembali diri masing-masing. Menurut S, keyakinan hanya dapat dirasakan manusia itu sendri didalam hatinya.</p> <p>38 S menjelaskan bahwa perasaan percaya terhadap Tuhan itu bertempat hati, ia juga tidak dapat menjelaskan bagaimana rasa itu karena hanya dirinya sendirilah yang dapat merasakannya.</p> <p>39 Meskipun S berpegian atau keluar dari lingkungan sikep, ia harus tetap melaksanakan tatacara sikep dimanapun ia berada</p> <p>40 S menceritakan bahwa ia berusaha menjalin tali persaudaraan dengan orang-orang yang pernah berkunjung ke rumahnya</p>
---	--

<p>sesasi durung balik. Ora opo-opo kerjo ning adoh, sing penting iso ngatingati dewe</p> <p>41. Akeh koncone. Mergo yo wis dianggep sedulur, dadi yo tak arani sedulur</p> <p>42. Ayo bareng-bareng do belani ibu bumi, ayo bareng lindungi lingkungane dewe-dewe</p> <p>43. Soale nek belo lingkungan kan kanggo luas kan, ora mung kanggo pribadine dulur sikep</p> <p>44. Yo nek aku sih ngene, wis sesuai kebutuhan wae..</p> <p>45. Dadi yo menurutku penting.. sing iso ngontrol kan yo sing nduwe, HP arep di gawe apik utowo ora apik iku yo tergantung awake dewe</p> <p>46. Yo nek aku, kemajuan jaman kui ga mempengaruhi elek.. misal tv, soal e tv kui kan yo ono sing nilai positif e. Kan yo ono berita lan ono opo.. tv iku kan yo siarane macem-macem. Opo sing metu ning tv yo wis, sekedar nonton. Ora mempengaruhi..⁴⁶</p> <p>47. Nek babagan nyandang ngganggo kui kan, apik o koyo opo nek ancen ora nggon-</p>	<p>41 Walaupun S jarang berpergian keluar, S mempunyai banyak teman yang sudah dianggap sebagai saudara</p> <p>42 S juga mengajak teman-temannya untuk membela lingkungan agar tidak rusak dilingkungan masing-masing</p> <p>43 Bagi S, membela lingkungan bukan hanya untuk dirinya pribadi melainkan untuk masyarakat luas</p> <p>44+45 Terhadap kemajuan jaman, S memilih untuk mengikuti sesuai kebutuhan. Bagi S, baik buruk penerimaan terhadap kemajuan jaman adalah diri sendiri.</p> <p>46+47 Perihal kemajuan jaman, S menuturkan bahwa hal tersebut tidak berpengaruh buruk karena terdapat beberapa hal positif. S juga tidak berkeinginan untuk mengikuti perkembangan pakaian, baginya jika tidak sesuai dengan tatacara sikep maka ia tidak akan mengikutinya.</p>
---	---

<p>nggonane wong sikep, yo ora kepengen⁴⁷</p> <p>48. Yo kui pr kanggo wong tuo.. wong sikep kui yo ono sing bantah ki yo ono, tapi tetep bedo. Soale kan dolanan e isih karo dulur-dulure sikep. Mungkin yo ora terus kepengaruh ngono ora.. mengko karo wong tuane ya dituturi meneh, nek bantah kui ora apik..</p> <p>49. Lha perubahan jaman iki nek kanggo apik utowo hal positif iku yo ora opo-opo</p> <p>50. Dulur sikep iku, gawe KTP yen butuh .. yo koyo butuh nggo tuku motor karo listrik. Dadi nek durung butuh yo durung gawe KTP</p> <p>51. sing butuh KTP yo do gawe.. turmaneh perangkat desa kene yo wis do memahami. Uwis do paham..</p> <p>52. Kehidupan iku kan akeh.. menungso kui yo kehidupan, lingkungan kui kehidupan, kewan yo kehidupan.. kehidupan ki luas⁵²</p> <p>53. menilai kehidupanku yo ngeneki. Urip sesuai toto coro sikep, sehat kewarasan, pengen nglakoni opo</p>	<p>48 S merasa bahwa kemajuan jaman memang suatu tatangan tersendiri baginya, meskipun tidak berpengaruh buruk secara langsung. Sebagai seorang ibu ia terus menasehati anak-anaknya untuk tetap berada pada tatacara sikep.</p> <p>49 Bagi S, tidak apa-apa menerima kemajuan jaman dengan baik jika memang itu hal positif</p> <p>50 S menjelaskan bahwa ia baru mempunyai KTP ketika ia sudah membutuhkan untuk keperluan penting lainnya</p> <p>51 Perihal pembuatan KTP, Perangkat desa setempat bahkan sudah memahami S dan sedulur sikep lainnya.</p> <p>52 S merasa bahwa kehidupan itu luas. Bagi S, kehidupan tak hanya tentang manusia melainkan tentang lingkungan dan hewan</p> <p>53+54 S menilai bahwa kehidupannya cukup simpel dan sederhana. Selain ingin melakukan hal baik, S juga bersyukur dengan apa yang telah ia lakukan. Dan ia tidak ingin</p>
--	---

<p>yo dilakoni asal kui apik⁵³</p> <p>54. Wong sikep iku ya mbak, wonge ki simpel.. sing sederhana wae. Dadi arep piye kehidupanku yo ngeneki, urip sederhana lan bersyukur karo opo sing wis dilakoni. Yo ora nduweni roso pengen sing aneh-aneh dulur sikep ki⁵⁴</p> <p>55. misal nglestarike lingkungan. Dulur sikep iku mati-matian olehe berjuang kanggo mbelo gunung kendeng mbak. Mergone yo opo.. lingkungan iku kan sing ngewenehi menungso kehidupan. Nek alame iki rusak, terus opo sing arep ditingalno ning anak putu? Podo-podo mahkluke gusti kui kudu saling menghargai</p> <p>56. Lha sedulur sikep iku sing udu dulure wae didaku sedulur, opo meneh sedulur dewe.. yo kudu akur lan kudu saling bantu..⁵⁸</p> <p>57. loh yo mbak, urip iku kudu dijalani.. aku yo menikmati uripku. Yo koyo sing tak omong mau loh mbak, urip iku kudu bersyukur. Yen awake dewe ora nyawang wong liyo, misal ora meri karo opo sing di nduweni wong liyo.. kui awake dewe dadi</p>	<p>mempunyai keinginan yang terlalu tinggi.</p> <p>55 S merasa bahwa alam semesta adalah pemberi kehidupan, maka dari itu ia dan sedulur sikep lainnya benar-benar berjuang membela lingkungan. Karena baginya, sesama makhluk Tuhan harus saling menjaga dan menghargai.</p> <p>56 S menuturkan bahwa orang lain saja diakui sebagai saudaranya, apalagi menjaga kerukunan antar saudara sendiri</p> <p>57+58 S merasa bahwa ia mampu merasakan dan menikmati kehidupannya, hal ini dikarenakan ia selalu bersyukur telah diberikan kesehatan. Selain itu ia tidak pernah berkeinginan untuk memiliki apa yang dimiliki oleh orang lain.</p>
---	---

<p>beryukur⁵⁷</p> <p>58. Mergo nyawang awake dewe sing isih dikei sehat, isih iso nglakoni kebecikan. Dadi opo wae sing tak lakoni yo aku ngerasakne⁵⁸</p> <p>59. terutama keluargamu do sehat kewarasan, pengen opo wae awake kan waras kui wis seneng. Mergo tujuane wis ning nggone keapikan⁵⁹.</p> <p>60. Seneng kui yo bedo-bedo, misal aku seneng mbelo kendeng, aku seneng peduli lingkungan, aku seneng tani. Seneng iku akeh dan aku puas karo kesenangan kui..⁶⁰</p> <p>61. Iha makane kui dulur sikep selalu nanemke yen kudu tumindak lan nduweni pitutur sing apik. Kabeh kui balik ning awake dewe-dewe mbak. Nek awake dewe nglakoni hal sing apik, yo koe bakal iso menikmati. tapi nek koe nglakoni hal sing wis kelewat batasan-batasan, yo mengko bakale balik ning awakmu dewe. Wis ancene ngono..⁶¹</p> <p>62. Yo nek aku ditakoni piye tanggungjawab , yo mestine tanggungjawab. Apik elek keputusan sing wis dijupuk, yo</p>	<p>59+60 Bagi S kesehatan keluarganya adalah hal utama, karena dengan begitu ia merasa dapat berbuat kebaikan seperti membela lingkungan dan bekerja.</p> <p>61 S benar-benar menanamkan kepada dirinya untuk berucap dan berperilaku yang baik karena hal baik akan mendatangkan kebaikan, begitu sebaliknya.</p> <p>62 S merasa bahwa setiap keputusan selalu mempunyai resiko. Entah baik ataupun buruk. Dan S bertanggungjawab atas keputusan apa yang ia ambil.</p>
--	--

<p>kudu iso nerimo opo resikone.⁶²</p> <p>63. Koyo wingi mbak, aku tandur brambang terus gagal panen.. yo wis ora opo-opo. Wong aku wis mutusne yen sawahku tak tanduri brambang. Yo aku ora kapok mbak, wis ora opo-opo</p> <p>64. n ek bagine aku sing dadi bagian dulur sikep opo sing pentingne kui yo kudu terus nglakoni kebecikan, apik orane ora mung nggo awake dewe, tapi nggo kabeh dulur sikep.</p> <p>65. A ku dikei sehat waras, aku nek wis sehat kan arep nglakoni opo wae kan iso. Lha tujuanku khususe iku yo iso tumindak apik. Wis lah, nglakoni sing becik marang sepodo, manfaat kanggo wong liyo lan kanggo ibu bumi⁶⁵.</p> <p>66. T ujuanku yo mung kui, tetep kenceng nyekel utowo ngugemi ajarane mbah Samin.</p> <p>67. n gene mbak.. opo sing dikarep iku kan ora seteruse keturunan utowo lancar-lancar wae⁶⁷</p> <p>68. dulur sikep kui ra pernah ambil</p>	<p>63 S dengan ikhlas menerima gagal panennya ketika ia memutuskan untuk menanam bawang merah</p> <p>64 S menerapkan hal-hal baik didalam hidupnya, karena ia merasa baik buruk apa yang ia lakukan bukan untuk dirinya sendiri, melainkan untuk sedulur sikep lainnya</p> <p>65 S bertujuan dalam hidupnya untuk selalu melakukan hal baik dengan sesama manusia, bermanfaat untuk orang lain dan lingkungan</p> <p>66 S juga menerapkan dalam hidupnya untuk memegang erat ajaran dari mbah Samin yaitu tatacara sikep..</p> <p>67 S sadar bahwa tidak semua keinginannya dapat berjalan dengan lancar</p> <p>68 S tidak merasa pusing akan sesuatu yang menghalangi keinginannya. Ia lebih memilih untuk memikirkan jalan keluar dari hal tersebut</p> <p>69 S menjelaskan bahwa ia dan</p>
--	--

<p>pusing mbak, yo misal ono sing ngalang-ngalangi ono kendala yo piye carane golek jalan keluar, golek solusi.⁶⁸</p> <p>69. Kematian iku nek ning dulur sikep arane salin sandang⁶⁹</p> <p>70. Upomo wong nek wis raono uripe, yo golek wadah sing anyar meneh. Dadi golek sandangan liyo⁷⁰</p> <p>71. nek ning ndonya pitutur lan tindak laku ne apik, ya kui nggo sangu nek awake dewe salin sandang. Perilaku apik yo bakale ngunduhe apik, ngono yo sak walike.⁷¹</p> <p>72. Babagan iku yo.. iku kan wis sue , tapi aku diarani yo ora opo-opo. Kari sak butuhe sing arep ngarani kepiye</p> <p>73. Tapi nganti saiki aran-arane mbien yo isih di utik-utik, yo aku ora opo-opo. Ngene lo.. yo mungkin iyo dulur sikep kui mbangkang, jaman mbien nek dulur sikep kon jogo ronda iku ora gelem. Mergo lingkungane dewe wis di jogo dewe-dewe, mergo yo ora ono sing jenenge</p>	<p>sedulur lainnya menyebut kematian sebagai salin sandang</p> <p>70 Bagi S kematian adalah mencari wadah baru.</p> <p>71 S menuturkan jika ucapan dan perilaku manusia didunia baik, maka manusia tersebut akan mengunduh hal-hal baik</p> <p>72 S tidak terlalu memikirkan penilaian orang lain terhadapnya</p> <p>73 S juga tidak menyalahkan penilaian masyarakat luas terhadap dirinya dan sedulur sikep lain, karena memang itu benar adanya di jaman dahulu. Namun, hal itu terjadi dikarenakan alasan-alasan yang baik</p> <p>74 Bagi S semua manusia adalah saudara jika mau diakui saudara, tak sedikitpun ia memandang manusia lainnya sebagai musuh atau hal lainnya</p>
---	--

bedok colong iku raono⁷³.

74. Kabeh wong iku nek ning dulur
sikep didaku sedulur nek gelem
di daku sedulur, dadi yo ora ono
padangan ning wong liyo nek iku
udu dulur ku ngono kui ora
ono.⁷⁴

Informan C

Unit Makna	Deskripsi Unit Makna
<p>1. Nek totocorone tiyang mriki niku nggih, sekolahe ning pondokane dewe. Nek teng pondokane dewe iku kan diajari emoh jrengki, srei, panesten dahwen ngoten teng sedulursikep ki¹</p>	<p>1 T menjelaskan bahwa sekolah formal bukanlah tatacara hidupnya, sekolah yang ia yakini adalah sekolah dengan orangtua mereka tentang kehidupan di rumah.</p>
<p>2. Aku ndek cilik pernah takon karo bapakku , aku takon “ loh pak koncoku do sekolah aku kok ora disekolahke ngono kui?” bapakku mung ngomong nek kui udu totocoromu yo nduk.. ngoten²</p>	<p>2 T menceritakan pengalamannya ketika ia bertanya kepada orangtuanya mengapa ia tidak sekolah formal</p>
<p>3. yo ora opo-opo. Jajal aku takon, koe nek ra sekolah iso ora? Tatanane dulur sikep karo awakmu bedo mbak. Dan kui ora opo-opo .. bedo kui ora opo-opo³</p>	<p>3 T yakin bahwa setiap manusia mempunyai tatacara hidupnya masing-masing, dan itu tidak apa-apa</p>
<p>4. mbah Surondiko ngajarne bedo-bedo kui yo isih sedulur yen gelem didaku sedulur. sekolah iku kan tujuane apik, yo selagi kui apik kan ora ngrugike wong liyo⁴.</p>	<p>4 T percaya bahwa setiap perbedaan mempunyai tujuan yang baik. walaupun berbeda, T tetap akan mengakuinya sebagai saudara jika mau diakui sebagai saudara. 5 T menuturkan bahwa sekolah akan</p>

<p>5. ngopo mbah Surondiko kok ora ngolehi sekolah, mergo wong nek wis sekolah kui ora ono puase. Rasane koyo ono sing kurang-kurang terus, marakne wong kui malah ora bersyukur.. yo ngapuntene, aku ngomong ngene bukan berarti sing sekolah ki wonge ngono yo ora. Pinter nek nggo minteri wong kan yo muspro..⁵</p> <p>6. wong sikep nek babagan buku kui ora kanggo.. yo sekolahe coro pangerten , yen bar dituturi wong tuone kui kudune diiling-iling terus⁶.</p> <p>7. Eee kadang nek bar surup anak do ngumpul kabeh bar mangan, terus dituturi bapake. Jenenge pitutur ning anak ki yo jane ora bedo karo awakmu⁷</p> <p>8. lha kui mbak, HP kui barang cilik tapi pengaruhe yo gede⁸</p> <p>9. Dadi nek bapak ibuku nuturi aku yo ngandel.. lha saiki aku nuturi anakku yo bedo, tantangan bedo mbak..⁹</p> <p>10. yoo walaupun dulur sikep ki</p>	<p>membuat manusia menjadi ambisius dan tidak bersyukur . Namun ia tidak menilai bahwa sekolah itu tidak baik, maka dari itu ia menghindari hal tersebut.</p> <p>6 T menjelaskan bahwa cara ia menyampaikan ajaran sikep kepada anaknya adalah secara lisan dan itu harus selalu di ingat-ingat.</p> <p>7 T yakin bahwa nasehat-nasehat yang ia ajarkan kepada anaknya tidak berbeda dengan masyarakat non-sikep</p> <p>8 Bagi T kemajuan jaman seper Hp merupakan sebuah pengaruh besar bagi ia dan keluarganya</p> <p>9 T merasa bahwa dijamin sekarang merupakan sebuah tantangan baginya dalam mengajarkan ajaran sikep kepada anaknya</p> <p>10 Walaupun T dan sedulur sikep lainnya sudah menerima kemajuan jaman, ia tetap memegang teguh</p>
--	--

wis do nganggo HP, motor lan liya-liyane.. sing penting iku ajarane soko mbah Surondiko tetep di tuturke ning anak-anake¹⁰.

11. Ngene yo mbak, ora kabeh dulur sikep kui apik.. kadang yo ono sing mbanggal , angel tuturane yo ono. Tapi yo wongtuone ora menyerah kanggo nuturi anak-anake mbak.¹¹

12. Nonton TV yo uwis nonton bar, soale aku yo ora mudeng sing dibahas kui mau opo.. tapi saiki kan akih, ono TikTok, ono permainan . durung mengko nek do dolan ngono kae, balik-balik wadul wongtuone “mak e aku mau ngerti apik, aku pengen” lha aku yo nuturi nek kui dudu tocorone awake dewe yo nduk.. sing penting wong tuo iku ora kesel kanggo ngei pitutur ning anak¹².

13. Mergo ngene mbak, mbah Surondiko iku ngajari nek kabeh menungso iku sedulur.. dadi yo sing jenenge rakete peseduluran kui ojo nganti pedot. Nek iso yo tetep

ajaran sikep agar tetap diajarkan kepada anak-anak.

11 T menuturkan bahwa tidak semua sedulur sikep itu baik, namun orangtuanya tidak menyerah untuk tetap menasehati anak-anaknya

12 T merasa kemajuan jaman cukup membawa pengaruh terhadap anaknya, namun ia tidak lelah untuk mengajarkan kepada anaknya bahwa apa yang diinginkannya bukanlah tatacara hidup orang sikep

13 T menjelaskan bahwa yang namanya tali persaudaraan jangan sampai terputus

sesrawungan.¹³

14. Sedulur sikep iku yo kerjaane serabutan mbak. Yo jenenge wong ono sing sedengan, ono sing mampu.. nek gaweane mbendino iku yo tani. Nek ngeneki kan durung wayah ning sawah, yo kadang diajaki sambatan ning sawahe dulur liyane, kadang yo tekan kaliyoso kono mengko sore mulih¹⁴

15. Nek tas kertas iki jipuk soko pabrik, sak olehe nggo ngisi waktu soale urung wayah tandur¹⁵

16. Sambatan ngono kui mengko yo gantian, nggone dulur liyane sing tandur. Koyo misal awakmu wis mulai tandur, terus njaluk tulung aku ngajak sambatan. Suk nek aku tandur, awakmu yo genti sambatan ning aku¹⁶

17. Ngono kui soko musim tandur tekan panen mbak.. yo ora ono upah, kecuali mengko nek di jaluki tulung wong njobo kui lagi dibayar.¹⁷

18. mergo mbah Surondiko pesen yen anak putune ora oleh

14 T sebagai bagian dari sedulur sikeep, mengaku bahwa pekerjaannya sebagai tani yang terkadang juga melakukan pekerjaan serabutan.

15 Selain bertani, T juga melakukan pekerjaan lainnya jika belum memasuki musim bertani

16 T menjelaskan bahwa ia dan sedulur sikep lainnya saling membantu dalam bertani yang disebut sambatan

17 T juga menjelaskan bahwa sambatan tidak ada sistem upah jika sesama sedulur sikep, dan itu dilakukan dari musim tanam hingga panen

18 T mengingat dan melaksanakan pesan dari Mbah Samin bahwa sebagai

dagang kulak. Yo dadine ora ono sing dadi pedagang.. mbahe ki pesen , yo oleh dagang kulak tapi yen tukumu 1000 yo kudu mbok dol 900, di dol 1100 yo ora oleh.¹⁸

19. Nomer siji yo nek wong tuo ngeneki, yo di penging nglakoni jrengki, sreji, dahwen, panesten, kemeren, bedog, colong, pethil, jumpat, sampe nemu wae dipenging¹⁹

20. totocorone wong sikep iku kon sederhana dadi yo ora usah meri yen kancane ndue barang apik. Kadang nek sing diarani nemu emoh kui nek seandaine ning dalan kok eh nemu duit kui yo ojo dijupuk, terus kok lewat omahe wong ono tanduran pelem kok mbok pethil kui yo ora oleh. Tapi nek koe ndue tanduran ko di pethil karo wong kui rapopo, tapi koe ojo nganti pethil nggone wong nek ora ngomong karo sing nduwe. Kui ajaran paling pertama ning sedulur sikep..²⁰

21. Yo benere wong sikep, kadang yo ono sing bangkang juga.. ora kok terus kabeh apik ki ya ora,

sedulur sikep ia tidak diperbolehkan berdagang, kecuali ia dapat menjual lebih murah daripada harga yang ia beli.

19 T menerangkan bahwa ajaran mbah Samin yang utama adalah tidak boleh nakal, dengki, iri, panas hati, mencuri hingga mengakui barang milik orang lain.

20 Bagi T, tatacara hidup sedulur sikep cukup sederhana. Yang penting baginya tidak melakukan apa yang telah menjadi pantangan dalam ajaran sikep

21 T menegaskan bahwa ia dan sedulur sikep lainnya tidak selalu baik. Karena bagi T setiap manusia

<p>kabeh yo ono kurang luwihe. yo kari sing ndi sing iso nglakoni ajaran-ajaran pitutur soko wong tuone. Nek iso nglakoni yo apik, ning nek raiso nglakoni ya wong tuo berusaha terus.. ben piye ngandel iso nglakoni apik²¹</p>	<p>mempunyai kekurangan dan kelebihan. Dan harus tetap ingat serta mengingatkan untuk tetap berbuat baik.</p>
<p>22. K adang yo ono sing rodo angel dikandani, jeneng e wong ki ngene mbak.. sak liyane dulur sikep kok dikandani wong tuo ono sing bangkang, mesti kan tetep wae ono sing apik. Podo wae mbak..²²</p>	<p>22 T percaya bahwa masyarakat non-sikep yang susah diatur, pasti ada beberapa yang mudah diatur. Karena bagi T semua manusia adalah sama</p>
<p>23. Yo coro koyo awake dewe yo, yo nek agamane wong sikep ki adam . kepercayaan iku..²³</p>	<p>23 T mengaku memiliki agama yang bernama adam</p>
<p>24. adam iku kan wong pertama sing ono ning ndonyo.. dadi mbah Surondiko iku pesen yen kabeh iku isih anak turune adam, dadi yo kabeh iku wis dianggep dadi sedulur²⁴.</p>	<p>24 sesuai ajaran sikep, T percaya bahwa semua anak turun adam adalah saudara</p>
<p>25. y o pokoke dituturi soko mbahe , bapak utowo ibuke. Sing penting bener tumindake , mantab mantep kabeh apik angger do rukun. Ibadah yo</p>	<p>25 Bagi T yang penting adalah berperilaku baik dan rukun antar sesama.</p>
	<p>26 Dalam menghargai lingkungan</p>

<p>ning pondokane dewe-dewe²⁵.</p> <p>26. Dadi menungso iku kan kudu saling menghargai yo mbak yo.. ora ngreno liyan lan ojo seneng memungsuhan, kudu tresno pepadane urip. Kudu saling menyayangi, saling bantu, gotong royong²⁶</p> <p>27. Nek dulur sikep iku yo mbak yo.. nek mbelo lingkungan iku tenanan. saiki gunung-gunung do dikeruki, akibate yo akeh tanah longsor, sawah-sawah do digawe pabrik²⁷</p> <p>28. V ong dulur sikep iku yo roto-roto isone tani. Alam iku ibu bumi, ngopo kok ibu? Ibu iku kan ngewenehi kehidupan ning anak, lha ibu bumi kui sing ngewenehi kehidupan ning menungso. Koyo ngono mbak..²⁸</p> <p>29. eeee wong urip kui yo nek iso manfaat kanggo liyane. Aku bersyukur mbak , mergone yo aku nduweni bapak ibu sing terus mituturi aku kanggo nglakoni kebecikan, kui apik.. soale ngene, nek ora ngono mesti aku wis nglewati batasan-</p>	<p>sekitar T merasa bahwa sesama manusia harus saling menghargai, saling menyayangi, saling membantu dan tidak boleh saling bermusuhan</p> <p>27 Membela lingkungan alam bagi T adalah suatu kewajiban yang harus dilakukan dengan sungguh-sungguh</p> <p>28 T percaya bahwa alam lah yang memberikan manusia kehidupan yang disebut sebagai ibu bumi</p> <p>29 T merasa bersyukur atas hidupnya karena memilik keluarga yang selalu mengingatkan akan kebaikan, T juga berusaha untuk dapat bermanfaat untuk orang lain</p> <p>30 Bagi T, kehidupan adalah bagaimana manusia bersyukur dan</p>
---	---

<p>batasan sing ora oleh dilewati²⁹.</p> <p>30. Kehidupan yo ngono kui mbak, selain besyukur yo kudu berjuang..³⁰</p> <p>31. kan kudune tambah dijogo tambah dilestatike. Aku lan dulur liyane yo kudu berjuang kanggo kehidupan anak putuku mbak.. ben do iso ngrasakne howo seger adem, banyu isih mili, lemah isih do subur.. kan kudune menungso kui bersyukur mbak. Mergo kabeh kui gratis, tugase awake dewe opo? Yo njogo opo sing wis diwenehi gratis iku.³¹</p> <p>32. menikmati opo orane yo.. yo urip iku kudu dinikmati mbak. Yen ora menikmati iku jenenge lak ora beryukur mengko.. iyo pora? yo kui malah ora oleh³²</p> <p>33. Mergo menikmati kui, aku dadi seneng, awakmu nek seneng kan iso ngrasakne lan menikmati urip to?³³</p> <p>34. A ku yo ngono, aku mbendinone tani, nguri-nguri ajarane mbah Surondiko.. aku yo seneng aku puas. Mergo nek awake dewe</p>	<p>berjuang atas kehidupannya</p> <p>31 T merasa bahwa alam meberikan semuanya secara gratis. Ia dan sedulur sikep lainnya merasa harus berjuang agar pemberi kehidupan tetap terjaga</p> <p>32 bagi T menikmati hidupnya adalah hal yang harus dilakukan. karena menurut T tidak menikmati kehidupan adalah hal yang tidak boleh</p> <p>33 T merasa bahagia jika ia menikmati kehidupan yang ia jalani</p> <p>34 T merasa senang ketika ia dapat bertani dan tetap memegang ajaran sikep dalam hidupnya. Bagi T jika semua hal dilakukan dengan senang, maka hal beratpun tidak ia rasakan</p>
---	---

<p>kui seneng, kabeh kui ora ono sing abot.. yo ono, tapi nek dilakoni kanti seneng iku yo ora kroso³⁴.</p> <p>35. yo koyo sing tak omong mau, yen awake dewe seneng mesti puas karo opo sing dilakoni³⁵</p> <p>36. Ngene lo... yo ora mesti seneng terus, sedeh yo ono. Tapi yo kudu tetep disyukuri... piye yo mbak.. misal ngene, opo aku sedeh ora sekolah? Yo ora. Mergo aku wis tuturi kawit cilik yen kui udu totocorone³⁶</p> <p>37. Lha totocorone opo? Koyo tani ning sawah.. yo tak lakoni kanti seneng mergo totocoroku ngene³⁷.</p> <p>38. N ergo tatanane awake dewe bedo,lan aku yo ora meri marang awakmu. Aku dadi tani kui wis cukup..³⁸</p> <p>39. Kui udu keputusan.. tapi iku dadi kewajiban, iku kan gawan soko lahir. Aku ngugemi ajarane mbah Surondiko, ora oleh sekolah, ora oleh dagang kulak, ora oleh memungsuhan karo sepodo, kudu seduluran</p>	<p>35 T merasa puas dengan kehidupan yang dijalannya karena ia selalu melakukan suatu hal dengan senang</p> <p>36 T menuturkan bahwa selalu bahagia bukan berarti tidak pernah sedih. Tapi T tetap bersyukur atas apapun yang diterimanya</p> <p>37 T merasa bahagia dapat melaksanakan tatacara sikep dalam kehidupannya</p> <p>38 T tidak merasa iri terhadap orang lain hanya karena tatacara hidupnya dengan orang lain berbeda. T merasa sudah cukup menjadi tani</p> <p>39 T merasa bahwa memegang ajar sikep dalam hidupnya bukanlah sebuah keputusan melainkan sebuah tanggungjawab</p> <p>40 T menuturkan bahwa bentuk tanngungjawab yang ia jalankan adalah bertanggungjawab atas</p>
---	---

<p>apik marang wong liyo.. kui wis dadi kewajiban³⁹.</p> <p>40. Aku iso tani, aku iso genepi kebutuhanku.. iku kan bentuk tanggungjawab sing tak lakoni⁴⁰</p> <p>41. V ong urip iku yo kudu tanggungjawab, wis diwenehi kehidupan gratis, ambekan yo gratis, banyu yo gratis.. lha awake dewe iso njogo kabeh kui, iku yo termasuk tanggungjawab awake dewe dadi menungso sing urip ning ndoyo⁴¹</p> <p>42. opo yo mbak.. kepengenan yo. Nek bab kepengenan iku kan mbendino bedo-bedo yo.. yo kepengenan iku mestine sing apik-apik yo mbak⁴²</p> <p>43. Nek kepengenan mergo “<i>oh kae bar tuku barang apik, aku kok pengen tuku</i>” ngono kui aku ora mbak⁴³</p> <p>44. Pengen ku yo tetep iso nyekel ajarane mbah Surondiko, apik marang kabeh wong, iso manfaat kanggo wong liyo kui wis cukup⁴⁴</p>	<p>hidupnya sebagai petani</p> <p>41 T menuturkan bahwa kehidupan yang telah diberikan kepadanya juga merupakan sesuatu yang harus di pertanggungjawabkan</p> <p>42 T hanya mempunyai keinginan yang baik-baik dalam hidupnya</p> <p>43+44 Bagi T mempunyai keinginan hanya karena iri melihat milik orang lain bukanlah tatacara hidupnya. T hanya ingin tetap menjalankan ajaran sikep dan bermanfaat bagi orang lain</p> <p>45 T akan merasa bahagia jika anaknya dapat memegang ajaran sikep yang telah ia ajarkan kepada anaknya. Bagi T, keinginan cukuplah sederhana saja.</p>
---	---

<p>45. Anakku iso nyekel totocoro sing wis tak tuturi iku aku yo seneng, ben mengko diajarke ning anak-anake. Dulur sikep iku wonge simpel mbak, sing sederhana...⁴⁵</p> <p>46. Nek penting iku kabeh penting mbak.. sing penting iku keluargaku yo aku iku tetep nyekel ajarane mbah Surondiko. Orang nglewati batasan-batasan sing ora diolehi,. Nglakoni hal-hal kebecikan.⁴⁶</p> <p>47. au wis tak omong yo, nek awake dewe nglakoni hal sing apik yo kui ndadike awake dewe seneng. Luwih penting iso terus nuturke ajaran-ajarane mbah ning anak putu yo mbien saiki nganti suk yo tetep dituturke⁴⁷.</p> <p>48. yoo.. urip nek ora nduweni tujuan kan yo ora apik. Dadi yo opo sing dadi tujuan utowo gegayuhan ku yo kui mau. Manfaat kanggo liyo.⁴⁸</p> <p>49. Berarti kan awake dewe karo sepodo iku yo kudu rukun.</p>	<p>46+47 Hal penting dalam hidup T adalah keluarganya, serta dapat memegang teguh ajaran sikep dulu sekarang hingga nanti.</p> <p>48 T menuturkan bahwa tidak mempunyai tujuan bukanlah hal bagus, maka T bertujuan agar dapat bermanfaat bagi orang lain</p> <p>49 Bagi T dan sedulur sikep lain, antar sesama manusia merupakan saudara jika mau diakui sebagai saudara.</p>
---	--

<p>Makane sedulur sikep marang wong kabeh yo dianggep sedulur. Koyo awakmu, awakmu omahe Purwodadi, yo sekolah, yo islam.. awakmu yo tetep tak anggep dadi sedulurku mbak. Nek awakmu gelem tak daku dadi sedulur.⁴⁹.</p> <p>50. ngertiku kabeh iku dianggep sedulur karo dulur sikep. Yo bedo-bedo, tapi yo ora opo-opo.. menungso iku dudukane podo kabeh. Sing bedakno iku pitutur lan tindak laku sing serakah.⁵⁰</p> <p>51. nek hal ngono kui kan mesti kabeh wong ngrasakne yo.⁵¹</p> <p>52. Yo koyo aku, aku tandur hasil panene kok apik.. kadang yo ngrasakne gagal panen mbarang. Tapi ora opo-opo.. yo ngrasakne gagal panen mbarang. Ora kabeh sing di pengeni iku opo yo .. dalane mulus ngono kadang yo ora mbak. Yo ono cobone mbarang..⁵²</p> <p>53. Salin sandang iku yo podo wae.. kabeh menungso iku bakale salin sandang.⁵³</p>	<p>50 T merasa bahwa semua manusia itu sama, yang membedakan hanyalah cara berucap dan perilaku yang serakah</p> <p>51 T merasa jika manusia pastinya pernah merasakan kegagalan dalam hidupnya.</p> <p>52 T menceritakan bahwa ia pernah gagal panen, bagi T itu sebuah ujian yang harus dilewatinya karena T percaya bahwa hidup manusia memang penuh cobaan</p> <p>53 T menyebut bahwa di sedulur sikep kematian disebut sebagai salin sandang, bagi T semua manusia akan mengalami kematian</p> <p>54 T menjelaskan bahwa salin sandang adalah proses manusia berganti wadah yang baru. Dan semua yang dilakukan manusia di dunia sudah pasti harus dipertanggungjawabkan sesuai ucapan dan perilakunya.</p> <p>55 T merasa bahwa hidup di dunia</p>
--	--

<p>54. salin sandang iku ganti raga, ganti wadah nek dulur sikep ngarani mbak. Yo podo wae, wong nek nglakone kebecikan opo sewalike , mengko ditanggungjawabke ning gusti</p> <p>55. u rip ning ndonyo iku yo butuh bekal yo ibarate, salin sandang yo podo. Aku diajari tatanan urip sikep kanggo bekalku urip ning ndonyo, aku diajari kebecikan miturut sikep yo kanggo ditanggungjawabke marang gusti. Menurutku babagan iki ora bedo karo awakmu..⁵⁵</p> <p>56. Masyarakat iku kan yo weruhe dulur sikep iku ngeyelan yo, ngomong opo onone. Yo mergo mbah Surondiko ngajari jujur mbak.. ora oleh ngapusi. Ora gelem njajah lan ora gelem dijajah⁵⁶</p> <p>57. Yo kui, ono tamu kok ngatur-ngatur sing nduwe omah. Iku jenenge ora pas, tindak laku sing serakah.. yo dulur sikep bangkang , yo ngeyel iku kan karo londo⁵⁷</p>	<p>harus mempunyai bekal agar dapat hidup dengan baik dan dapat mempertanggungjawabkan nya kepada Tuhan ketika salin sandang</p> <p>56 T merasa bahwa ia dan sedulur sikep lainnya memang ngeyel dan membantah, namun hal itu ia lakukan untuk hal-hal baik</p> <p>57 T menjelaskan bahwa membangkangnya orang sikep dikarenakan tidak suka dengan orang-orang yang menjajah dan berperilaku serakah</p> <p>58 T tidak terbebani dengan penilaian orang lai terhadapnya. T akan merasa senang jika orang lain datang dan bertanya secara langsung tentang bagaimana kehidupan T dan sedulur sikep lainnya</p>
---	---

58. Semenjak merdeka, dulur sikep yo manut karo aturan pemerintah mbak.. tapi yo aranane iku mau isih nganti saiki. Yo ora opo-opo mbak.. arep sak unine ora opo-opo. Nek arep do dolan ning lingkup sikep, arep takon-takon yo tak jawab koyo awakmu ngeneki. Tetep tak daku dadi sedulur mbak..⁵⁸

Informan D

Unit Makna	Deskripsi Unit Makna
<p>1. ngapunten yo mbak, dulur sikep iku yen ditakoni umur jawabe yo siji kanggo sak lawase¹.</p>	<p>1 N menerangkan perihal umur di sedulur sikep adalah satu untuk selamanya</p>
<p>2. Tujuane yo kanggo ngeraketke seduluran²</p>	<p>2 N menceritakan bahwa baru saja bertemu sedulur sikep lainnya, bagi N pertemuan ini membuat dirinya dan sedulur sikep lain saling mempererat tali persaudaraan</p>
<p>3. ora sekolah formal. Ambako ora sekolah formal, dulur sikep iku iso macapat , iso nembang dulur sikep mbak.. nabuh gamelan, terus yo batik mbarang³..</p>	<p>3 N menjelaskan bahwa ia tidak bersekolah formal, meskipun begitu ia dapat menabuh gamelan, membuatik dan membaca macapat</p>
<p>4. Dipituturi jenenge, diajari pitutur sing apik, tindak laku sing apik ya diajari gawean ning omah</p>	<p>4 N menuturkan bahwa konsep berlajar di sedulur sikep adalah tentang ajaran untuk berbicara yang baik, berperilaku baik dan belajar pekerjaan rumah.</p>
<p>5. Menungso iku sing diiling suarane, ora rupane. Soko iku menungso kudu nduweni pitutur sing apik.. ora oleh cidro ing janji, ra oleh ngapusi, kudu</p>	<p>5 Sesuai ajaran sikep, bagi N manusia itu yang diingat adalah bicaranya tidak mukannya. Maka dari itu N harus dapat berbicara jujur dan tidak mengingkari janji</p>

<p>jujur⁵.</p> <p>6. opo yo... yo ora oleh sekolah, ora oleh seneng memungsuhan, ora oleh nyio marang sepodo</p> <p>7. awake dewe iku lak kabeh anak turune Adam, podo-podo anak turune iku kudu rukun ora oleh podo memungsuhan. Kudu tresno pepadane urip⁷</p> <p>8. lha iku oleh kejobo awake dewe dodol hasil keringete dewe koyo hasil panen iku oleh⁸.</p> <p>9. Yo oleh, tapi mbah Samin mitutur yen kulakanmu 1000 yo koe kudu dodol 900, ora oleh luwih soko kui.. kan yo rugi nek ngono kui, yo iku pitutur aluse yen sakjane dulur sikep mboten pareng dagang kulak⁹</p> <p>10. Walaupun ngono, wong sikep yo tetep butuh wong dagang kanggo tuku-tuku nyukupi kebutuhan liyane¹⁰.</p> <p>11. Yo kabeh kui wis ancene koyo ngono, kudu saling melengkapi¹¹</p> <p>12. Yo apik, kari sing nglakoni</p>	<p>6 Berdasarkan ajaran sikep. N menjelaskan selain tidak bersekolah, N juga menerapkan untuk tidak saling bermusuhan antar sesama serta tidak mendzolimi orang lain.</p> <p>7 N menuturkan bahwa semua manusia adalah anak turun Adam, sesama anak turun Adam tidak boleh saling bermusuhan dan harus saling menyayangi sesama makhluk</p> <p>8+9 N menjelaskan bahwa sesuai ajaran sikep, ia dan sedulur sikep lainnya tidak bekerja sebagai pedagang. Dikarenakan N harus menjual dengan harga lebih murah dari harga yang ia beli. Maka dari itu N bekerja sebagai petani yang menjual hasil keringatnya sendiri.</p> <p>10+11 N merasa bahwa ia tetap membutuhkan pedagang untuk melengkapi kebutuhannya yang lain. bagi N , memang seharusnya antar sesama manusia harus saling melengkapi</p> <p>12+13 N menilai bahwa sekolah</p>
--	---

<p>kepiye.. sing penting tanggungjawab¹²</p> <p>13. wong sekolah yo tujuane kan apik, iso do dadi pegawai, guru, dadi dokter. Sing penting, pitutur lan tindak lakune iku apik¹³.</p> <p>14. Urip iku kan bermasyarakat, yo piye carane awake dewe iku iso saling menungsake menungso arep pintero koyo ngopo ojo nganti minteri wong liyo¹⁴</p> <p>15. yo apik.. Sedulur sikep iku nggih mbak, walaupun adate bedo, agomone bedo, totocoro uripe bedo iku ora nduweni roso beda-bedake senjata ono roso gelo opo ora. Kabeh iku sedulur mbak..yen gelem didaku sedulur¹⁵.</p> <p>16. O ra ono kok “totocoro uripmu bedo karo aku, ora sedulurku” terus kok dadi memungsuhan iku ora ono. Ora pareng ngono iku. Kudu saling menyayangi siji lan sijine¹⁶.</p> <p>17. agama yo mbak.. sikep iku agamane adam. Mergo agama adam iku ora ono pilihane ning Indonesia, dadi yo ning KTP ora</p>	<p>formal adalah hal baik serta mempunyai tujuan yang baik, yang terpenting adalah bertanggung atas sekolahnya serta dapat berucap dan berperilaku baik.</p> <p>14 Bagi N hidup bermasyarakat harus mampu untuk memanusiakan manusia. Sepintar apapun manusia, jangan sampai memintari manusia lainnya.</p> <p>15+16 N menganggap semua manusia adalah saudara, meskipun berbeda adat, agama serta tatacara hidup N tetap tidak membedakan meski wajar setiap manusia memiliki rasa kecewa. N merasa harus saling menyayangi satu sama lain</p> <p>17+18 N menjelaskan bahwa agama yang di yakiniya adalah agama Adam. pilihan agamanya memang tidak ada di Indonesia, naum N tidak</p>
--	---

<p>ditulis dikosongi¹⁷</p> <p>18. Ning yo ora opo-opo, mergo agama keyakinan iku kan privasi, sing ngerti mung menungso kui karo Gusti. Keyakinan iku ning ati, dadine yo ora ono sing ngerti¹⁸</p> <p>19. N gopo kok aku ngomong walaupun agomone bedo, tetep ora dibedak-bedakne.. mergo kui urusanmu karo Gusti. Urusanku karo menungso, mergo kui awake dewe kudu nduweni tindak laku sing apik. . arep agomomu opo, sing penting koe iso nglakoni opo sing dadi kewajiban ning agomomu¹⁹.</p> <p>20. iyo tani mbak, yooo nek lagi ora musime ning sawah yo iso mergawe liyane²⁰</p> <p>21. Kok wis ora ono gawean, wis leyehe-leyeh yo nyekel iki nggo samben²¹</p> <p>22. Urip ning ndeso ki ra kurang-kurang mbak</p> <p>23. Mergo kabeh iku dianggep sedulur, koncoku yo akeh. Ora mung soko dulur sikep tok..</p>	<p>mempermasalahkan itu karena bagi N keyakinan adalah hal privasi. Hanya manusia sendiri itulah yang mampu merasakan Tuhan di dalam hatinya</p> <p>19 Bagi N, agama adalah urusan manusia itu sendiri dengan Tuhannya. Sedangkan N merasa bahwa urusannya hanya dengan manusianya, maka dari itu ia tidak membeda-bedakan manusia berdasarkan agamanya. Yang terpenting adalah manusia dapat melakukan apa yang seharusnya dilakukan didalam agamanya</p> <p>20+21 N menjelaskan bahwa pekerjaannya sebagai tani, ia juga menunjukkan bahwa ia mempunyai semangat kerja yang tinggi</p> <p>22 N merasa bahwa hidup di desa tidak kekurangan, karena ia dapat mendapat semuanya secara langsung dari alam</p> <p>23 N mengaku bahwa ia mempunyai banyak teman yang dianggapnya sebagai saudara, dari lingkungan sikep maupun luar lingkungan sikep</p>
---	--

<p>ketemu dulur sikep soko liyo daerah iku yo lagi ndek Maret iku²³.</p> <p>24. Sing pasti yo menghargai lingkungan, onone ono menungso iku kan ora adoh-adoh soko lingkungan. Dadi nek nglindungi lingkungan ya tenanan.²⁴</p> <p>25. Ngeyele iku mergo kanggo belo lingkungan, lingkungan iki yo ora mung kanggo dulur sikep tok.. ning yo kanggo kabeh masyarakat luas. Ngeyele kan kanggo lingkungan, ben lingkungan iki ora do dirusak. Ngeyele kanggo njogo sing jenenge ibu bumi sing uwis ngewenehi menungso kehidupan.²⁵</p> <p>26. y oo kehidupanku piye yo. Yo ngene iki mbak, yo tani yo batik yo kadang melu latihan macapat. Sing penting iku tetep iling marang ajarane mbah Samin, tetep nduweni tindak laku apik.. yoo nglakoni hal sing apik-apik.²⁶</p> <p>27. Menikmati iku awake dewe ngroso atine seneng yo.. yo nek</p>	<p>24 Dalam menghargai lingkungan, N merasa ia harus benar-benar menjaga lingkungan alam. Karena bagi N, manusia tidak dapat jauh dari lingkungan</p> <p>25 N menuturkan, bahwa kengeyelannya dan sedulur sikep lain guna membela lingkungan alam yang telah dirusak oleh manusia sendiri. N menganggap bahwa lingkungan adalah ibu bumi yang telah memberikan kehidupan kepada manusia</p> <p>26 dalam menilai kehidupan, N merasa hidupngya sudah memang seperti itu adanya. Yan terpenting baginya ia masih berani membatik, latihan macapat serta masih dapat memegang ajaran sikep serta melakukan hal-hal baik</p> <p>27+28 N menikmati hidupnya ketika ia merasa hatinya bahagia. Bagi N, bahagia cukup sederhana dengan memenangkan penolakan pabrik semen. N merasa bahwa</p>
--	--

<p>diarani menikmati ora yo aku aku menikmati²⁷</p> <p>28. Senenge dulur sikep iku sederhana mbak.. iso berjuang kanti menang nolak pabrik semen iku wis seneng. Dulur sikep iku ora ngoyo, yo berjuange kanggo lingkungan.²⁸</p> <p>29. Koyo awakmu, nganggo sandangane kok apik.. yowis mung apik, ning aku yo ora kepengen. Mergo awake dewe nduweni totocoro sing bedo, dulur sikep niku sederhana..²⁹</p> <p>30. Wong urip nek ora puas karo opo sing dilakoni iku yo piye yo mbak.. jenenge dilakoni kanti seneng iku yo berarti awake dewe ngeroso puas karo opo sing ditumindak³⁰</p> <p>31. Tapi yo ojo dadi wong sing cepet puas, mengko ndak ora nduweni tujuan. Ora nduweni tujuan iku yo ora apik mbak³¹..</p> <p>32. yo aku nduweni gegayuhan, ambako ora sekolah formal dulur sikep iku yo nduweni cita-cita mbak.. nduweni gegayuhan sing pengen digayuh, gegayuhane dulur sikep iku yo benerke tindak laku lan benerke</p>	<p>ia tidak berkeinginan dalam hal lain, kecuali berjuang demi lingkungan</p> <p>29 N tidak merasa iri ataupun ingin memiliki apa yang dikenakan oleh orang lain. karena N tau bahwa tatacara hidupnya dengan orang lain berbeda</p> <p>30 N merasa bahwa hidup harus dijalani dengan senang hati, dengan begitu N dapat merasakan kepuasan dalam kehidupannya</p> <p>31 Bagi N, cepat puas juga tidak baik. Hal itu akan menghilangkan tujuan hidupnya, dan itu tidak baik.</p> <p>32 N menuturkan bahwa ia juga mempunyai cita-cita meskipun ia tidak bersekolah formal. Ia berkeinginan untuk membenarkan ucapan dan perilaku untuk dirinya sendiri maupun untuk orang lain</p>
--	--

